

देशक गप गामक भाषा मे

समदिया मिथिला

समदिया मिथिला

कार्तिक, अमावस्या, संवत् : 2083

देशक पहिल मैथिली दैनिक



दीपावलीक हार्दिक शुभकामना

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 59 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00

दीपावलीक हार्दिक शुभकामना

पाठक बंधु, विज्ञापनदाता आ हॉकर लोकनि कें दीपोत्सवक पाबनि दीपावलीक हार्दिक शुभकामना। अपने लोकनि कें जनतब दी जे दीपावलीक अवसर पर 08 नवंबर 2026 कें समदिया मिथिला कार्यालय मे अवकाश रहत। फलस्वरूप अपने लोकनि कें समदिया मिथिलाक अगिला अंक 10 नवंबर सं प्राप्त होयत।

मिथिलाक दिया-बाती मे आइयो जीवंत अछि 'उल्का भ्रमण' केर परंपरा

एक नजरि

30 नवंबर सं 4 दिसंबर धरि चलत विधानमंडलक शीतकालीन सत्र

पटना : बिहार विधानमंडलक शीतकालीन सत्र 30 नवंबर (सोमदिन) सं शुरू भए 4 दिसंबर (शुक्रदिन) धरि चलत। राज्यपालक स्वीकृति भेटलाक बाद विधानसभा सत्रक अधिसूचना जारी कए देने अछि। सत्रक पहिल दिन वित्तीय वर्ष 2026-27 केर दोसर अनुपूरक बजट पेश कयल जायत। शोक प्रस्तावक बाद सदनक कार्यवाही स्थगित भए जायत। 1 आ 2 दिसंबर के राजकीय विधेयक आ अन्य सरकारी काज होयत। 3 दिसंबर कें अनुपूरक बजट पर चर्चा आ ओकरा पारित कराओल जायत। 4 दिसंबर कें गैरसरकारी संकल्प पर चर्चा होयत। 30 नवंबर छोड़ि शेष चारि दिन प्रश्नकाल आ ध्यानाकर्षण होयत। छोट सत्र रहितो बाढ़ि, बढ़ैत अपराध आ घोटालाक मुद्दा पर विपक्ष द्वारा हंगामाक आशंका अछि।

- **गोसाईं घरक पूजा, हुक्का-लोली उक्का-पाती आ सूप पीटि दरिद्रता भगेबाक परंपरा मे झलकैत अछि मिथिलाक विशिष्ट सांस्कृतिक स्वरूप**

डॉ. राघव नाथ झा

दीपावली पर दीप जरायब आ लक्ष्मी-गणेशक पूजा करब देशभरि मे प्रचलित परंपरा अछि, मुदा मिथिला मे एहि पर्व सं जुड़ल किछु एहन लोकपरंपरा सेहो अछि, जे एकरा विशिष्ट पहिचान दैत अछि। दीपावलीक राति एतय जरैत उल्का लए कए भ्रमण किएक कयल जाइत अछि? हुक्का-लोली परंपराक की महत्त्व अछि? अगिला भोर महिला सभ सूप पीटि दरिद्रता कें घर सं बाहर करबाक कामना किएक करैत छथि? एहि परंपरा सभ मे मिथिलाक धार्मिक आस्था, पितरक प्रति श्रद्धा आ सुख-समृद्धिक लोककामना समाहित अछि।

मिथिला मे दीपावलीक अवसर पर सभ सं पहिने घरक गोसाईं घर अर्थात कुलदेवताक पूजास्थल पर विशेष पूजा-अर्चना कयल जाइत



अछि। एकर संग घरक मुख्य दरबज्जा, आंगन, तुलसी चौड़ा, दलान आ अन्य स्थान पर दीप जराओल जाइत अछि। गोसाईं घरक पूजा परिवारक परंपरा आ पूर्वज सभ सं जुड़ल संस्कारक स्मरण करबैत अछि।

दीपावलीक राति मिथिला मे उल्का भ्रमणक परंपरा प्रचलित अछि, जकरा स्थानीय बोली मे उक फेरब अथवा उक्का-पाती कहल जाइत अछि। खढ़, संठी आ पटुआ आदि सं बनाओल उल्का जरा कए घरक चारू कात घुमाओल जाइत अछि। लोकमान्यता अछि जे महालय आ पितृपक्षक दौरान आएल पितर सभ कें एहि प्रकाशक माध्यम सं विदाइ देल जाइत अछि। एहि अवसर पर परंपरागत उल्का भ्रमण मंत्रक पाठ सेहो कयल जाइत अछि।

एहि मंत्रक भाव पितृपक्ष मे आएल ज्ञात-अज्ञात पितर सबहक प्रति श्रद्धा प्रकट करैत हुनकर मंगलमय प्रस्थानक कामना करब अछि। मंत्रक पाठ मे क्षेत्रीय आ परंपरागत पाठभेद सेहो भेटैत अछि। बच्चा सभ मे हुक्का-लोली परंपरा कें लए कए विशेष उत्साह रहैत अछि। पुरान कपड़ा सं बनाओल जरैत गेंद अथवा मशाल लए बच्चा सभ एहि खेल मे भाग लैत छथि। ई मिथिलाक दीपावली सं जुड़ल विशिष्ट लोकपरंपरा अछि।

दीपावलीक दोसर दिन भोर मे दरिद्र खिहाड़बाक परंपरा निभाओल जाइत अछि। महिला सभ संठी सं सूप पीटैत कहैत छथि,अन्न-धन लक्ष्मी घर आऊ, दरिद्रा बाहर जाऊ। एहि माध्यम सं घर मे अन्न, धन, सुख आ समृद्धिक आगमन तथा दरिद्रताक निष्कासनक मंगलकामना कयल जाइत अछि।

मिथिलाक ई परंपरा सभ बतबैत अछि जे दीपावली मात्र दीप आ सजावट तक सीमित पर्व नहि अछि। एहि मे पितरक प्रति सम्मान, कुलदेवताक आराधना, लोकजीवनक सहज अभिव्यक्ति आ परिवारक सुख-समृद्धिक कामना एक संग समाहित अछि। बदलैत समय मे एहि परंपरा सभ कें बुझब आ अगिला पीढ़ी धरि पहुंचायब हमर सभक सांस्कृतिक दायित्व अछि।



पुलिस जवानक अपहरण कए निर्मम हत्या, दरधा नदी मे फेकल गेल शव

- **मादक पदार्थक तस्कर सभ पर हत्याक आरोप**
- **गश्तीक क्रम मे रहस्यमय ढंग सं लापता भए गेल छलाह टाइगर जवान धनेश्वर यादव**

जहानाबाद, समदिया

जहानाबाद जिला मे स्मैक तस्कर सभक मनोबल एतेक बढ़ि गेल अछि जे ओ कानूनक रक्षक पुलिस जवान कें निशाना बना लेलक। नगर थाना मे तैनात टाइगर मोबाइल जवान धनेश्वर यादवक हत्या कए हुनक शव दरधा नदी मे फेकि देबाक सनसनीखेज मामिला सोझां आएल अछि। घटनाक बाद पूरा पुलिस विभाग मे हड़कंप मचल अछि। पुलिसकर्मी सभक बीच शोकक लहरि दौड़ि गेल अछि। घटनाक संबंध मे भेटल जानकारीक अनुसार, बृहस्पतिक सांझ जवान धनेश्वर यादव नगर थाना क्षेत्रक एसएस कॉलेज इलाका मे मादक




पदार्थक तस्कर सभक विरुद्ध छापेमारी करबाक लेल निकलल छलाह। एहि दौरान रहस्यमय परिस्थिति मे ओ लापता भए गेलाह। हुनका तकबाक लेल पुलिसक कतेको टीम लगातार प्रयास कए रहल छल। अंततः शनिदिन काको थाना क्षेत्रक नदियावां गाम लग दरधा नदी सं हुनकर शव बरामद कयल गेल। मृतक जवान मूल रूप सं आरा जिलाक निवासी छलाह।

घटनाक सूचना भेटिते मगध रेंजक आइजी विकास वैभव, एसपी कोटा किरण कुमार, एएसपी मनोज पांडेय आ एसडीपीओ अनिकेत कुमार द्विवेदी भारी पुलिस बलक संग घटनास्थल पर पहुंचलाह। अधिकारी सभ घटनास्थलक गहनता सं निरीक्षण कयलनि। जांच लेल फॉरेंसिक टीम कें सेहो बजाओल गेल। पुलिस घटनास्थल सं जवानक सरकारी पिस्तौल, मोबाइल फोन आ पर्स बरामद कयलक।


चारि आरोपी गिरफ्तार, पूछताछ जारी

घटनाक संबंध मे एसपी कोटा किरण कुमार बतौलनि जे टाइगर मोबाइल जवानक हत्या कयल गेल अछि। एखन धरि एहि मामिला मे चारि गोटे कें गिरफ्तार कए पूछताछ कयल जा रहल अछि। शव कें पोस्टमार्टम लेल पठा देल गेल अछि। पुलिस पूरा घटनाक गंभीरतापूर्वक जांच कए रहल अछि आ अन्य संभावित आरोपी सभक गिरफ्तारी लेल लगातार छापामारी कयल जा रहल अछि। घटनाक संबंध मे एसपी कहलनि जे टाइगर मोबाइल जवानक हत्याक मामिला मे पुलिस एखन धरि चारि गोटे कें गिरफ्तार कयने अछि।











बिहारक डिस्टिलरी सभ कें दोसर राज्य मे सेहो एथनॉल बेचबाक भेटत छूट, सरकार तय कएलक नव शर्त

पटना, समदिया

बिहार मे एथनॉल उत्पादन करय बला डिस्टिलरी सभ लेल दोसर राज्य मे कारोबारक रास्ता खुजि गेल अछि। आब ई डिस्टिलरी सभ राज्यक बाहरक तेल कंपनी आ अन्य औद्योगिक इकाई सभ कें सेहो एथनॉलक आपूर्ति कए सकत। एहि लेल राज्य सरकार डिनेचर्ड अल्कोहल अर्थात मानव उपभोगक अयोग्य बनाओल गेल अल्कोहलक बिक्री आ आपूर्ति सं जुड़ल नव व्यवस्था कें मंजूरी देने अछि।



नव व्यवस्था कें अंतर्गत औद्योगिक उपयोग लेल पठाओल जाय बला एथनॉल मे भारतीय मानक ब्यूरो (बीआईएस) द्वारा निर्धारित मानकक अनुसार 12 तरहक रसायन मिलेनाइ अनिवार्य होयत।एकर उद्देश्य एथनॉल कें मानव उपभोगक अयोग्य बनायब आ ओकर औद्योगिक उपयोग सुनिश्चित करब अछि। मद्यनिषेध, उत्पाद एवं निबंधन विभाग एहि संबंध मे संकल्प जारी कए देने अछि। सरकार एथनॉलक आपूर्ति लेल सख्त शर्त निर्धारित केने अछि। राज्यक बाहरक जाहि कंपनी कें औद्योगिक उपयोग लेल एथनॉल मंगाबय पड़त, ओकरा सक्षम प्राधिकार द्वारा जारी आयात परमिट प्रस्तुत करय पड़त। एहि परमिटक आधार पर बिहारक डिस्टिलरी सभ ओकरा एथनॉलक आपूर्ति कए सकत।

एथनॉलक ढुलाई जीपीएस लागल टैंकरक माध्यम सं कयल जायत। राज्यक सीमा सं बाहर जाय बला सभ टैंकर कें एस्कॉर्टक निगरानी मे पठायब अनिवार्य होयत। एकर अतिरिक्त एस्कॉर्ट वाहनक पाछू चलय बला टैंकर सभक वीडियो रिकॉर्डिंग सेहो कयल जायत, जाहि सं परिवहनक पूरा प्रक्रिया पर नजरि राखल जा सकए। एथनॉलक आपूर्ति करय बला डिस्टिलरी सभ कें उत्पाद विभाग सं एक्साइज वेरिफिकेशन सर्टिफिकेट (ईवीसी) लेबय पड़त। ओतहि, औद्योगिक उपयोग लेल एथनॉल खरीदय बला कंपनी सभ कें एकर दुरुपयोग नहि होयबाक शपथपत्र देबय पड़त। विभाग द्वारा निर्धारित मानक संचालन प्रक्रिया (एसओपी) कें पालन करब सेहो सभ संबंधित इकाई लेल अनिवार्य होयत।

सरकारक एहि निर्णय सं बिहारक डिस्टिलरी सभ कें राज्यक बाहर सेहो खरीदार भेटताह। एहि सं हुनकर कारोबारक दायरा बढ़त आ उत्पादन क्षमता कें नीक तरीका सं उपयोग करबाक अवसर भेटत। औद्योगिक मांग बढ़ला पर एथनॉल उत्पादक सभ कें नव बाजार तक पहुंच बनाबय मे मदद भेटत।

नव व्यवस्था सं औद्योगिक कारोबारक विस्तार होयबाक उम्मीद अछि, मुदा सरकार स्पष्ट केने अछि जे एकर उपयोग शराबबंदी कानून कें प्रभावित करय बला कोनो उद्देश्य लेल नहि होयबाक चाही।

एथनॉलक बिक्री, आपूर्ति आ परिवहन मे निर्धारित सुरक्षा मानक तथा उत्पाद विभागक नियमक सख्ती सं पालन करय पड़त।

मुख्यमंत्री कहलनि जे 25 नवंबरक बाद ओ विभिन्न जिला सभक दौरा करताह। 16 नवंबरक बाद विकास काज पर विशेष ध्यान दैत योजना सभक क्रियान्वयनक नियमित समीक्षा कयल जायत।

मुख्यमंत्री अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे सभ काज पूरा गंभीरता, जवाबदेही आ समयबद्धता संग पूरा करथि, जाहि सं बिहार मे सुशासन, सुरक्षा आ विकासक गति लगातार तेज भए।

मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत आ पुलिस महानिदेशक प्रीता वर्मा विधि-व्यवस्थाक तैयारीक संबंध मे मुख्यमंत्री कें विस्तृत जानकारी देलनि। विधि-व्यवस्था नीक बनौने रखबाक लेल 16,000 प्रशिक्षु पुलिसकर्मी, 1,500 पीटीसी, होमगार्ड आ रैपिड एक्शन फोर्सक अतिरिक्त तैनाती कयल गेल अछि। बैसार मे शासनक वरिष्ठ अधिकारी उपस्थित छलाह।

बिहार बोर्ड मे राजेश कुमार संभारलनि अध्यक्ष पदक जिम्मेदारी

लंबित मामिला सभक निपटारा आ परीक्षा सुधारक देलनि निर्देश

पटना, समदिया

पटना प्रमंडलक आयुक्त राजेश कुमार बिहार विद्यालय परीक्षा समिति (बिहार बोर्ड)क अध्यक्ष पदक जिम्मेदारी संभेलाक बाद परीक्षा आ प्रशासनिक काजकाजक समीक्षा कएलनि। 2001 बैचक आईएएस अधिकारी राजेश कुमार वरीय पदाधिकारी सभक संग बैसार कए प्रस्तुतीकरणक माध्यम सं परीक्षा संचालन, एजेंसी सभक चयन आ लंबित मामिला सभ पर चर्चा कएलनि।

ओ कहलनि, परीक्षा व्यवस्था मे पारदर्शिता, निष्पक्षता आ कड़ा निगरानी सर्वोच्च प्राथमिकता अछि।ह्व लापरवाही भेटला पर दोषी कर्मी सभ पर सख्त कारबाइक निर्देश देलनि। समिति कें एक महीनाक भीतर व्यवस्थागत कमी सभक पहचान कए ओकरा दूर करबाक आ सभ लंबित मामिला सभक निष्पादन करबाक लेल कहलनि।

इंटरमीडिएट आ मैट्रिक वार्षिक परीक्षा 2027 लेल फॉर्म भरबा सं वंचित विद्यार्थी सभ कें 10 दिनक आखरी अवसर देल गेल अछि। ई अवसर 7 सं 17 नवंबर 2026 तक रहत। एक शिक्षा विशेषज्ञक अनुसार, एहन अवसर सं पात्र छात्र परीक्षा देबा सं वंचित रहबा सं बचताह। ओतहि एक अभ्यर्थी कहलनि जे स्पष्ट समय-सीमा रहला सं तैयारी आ आवेदन दुनू आसान होयत।

न्यायालय मे लंबित मामिला आ एमजेसी मामिला सभक समीक्षा करबाक निर्देश देल गेल। परीक्षा काज मे लागल एजेंसी सभ सं ब्लैकलिस्ट नहि होयबाक एनओसी लेबाक लेल सेहो कहल गेल। एकर संगहि स्कूल पुस्तकालयाध्यक्ष पात्रता परीक्षा 22 नवंबर 2026 कें आयोजित करबाक सूचना प्रकाशित करबाक निर्देश देलनि।

राज्य मे पहिल बेर एमडी इमरजेंसी मेडिसिनक पढ़ाइ, आईजीआईएमएस मे पीजीक 30 सीट बढ़ल

पटना, समदिया

राष्ट्रीय आयुर्विज्ञान आयोग (एनएमसी) पटना स्थित आईजीआईएमएस मे 30 अतिरिक्त पीजी सीट कें मंजूरी देने अछि। एहि मे एमडी इमरजेंसी मेडिसिनक 4 सीट शामिल अछि। बिहार मे एहि विषयक पढ़ाइक शुरूआत पहिल बेर होयत।

आईजीआईएमएस मे एमडी फिजिकल मेडिसिन एंड रिहैबिलिटेशनक नव कोर्स सेहो शुरू होयत। एहि लेल 2 सीट भेटल अछि। दुनू नव कोर्स मे कुल 6 सीट अछि।

शेष 24 सीट 8 पुरान विभाग मे बढ़ाओल गेल अछि। एहि सं मेडिकल पढ़ाइ पूरा कए चुकल 30 अतिरिक्त डॉक्टर कें विशेषज्ञ बनेबाक अवसर भेटतनि।

इमरजेंसी मेडिसिन कोर्स मे डॉक्टर सभ कें सड़क दुर्घटना, हार्ट अटैक, ब्रेन स्ट्रोक आ सांस लेबा मे गंभीर परेशानी जेकां स्थिति मे रोगी कें तत्काल इलाज देबाक आ हुनकर स्थिति संभालबाक प्रशिक्षण देल जायत।

अस्पतालक इमरजेंसी मे हर दिन गंभीर स्थिति मे रोगी पहुंचैत छथि। शुरूआती जांच, समय पर इलाज आ रोगीक स्थिति संभालब बहुत जरूरी होइत अछि। पीजी पढ़ाइ आ प्रशिक्षण पूरा भेलाक बादे अस्पताल सभ कें एहि विशेषज्ञ डॉक्टरक सेवा भेटतनि।

लकवा आ गंभीर चोटक रोगी कें सेहो भेटत लाभ

दोसर नव कोर्स एमडी फिजिकल मेडिसिन एंड रिहैबिलिटेशन शुरू होयत। एहि लेल 2 सीट स्वीकृत कयल गेल अछि। एहि विषयक विशेषज्ञ लकवा, रीढ़क चोट, नस आ मांसपेशी सं जुड़ल बेमारीक रोगी कें फेर सामान्य जीवन दिस लौटय मे मदद करैत छथि।



स्ट्रोकक बाद चलबा-फिरबा मे परेशानी अथवा दुर्घटना कें बाद शरीरक कोनो हिस्सा काम नहि करबाक स्थिति मे रोगी कें बहुत दिन धरि पुनर्वासक जरूरत होइत अछि। एहि कोर्स सं एहन रोगीक इलाज आ पुनर्वास लेल सेहो विशेषज्ञ डॉक्टर तैयार होयताह।

स्त्री रोग विभाग मे सबसें बेसी 5 सीट बढ़ल

दुनू नव कोर्सक अतिरिक्त आईजीआईएमएसक 8 पुरान विभाग मे सेहो पीजी सीट बढ़ाओल गेल अछि। एहि मे सबसें बेसी लाभ प्रसूति एवं स्त्री रोग विभाग कें भेटल अछि।

एहि विभाग मे 5 सीट बढ़ाओल गेल अछि। जनरल सर्जरी आ बायोकेमिस्ट्री मे 4-4 सीट बढ़ल अछि। ओतहि फिजियोलॉजी मे 3 सीट आ मनोचिकित्सा, रेस्पिरेटरी मेडिसिन, रेडिएशन ऑन्कोलॉजी तथा ईएनटी मे 2-2 सीट बढ़ाओल गेल अछि। एहि सं सभ विभाग मे विशेषज्ञ डॉक्टर कें प्रशिक्षण देबाक क्षमता बढ़त।

रेलवे स्टेशन सभ मे भारी भीड़ अतिरिक्त पुलिस बल तैनात

पटना। दीपावली आ छठि पर्व पर घर जेबाक लेल यात्री सभक भारी भीड़ कें नियंत्रित करबाक लेल पूर्व मध्य रेल पूरा तरहे मुस्तैद भए गेल अछि। दानापुर, पटना जंक्शन, राजेंद्रनगर टर्मिनल, पाटलिपुत्र जंक्शन, गयाजी, मुजफ्फरपुर आ सोनपुर जेकां अत्यधिक व्यस्त स्टेशन सभ पर अतिरिक्त आरपीएफ जवान आ टिकट जांच कर्मी सभक तैनाती कयल गेल अछि। एहि स्टेशन सभ पर होल्डिंग एरिया बनाओल गेल अछि आ प्रवेश-निकास द्वार पर विशेष निगरानी राखल जा रहल अछि, जाहि सं प्लेटफॉर्म पर अनावश्यक भीड़ जमा नहि भए। अनधिकृत प्रवेश रोकबाक, जनरल कोच मे कतारबद्ध तरीका सं यात्री सभ कें चढ़ेबाक आ कोनो आपात स्थिति सं निपटबाक लेल रेलवे कें वरिष्ठ अधिकारी सभ लगातार निगरानी कए रहल छथि। दानापुर, पटना जंक्शन, राजेंद्रनगर टर्मिनल आ पाटलिपुत्र जंक्शनक प्लेटफॉर्म पर पैर रखबाक लेल सेहो जगह नहि छल। लोकल आ इंटरसिटी ट्रेन मे चढ़बाक लेल यात्री सभक बीच धक्का-मुक्की आ अफरातफरीक स्थिति बनि गेल। बोगीक गेट पर भारी भीड़ रहबाक कारण कतेको यात्री ट्रेन पर सवार नहि भए सकलाह।

लाल कपड़ा लगा कए घाटक कएल गेल घेराबंदी, राजापुर पुल घाट पर भए रहल कटाव

एहि बेर सेहो खतरनाक घोषित, एतय नहि होयत छठि महापर्व

पटना, समदिया

शहरक राजापुर पुल घाट पर एहि बेर छठि महापर्व नहि होयत। एतय गंगा तट पर कटाव भए रहल अछि। एहि कारण जिला प्रशासन एहि घाट कें एहि बेर खतरनाक घोषित केने अछि। एकर बाद एतय तैयारी रोकि देल गेल अछि। नगर निगमक टीम लाल कपड़ा लगा कए घाटक घेराबंदी कए देने अछि। फ्लैक्स लगेनाइ एखन बाकी अछि। शेष चारि पैघ अप्रोच बला गंगा घाट पर काज चलि रहल अछि। एहि मे कुर्जी घाट, एलसीटी घाट, बांसघाट आ कलेक्ट्रेट घाट शामिल अछि। शुक्रदिन दैनिक भास्करक टीम एहि घाट सभक जायजा लेलनि। कुर्जी आ एलसीटी घाटक अप्रोच रोडक माटि सुखाइत अछि। मुदा, बांसघाट आ कलेक्ट्रेट घाट पर एखन बाइक सं पहुंचब संभव नहि अछि।



पटना कॉलेज आ साइंस कॉलेज मे गाड़ी राखि रिवर फ्रंटक घाट पर जेथिन व्रती

पटना कॉलेज मैदान आ साइंस कॉलेज मैदान मे गाड़ी राखि व्रती आ श्रद्धालु रिवर फ्रंटक घाट पर पहुंचताह। एतय दरभंगा हाउस स्थित कालीघाटक पूब गंगा मे पानि भेटत। एहि मे काली घाट आ गांधी घाट शामिल अछि। एकर आगू लॉ कॉलेज घाट पर व्रती आ श्रद्धालु सभ कें ठहरबाक आ महापर्व करबाक नीक सुविधा भेटत। एकर कारण घाटक मैदान जकां समतल होयब अछि।

1. कलेक्ट्रेट घाट: प्रमंडलीय आयुक्त कार्यालयक सामने जेपी गंगा पथ सं कलेक्ट्रेट घाट जाय लेल अप्रोच रोड बनाओल जा रहल अछि। एहि सड़कक माटि एखन धरि नहि सुखल अछि। जेसीबी लगा कए गीला माटि हटाओल गेल अछि। शेष माटिक परत सुखेबाक प्रतीक्षा भए रहल अछि। एहि रास्ता सं लोक गाड़ी लए जा सकताह। एकर अतिरिक्त पैदल आबय बला लोकनि लेल दूटा रास्ता बनाओल जा रहल अछि। एहि मे कलेक्ट्रेट आ बांकीपुर क्लबक बीच सं आ महेंद्रू घाटक रास्ता शामिल अछि। गांधी मैदान मे गाड़ी राखि रिवर फ्रंट सं नीचां गंगा घाट तक पैदल जेबाक होयत।

2. बांसघाट: अशोक राजपथ सं जेपी गंगा पथक अंडरपास होइत गंगा तट तक रास्ता जायत। व्रती आ श्रद्धालु दियारा इलाकाक रास्ता सं 2 किलोमीटरक यात्रा कए गंगा तट पर पहुंचताह। एहि अप्रोच रोडक निर्माण चलि रहल अछि। मुदा, एखन धरि मोटरसाइकिल सं एतय पहुंचब संभव नहि अछि। करीब एक किलोमीटरक यात्रा तय केलाक बाद माटि गीला भेटैत अछि। जेसीबी सं माटि काटि रास्ता समतल कयल गेल अछि। दियारा मे खेती करय बला अशोक बतौलनि जे कड़ा रौद पड़ला पर तीन-चारि दिन मे जेसीबी सं काटल गेल माटि सुखि जायत। एकरा संगहि अंडरपास सं पानि निकालय पड़त।

3. एलसीटी आ कुर्जी घाट: अशोक राजपथ सं एलसीटी घाटक दूरी करीब 1200 मीटर सं बेसी अछि। एतय अप्रोच रोड बनेबाक काज चलि रहल अछि। जेपी गंगा पथक उत्तर अप्रोच रोड पूरा तरहे सुखि गेल अछि। जेपी गंगा पथक अंडरपास सं अशोक राजपथक बीच माटि गीला अछि। एहि पर जेसीबी चला कए रास्ता बनाओल गेल अछि। आब एकर सुखेबाक प्रतीक्षा भए रहल अछि। ओतहि अशोक राजपथ सं कुर्जी घाट तक अप्रोच रोड पूरा तरहे सुखि गेल अछि। एतय पानिक भीतर बैरिकेडिंग होयत। बोर्ड लगएबाक काज पूरा भए गेल अछि।

दीघा इलाका मे सेहो घाटक निर्माण जारी

दीघा इलाका मे गंगा घाटक निर्माण जारी अछि। गाड़ी सं पहुंचबाक लेल गेट नंबर-83 आ गेट नंबर-88 सं अप्रोच रोड बनाओल जा रहल अछि। एहि रास्ता सं आबय बला लोक जेपी गंगा पथक उत्तर गाड़ी पार्क करताह। एकर संगहि दक्षिण दिस सेहो किछु गाड़ी पार्क करबाक व्यवस्था कयल जा रहल अछि। एकर अतिरिक्त अटल पथ, जेपी गंगा पथ, दीघा रोटरी, दीघा बाजार, दीघा थाना आदि इलाका सं गंगा तट पर पहुंचबाक सुविधा अछि।

संस्थान प्रबंधन जतौलनि खुशी

एहि उपलब्धि पर संस्थानक निदेशक प्रो. बिंदे कुमार, डीन प्रो. ओम कुमार आ उपनिदेशक डॉ. विभूति सिन्हा संबंधित सभ विभाग कें बधाइ देने छथि।

दीपावली-छठि पर बिहार मे सुरक्षाक पुख्ता इंतजाम, चप्पा-चप्पा पर रहत क्यूआरटी

फेक न्यूजक 4 घंटा मे होयत खंडन

पटना, समदिया

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी दीपावली, काली पूजा आ छठि महापर्व कें ध्यान मे रखैत राज्य मे विधि-व्यवस्था, सुरक्षा, स्वच्छता आ आन जरूरी व्यवस्था कें लए शुक्रदिन लोक सेवक आवास स्थित संकल्प सभागार मे वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं समीक्षा बैसार कएलनि। ओ अधिकारी सभ कें कतेको महत्वपूर्ण निर्देश देलनि। क्विक रिस्पांस टीम (क्यूआरटी) गठित कए चप्पे-चप्पे पर निगरानी रखबाक निर्देश देलनि।

मुख्यमंत्री कहलनि जे पर्व-त्योहारक अवसर पर बिहारक बहुत रास लोक दोसर राज्य आ विदेश सं अपन घर लौटैत छथि। ई सुनिश्चित कयल जाए जे अपन गृह राज्य आबला पर हुनका खुशी, सुरक्षा आ सकारात्मक बदलावक अनुभव भए। सभ जिला मे प्रशासन आ पुलिस पूरा सतर्कता आ तत्परताक संग काज करथि।

मुख्यमंत्री कहलनि जे दीपावली, काली पूजा आ छठि महापर्व कें लए सभ कें सतर्क आ तत्पर रहबाक अछि। विधि-व्यवस्थाक संग सभ जरूरी तैयारी समय पर पूरा कयल जाए। छठि महापर्व बिहारक गौरव आ सांस्कृतिक पहचानक प्रमुख पर्व अछि। एहि अवसर पर श्रद्धालु सभक सुविधा, सुरक्षा आ स्वच्छताक विशेष ध्यान राखल जाए। मुख्यमंत्री धनतेरस, दीपावली आ छठि पूजाक शुभकामना सेहो देलनि।

मुख्यमंत्री निर्देश देलनि जे पर्वक दौरान विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल पर्याप्त संख्या मे पुलिस बल तैनात कयल जाए। सभ क्यूआरटी कें अलर्ट राखल जाए। रेलवे स्टेशन आ बस स्टैंडक आसपास विशेष रूप सं



चौबीसो घंटा गश्ती व्यवस्था रहए। पुलिसक पेट्रोलिंग प्रभावी भए आ कोनो अप्रिय घटनाक स्थिति मे त्वरित कारबाइ सुनिश्चित कयल जाए। मुख्यमंत्री रेलवे स्टेशन, बस स्टैंड, सार्वजनिक स्थल आ छठि घाट पर साफ-सफाइक नीक व्यवस्था सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे जिलाधिकारी स्वयं एहि व्यवस्था सभक नियमित निगरानी करथि। छठि घाट पर निर्धारित मानकक अनुसार सुरक्षा आ अन्य सुविधा उपलब्ध कराओल जाए। स्वयंसेवक सभ कें सेहो व्यवस्था मे शामिल कयल जाए।

गांवक छठि घाट पर स्थानीय तैराक सभ कें सेहो उपलब्ध राखल जाए। विद्युत सुरक्षाक सर्वोच्च प्राथमिकता दैत कतहु नंग-धड़ंग तारक उपयोग नहि कयल जाए। ओ कहलनि जे दलित-महादलित टोला मे जनप्रतिनिधि आ पदाधिकारी पहुंचथि आ ओतय रहय बला लोकनिक संग पर्व मनाबथि। पर्व-त्योहार आपसी प्रेम, सद्भाव आ उत्साहक संग मनयबाक लेल लोक सभ कें प्रेरित कयल जाए।

जिलाधिकारी जनप्रतिनिधि सभ सं नियमित रूप सं भेंट कए हुनकर समस्या आ सुझाव गंभीरता सं सुनथि। मुख्यमंत्री कहलनि जे सक्षम आ संपन्न लोक सभ सं 125 यूनिट बिजली सब्सिडीक लाभ स्वेच्छा सं छोड़बाक अपील कें लए प्रचार-प्रसार कराओल जाए। मुख्यमंत्री भ्रामक आ फर्जी खबर पर त्वरित कारबाइक लेल प्रत्येक स्तर पर क्यूआरटी गठित करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे कोनो खबर सही होयबाक स्थिति मे तत्काल जरूरी कारबाइ कए जवाब देल जाए आ गलत खबर होयबाक स्थिति मे ओकर शीघ्र खंडन कयल जाए।

सरकारी स्कूल सभक छोट-मोट मरम्मति आ सुविधा लेल जारी भेल 372 करोड़ रुपैया

पटना, समदिया

बिहारक सरकारी विद्यालय सभ मे छोट-मोट मरम्मति आ आधारभूत सुविधा सं जुड़ल काज लेल आब शिक्षा विभाग मुख्यालयक अनुमति आ राशि भेटबाक प्रतीक्षा नहि करय पड़त। राज्य सरकार विद्यालय सभक स्थानीय जरूरत पूरा करबाक लेल 372 करोड़ रुपैयाक कंपोजिट ग्रांट मंजूर केने अछि। एहि राशि सं प्रदेशक 76 हजार सं बेसी सरकारी विद्यालय मे रखरखाव आ आवश्यक सुविधा सं जुड़ल काज कराओल जा सकत। विद्यालय सभ कें उपलब्ध कराओल जाय बला एहि राशि सं स्कूल प्रबंधन अपन प्राथमिकता अनुसार जरूरी काज करा सकत।

ई पहल सरकारक सेवा संकल्प एवं कायाकल्प अभियानक अंतर्गत कयल जा रहल अछि। एकर उद्देश्य सरकारी स्कूल सभक आधारभूत सुविधा मजबूत करबाक संगहि रखरखावक व्यवस्था नीक बनायब अछि। एखन धरि कतेको विद्यालय मे मामूली मरम्मति, रंग-रोगन आ अन्य जरूरी काज राशि नहि रहबाक कारण लंबित रहैत छल। एहि काज सभ लेल विभागीय कार्यालय मे प्रस्ताव पठेबाक आ स्वीकृतिक प्रतीक्षा करय पड़ैत छल। कंपोजिट ग्रांटक व्यवस्था सं एहि समस्या कें दूर करबा मे मदद भेटत।

कंपोजिट ग्रांटक राशि सं विद्यालय भवनक छोट-मोट मरम्मति, कक्षा-कक्षक रखरखाव, रंग-रोगन, पेयजल व्यवस्था आ शौचालयक साफ-सफाइ एवं मरम्मति कराओल जा सकत। एकर अतिरिक्त बिजली, स्वच्छता आ विद्यालय परिसर सं जुड़ल अन्य जरूरी जरूरत पर सेहो राशि खर्च कयल जा सकत। शिक्षण गतिविधि सुचारु रूप सं संचालित करबाक लेल जरूरी आवर्ती खर्च पूरा करबा मे सेहो ई अनुदान उपयोगी होयत।

किरानाक आड़ि मे चलि रहल छल मादक पदार्थक कारोबार, 61 ग्राम स्मैक आ गांजा बरामद, एक गिरफ्तार

शिवाजीनगर/समस्तीपुर, समदिया



शिवाजीनगर प्रखंडक शिवाजीनगर थाना क्षेत्र मे मादक पदार्थक अवैध बिक्री आ तस्करीक विरुद्ध पुलिस पैघ कारबाइ कयलक अछि। शुक्रदिन राति गुप्त सूचनाक आधार पर शिवाजीनगर पुलिस आ प्रतिनियुक्तदंडाधिकारीक संयुक्त टीम डुमरा चौक पर एकटा किराना दोकान मे छापेमारी कय स्मैक, गांजा, अन्यमादक पदार्थ आ गांजा भरल सिगरेट बरामद कयलक। एहि दौरान दोकान संचालक कें गिरफ्तार कय लेल गेल। पुलिसक एहि कारबाइ सं इलाका मे अवैध मादक पदार्थक कारोबार करयवला लोक सभ मे हड़कंपमचि गेल अछि। थानाध्यक्ष रविंद्र कुमार बतौलनि जे पुलिस कें सूचना भेटल छल जे डुमरा चौक पर एकटा किराना दोकानक आड़ि मे लुका-छिपी मादक पदार्थक बिक्री कयल जा रहल अछि। सूचनाक सत्यापन आ कारबाइ लेल रोसड़ा एसडीओ पूजा कुमारीक आदेश पर बीडीओ वीरेंद्र कुमार सिंह कें सक्षमदंडाधिकारीक रूप मे प्रतिनियुक्त कयल गेल। एकर बाद थानाध्यक्ष रविंद्र कुमार आ प्रतिनियुक्तदंडाधिकारीक नेतृत्व मे एसआइ दिलीप कुमार चौधरी, एएसआइ शैलेश कुमार सहित पुलिस बल दोकानपर छापेमारी कयलक। पुलिस कें देखि भागबाक प्रयास कय रहल दोकान संचालक कें खदेड़ि कए पकड़िलेल गेल। गिरफ्तार व्यक्तिक पहचान डुमरा मोहन पंचायतक डुमरा वार्ड संख्या 4 निवासी गंगो मंडलकपुत्र फुल कुमार मंडल उर्फ फूलो मंडलक रूप मे भेल अछि। पूछताछ मे ओ दोकान सं स्मैक आ गांजाक पुड़िया बेचबाक बात स्वीकार कयलक। तलाशी कए दौरान दोकानक काठक काउंटरक नीचा 61 ग्राम स्मैक, 22 ग्राम गांजा, 5 ग्राम भूरा रंगक मादक पदार्थ आ गांजा भरल 20 टा सिगरेट बरामद कयल गेल। बरामद सभ मादक पदार्थ कें दंडाधिकारीक उपस्थिति मे वजन कय विधिवत जब्त कयल गेल आ ओतहि सीलबंद कयल गेल। पुलिस एहि मामिला मे आगूक कानूनी कारबाइ मे जुटल अछि। गिरफ्तार आरोपित कें न्यायिक हिरासत मे पठा देल गेल अछि। एहि अवसर पर एसआइ मुकेश कुमार सिंह, मीनू कुमारी आ दिलीप कुमार चौधरी मौजूद छलाह।

दहेज प्रथा सामाजिक अभिशाप, समाप्त करबाक लेल आगू आउ समाज : अमोल कुमार झा

उपकारा बेनीपुर मे बंदी सभक बीच दहेज प्रथा, महिला उत्पीड़न आ लैंगिक असमानता पर जागरूकता कार्यक्रम आयोजित

बेनीपुर, समदिया



जिला विधिक सेवा प्राधिकार, दरभंगाक तत्वावधान मे उपकारा बेनीपुर मे दहेज प्रथा, दहेज मृत्यु, महिला सभक प्रति क्रूरता आ लैंगिक असमानता समाप्त करबाक लेल बंदी सभक बीच जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। कार्यक्रम कें संबोधित करैत पैनल अधिवक्ता अमोल कुमार झा कहलनि जे दहेजप्रथा एकटा सामाजिक अभिशाप थीक। एहि कुप्रथाक कारण अधिकांश कन्या पक्ष अनावश्यक रूप सं कर्ज मे डूबि जाइत छथि। एहन स्थिति मे कन्या परिवार पर बोझ बुझल जाए लगैत अछि आ कखनो-कखनो लोक भ्रूण हत्या सन घृणित अपराध सेहो क बैसैत छथि। ओ कहलनि जे विवाहक बाद महिला सभक संग क्रूरता आ घरेलू हिंसाक घटना होइत रहैत अछि। ई सभअपराध होयबाक संगहि पारिवारिक कलहक प्रमुख कारण सेहो बनैत अछि। कखनो-कखनो दहेजक मांग पूरा नहि भेलापर महिला सभ कें प्रताड़ित कयल जाइत अछि, जाहि कारण दहेज मृत्युक घटना सेहो घटैत अछि। उपकारा अधीक्षक वीरेंद्र कुमार राय बंदी सभ सं अपील कयलनि जे जखन अहां सभ जमानत पर मुक्त भए अपना परिवार आ समाजक बीच जाइ तं दहेज प्रथा समाप्त करबाक लेल लोक सभ कें जागरूक करबाक काज जरूर करब। बताओल गेल जे ई कार्यक्रम सर्वोच्च न्यायालय द्वारा उत्तर प्रदेश राज्य बनाम अजमल बेग आ अन्यक मामिला मे पारित न्यायादेशक अनुपालन मे आयोजित कयल गेल छल। मौका पर उपकारा उपाधीक्षक विनोद कुमार, प्राधिकार सहायक कुमार गौरव, पीएलवी नितीश कुमार राम सहित अन्य उपस्थित छलाह।

सभ छठि घाट पर सुरक्षा आ स्वच्छताक समुचित व्यवस्था करबाक डीएम देलनि निर्देश

देलंगा, समदिया

केएम पोखर, मिर्जा खां पोखर, म्यूजियम घाट, दिग्घी पोखर आ हराही पोखरक कयलनि निरीक्षण



छठि महापर्वक मद्देनजर व्रती आ श्रद्धालु सभक सुविधा, सुरक्षा आ स्वच्छता सुनिश्चित करबाक लेलजिलाधिकारी कौशल कुमार शनिदिन शहरक विभिन्न प्रमुख छठि घाट आ पोखर सभक निरीक्षण कयलनि। एहि क्रम मे ओ केएम पोखर, मिर्जा खां पोखर, म्यूजियम घाट, दिग्घी पोखर आ हराही पोखर सहित अन्य घाट सभक जायजा लेलनि आ संबंधित अधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देलनि। डीएमछठि महापर्व सं पहिने सभ घाट पर साफ-सफाई, रंग-रोगन आ बुनियादी सुविधाक व्यवस्था पूरा करबाक निर्देश देलनि। ओ घाट सभक आसपास जमा कचरा आ मलबा तत्काल हटाक व्यापक सफाई करबाक कहलनि। संगहि घाट धरि जायवला रास्ता सभक सफाई सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि, जाहि सं व्रती आ श्रद्धालु सभ कें आवागमन मे कोनो तरहक कठिनाइ नहि हो। हराही पोखरक निरीक्षणक दौरान डीएमपोखरक लग स्थित गड्ढा सभ कें माटि भरि समतल करबाक निर्देश देलनि। ओ स्पष्ट कयलनि जे घाटसभक आसपास कतहु गड्ढा अथवा असमतल जमीन नहि रहबाक चाही, जाहि सं दुर्घटनाक आशंका नहि बनल रहय। सुरक्षा व्यवस्थाक समीक्षा करैत डीएम सभ गहींर घाट सभ कें चिह्नित कय ओतय लाल झंडा लगयबाक आ आवश्यक चेतावनी सूचक चिह्न स्थापित करबाक निर्देश देलनि। महिलाक सुविधा आगरिमा कें ध्यान मे रखैत प्रमुख छठि घाट सभ पर पर्याप्त संख्या मे चेंजिंग रूम बनयबाक लेल सेहो कहलनि। डीएम कहलनि जे छठि महापर्वक अवसर पर बड्ड पैघ संख्या मे श्रद्धालु घाट पर पहुंचैत छथि।एहन स्थिति मे हुनका सभक सुविधा, गरिमा आ सुरक्षा जिला प्रशासनक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। ओ सभ संबंधित विभाग कें आपसी समन्वय बना निर्धारित समय-सीमा मे तैयारी पूरा करबाक आ काजक नियमित निगरानी करबाक निर्देश देलनि, जाहि सं महापर्व शांतिपूर्ण आ सुरक्षित वातावरण मे संपन्न भए सकय। निरीक्षणक दौरान महापौर अंजुम आरा, उप महापौर नाजिया हसन, वरीय पुलिस अधीक्षक जगुनाथ रेड्डीजलारेड्डी, नगर आयुक्त गरिमा लोहिया, सदर एसडीओ कुमार गौरव सहित अन्य संबंधित पदाधिकारी आकर्मी उपस्थित छलाह।

मनीगाछीक कतेको गाम मे काली पूजाक तैयारी पूरा, कलश शोभायात्रा सं भेल शुभारंभ

नेहरा हाट चौक पर सात दिवसीय पूजाक शुरुआत, सांस्कृतिक कार्यक्रमक संग सजल मीना बाजार

मनीगाछी, समदिया



प्रखंड क्षेत्रक नेहरा, उजान, चनौर, राजे, बहुअरबा सहित विभिन्न गाम मे काली पूजा श्रद्धा आ भक्तिभावक संग मनाओल जा रहल अछि। पूजा लेल तैयारी आखरी चरण मे अछि। विभिन्न गाम मे कलशशोभायात्रा निकालि पूजाक शुभारंभ कयल गेल। एहि अवसर पर भजन-कीर्तन, कथा, सांस्कृतिक कार्यक्रमआ मनोरंजनक विशेष व्यवस्था कयल गेल अछि। नेहरा गामक हाट चौक पर पूर्ववत आयोजित सात दिवसीय काली पूजाक शुभारंभ शनिदिन नेहरा थानाध्यक्ष मोती कुमार पहिल दीप प्रज्वलित क कयलनि। पूजा लेल पूरा क्षेत्र मे भक्तिमय वातावरण बनल अछि। श्रद्धालु सभक सुविधा आ मनोरंजनक लेल पूजास्थल पर सांस्कृतिक कार्यक्रमक संग राम झूला सेट आ मीना बाजार सेहो सजाओल गेल अछि। स्थानीय पूजा समितिक संयोजक अवधेश पासवान, अध्यक्ष रौशन पासवान, उपाध्यक्ष जीवलाल पासवान आ सचिव सिद्धांत पासवान बतौलनि जे नेहरा हाट चौक पर सात दिन धरि पूजा आ विभिन्न धार्मिक-सांस्कृतिक कार्यक्रम आयोजित कयल जायत। एकर लेल समिति दिस सं व्यापक तैयारी कयल गेल अछि।

शिवाजीनगर मे 279.635 लीटर विदेशी आ देसी शराब बरामद, चारि धंधेबाज मे एक गिरफ्तार

शिवाजीनगर/समस्तीपुर, समदिया



बिहार मे पूर्ण शराबबंदी कानून कें प्रभावी ढंग सं लागू करबाक आ अवैध शराबक कारोबार तथा तस्करीपर रोक लगयबाक लेल चलाओल जा रहल विशेष अभियानक अंतर्गत शिवाजीनगर थाना पुलिस दू अलग-अलग ठाम पर पैघ कारबाइ कयलक अछि। पुलिस जंगल आ सुनसान ठाम पर नुकाकऽ राखल गेल256.635 लीटर विदेशी शराब आ एकटा किराना दोकान सं 23 लीटर देसी चुलाई शराब बरामद कयलक अछि। दुनू मामिला मे कुल 279.635 लीटर शराब जब्त कयल गेल अछि। विदेशी शराब बरामदगी मामिला मे चारि धंधेबाजक पहचान कयल गेल अछि, जखन कि देसी शराब बरामदगी मामिला मे एक आरोपित कें पुलिस घटनास्थले सं गिरफ्तार कय लेलक। एकर अतिरिक्त शराबक अवैध कारोबार आ ढुलाई मे उपयोग कयल जा रहल एकटा बजाज पल्सर मोटरसाइकिल सेहो जब्त कयल गेल अछि। एहिसंबंध मे थानाध्यक्ष रविंद्र कुमार बतौलनि जे थाना क्षेत्र मे अवैध शराबक कारोबार करयवला लोकसभक विरुद्ध लगातार विशेष अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि क्रम मे शुक्रदिन राति करीब 9:30 बजेपुलिस कें गुप्त सूचना भेटल जे मोहनघाटी गांवक रामजानकी मठ लग सत बिग्घी गाछी मे किछुआदतन शराब कारोबारी चोरी-छिपे विदेशी शराब मंगबैत छथि आ अपन सहयोगीसभक माध्यम सं आसपासक इलाका मे ओकर बिक्री करैत छथि। सूचना कें गंभीरता सं लैत तत्काल विशेष पुलिस टीमगठित कयल गेल आ आवश्यक कारबाइ लेल पुलिस बल कें रवाना कयल गेल। राति करीब 10:10 बजे पुलिस टीम सूचनाक आधार पर बताओल गेल ठाम पर पहुंचल। ओतय किछु व्यक्ति कार्टन आ अन्य सामानक संग संदिग्ध अवस्था मे मौजूद छलाह। पुलिसक गाड़ी आ जवान सभ कें देखिते सभ व्यक्ति अन्हारक फायदा उठा कए भागय लगलाह। पुलिस बल तत्परता देखबैत हुनका सभक पीछा कयलक, मुदा ओ सभ भागय मे सफल रहलाह। तकर बाद चौकीदार आ स्थानीय सूत्रक माध्यम सं भागयवला व्यक्तिसभक पहचान कयल गेल। पुलिस टीम जंगल आ सुनसान गाछी मे विधिवत तलाशी अभियान चलौलक। एहि दौरान अलग-अलग ठाम पर नुकाकऽ राखल विभिन्न ब्रांडक कुल256.635 लीटर विदेशी शराब बरामद भेल। घटनास्थल सं करिया रंगक बजाज पल्सर मोटरसाइकिल सेहो जब्त कयल गेल। पुलिसक अनुसार, एहि मामिला मे चारि आरोपितक पहचान कयल गेल अछि। एहि मे परसा गांवक वार्ड संख्या 13 निवासी रामउदित मंडलक पुत्र शंकर मंडल, बंदा गांवक वार्ड संख्या 3 निवासी कृष्ण कुमार राय उर्फ गोपाल कुमार राय, बंदा गांवक वार्ड संख्या 3 आ 4 निवासी कृष्ण कुमार राय के पुत्र अविनाश राय तथा बंदा गांवक वार्ड संख्या 13 निवासी बैजनाथ राय के पुत्र अमित कुमार शामिल छथि। सभ आरोपित शिवाजीनगर थाना क्षेत्रक निवासी बताओल गेल छथि। पुलिस हुनका सभक गिरफ्तारी लेल आगूक कारबाइ कय रहल अछि। थानाध्यक्ष बतौलनि जे अवैध शराबक विरुद्ध अभियानक्रम मे 6 नवंबर 2026 कें सांझ करीब 4:50 बजे पुलिस टीम गुप्त सूचनाक सत्यापनक बाद परसा गांवस्थित परसा पुलिया लग एकटा किराना दोकान मे छापेमारी कयलक। पुलिस कें देखिते ओतय मौजूद एकव्यक्ति भागबाक प्रयास कयलक। मुदा सशस्त्र पुलिस बलक सहयोग सं ओकरा खदेड़ि कए पकड़ि लेल गेल। पूछताछक दौरान ओ अपन पहचान परसा गांवक वार्ड संख्या 13 निवासी हीरालाल मंडल के पुत्र कृष्ण कुमारक रूप मे बतौलक। पुलिस गिरफ्तार आरोपितक निशानदेही पर ओकर किराना दोकानक तलाशी लेलक। एहि दौरान दोकान सं 23 लीटर अवैध देसी चुलाई शराब बरामद भेल। पुलिस शराब कें विधिवत जब्त कय जब्ती सूची तैयार कयलक आ आरोपित कें ओकर अपराधक जानकारी दैत गिरफ्तारकय लेलक। थानाध्यक्ष रविंद्र कुमार बतौलनि जे दुनू मामिला मे बरामद शराबक जब्ती सूची तैयार कयथाना आनल गेल अछि। विदेशी शराब बरामदगी मामिला मे चारि नामजद आरोपितक पहचान कय हुनका सभक संग अन्य अज्ञात व्यक्तिसभक विरुद्ध बिहार मद्यनिषेध आ उत्पाद अधिनियमक संबंधित धारासभक अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कय आगूक कानूनी कारबाइ कयल जा रहल अछि। ओतहि, देसी चुलाई शराब बरामदगी मामिला मे गिरफ्तार कृष्ण कुमारक विरुद्ध सेहो विधिसम्मत कारबाइ कयल जा रहल अछि। थानाध्यक्ष स्पष्ट कयलनि जे थाना क्षेत्र मे शराबक अवैध कारोबार, भंडारण आ तस्करी मे संलग्न लोक सभ कें कोनो हाल मे बख्शल नहि जायत। एहन कारोबार करयवला लोकसभक विरुद्ध पुलिसक अभियान लगातार जारी रहत।

बैंक सं जा रहल युवक सं 1.35 लाख टाका छीनलक बदमाश

» बिरौल-बेनीपुर मुख्य सड़क एसएच-56 पर सिसौनी मोड़ लग घटना, मोटरसाइकिल सवार दू बदमाश फरार

बिरौल, समदिया

बिरौल-बेनीपुर मुख्य सड़क एसएच-56 पर शनिदिन सांझ करीब 5 बजे बैंक सं टाका निकालि घर जा रहल एक युवकक हाथ सं बदमाश झपट्टा मारि झोरा छीनि फरार भए गेल। घटना सिसौनी मोड़ लगभेल बताओल जा रहल अछि। पीड़ित जगदीशपुर निवासी बैजनाथ मंडल बतौलनि जे ओ दिन मे करीब 2बजे सुपौल बाजार स्थित पंजाब नेशनल बैंक (पीएनबी) शाखा सं 1 लाख 35 हजार टाका निकालने छलाह। बाजारक काज पूरा कय ओ सांझ मे टेंपो सं अपना घर जा रहल छलाह। एही दौरान सिसौनी मोड़लग पाछां सं आबि रहल मोटरसाइकिल सवार दू गोट बदमाश हुनकर हाथक झोरा झपट्टा मारि छीनि लेलक आ फरार भए गेल। झोरा मे टाका संग बैंकक अन्य कागजात आ पासबुक सेहो छल। घटना के बाद पीड़ित शोर मचेलनि, मुदा ताबत धरि बदमाश सभ आंखि सं ओझल भए गेल छल। प्रभारी थानाध्यक्षमुकेश कुमार कहलनि जे घटनाक जानकारी भेटल अछि। पुलिस मामिलाक छानबीन मे जुटि गेल अछि।

गिट्टी लदल ट्रक सं 2295 लीटर विदेशी शराब बरामद, चालक आ खलासी गिरफ्तार

शिवाजीनगर/समस्तीपुर, समदिया



बिहार मे पूर्ण शराबबंदी कानून कें प्रभावी ढंग सं लागू करबाक आ अवैध शराबक तस्करी पर रोक लगयबाक लेल उत्पाद विभाग लगातार कारबाइ कय रहल अछि। एहि अभियानक अंतर्गत रोसड़ा मद्यनिषेध थाना पुलिस गुप्त सूचनाक आधार पर हथौड़ी थाना क्षेत्रक बहादुरपुर चौक स्थित एकटा बालू-गिट्टी डिपो मे छापेमारी कय भारी मात्रा मे विदेशी शराब बरामद कयलक। डिपो पर ठाढ़ गिट्टी लदल 14 चक्का ट्रकक तलाशी लेल गेल तं ओकरा भीतर नुकाकऽ राखल 2295 लीटर अवैध शराब बरामद भेल।पुलिस ट्रकक चालक आ खलासी कें गिरफ्तार कय लेलक। शनिदिन रोसड़ा उत्पाद थाना परिसर मे आयोजित प्रेस वार्ता मे उत्पाद अधीक्षक मनोज कुमार सिंह पूरा मामिलाक जानकारी देलनि। ओ बतौलनिजे गुप्त सूचना भेटल छल जे बहादुरपुर चौक स्थित बालू-गिट्टी डिपोक माध्यम सं पैघ स्तर पर अवैध विदेशी शराबक तस्करी कयल जा रहल अछि। सूचनाक गंभीरता कें देखैत रोसड़ा मद्य निषेध थानापुलिस तत्काल छापेमारी कयलक। डिपो परिसर मे ठाढ़ 14 चक्का ट्रक पर संदेह भेलापर ओकर जांचकयल गेल। ट्रकक ऊपर गिट्टी लदल छल, जखन कि भीतर शराबक खेप नुकाकऽ राखल गेल छल। तलाशीक दौरान अलग-अलग ब्रांडक बीयर आ विदेशी शराब बरामद भेल। उत्पाद अधीक्षकक अनुसार, कुल 2295 लीटर बरामद शराब मे 662.400 लीटर बीयर आ 1632.600 लीटर विदेशी शराब शामिल अछि।बीयर 58 कार्टून मे राखल छल। बरामद शराब मे बीयरक 2 आ विदेशी शराबक 3 ब्रांड शामिल अछि। गिट्टीक आड़ि मे शराबक पैघ खेप लए जायब अथवा आपूर्ति करबाक तैयारी छल। गिरफ्तार आरोपितसभक पहचान बेगूसराय जिलाक भगवानपुर थाना क्षेत्रक जोगिया वार्ड संख्या 3 निवासी रामनंदमहतो के पुत्र ट्रक चालक विक्रम कुमार आ खोदावनपुर थाना क्षेत्रक टारा बरियारपुर वार्ड संख्या 11 निवासी विनोद पासवान के पुत्र खलासी जौसन कुमारक रूप मे भेल अछि। दुनू कें गिरफ्तार कय लेल गेल अछि। उत्पाद विभाग हुनका न्यायिक हिरासत मे पठेबाक प्रक्रिया कय रहल अछि। उत्पाद अधीक्षक मनोज कुमार सिंह बतौलनि जे एहि मामिला मे सत्यम ट्रेडर्स बालू-गिट्टी डिपोक संचालक हथौड़ी थानाक्षेत्रक बल्लीपुर वार्ड संख्या 2 निवासी नीलांबर चौधरी के पुत्र अमित चौधरी आ अजय चौधरीक संलिप्ततासेहो सामने आयल अछि। दुनू आरोपितक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज कय गिरफ्तारी लेल कारबाइ कयल जा रहल अछि। फिलहाल दुनू फरार बताओल जा रहल छथि। अधिकारी आशंका जतौलनि जे डिपो सं छोट-छोट गाड़ी सभक माध्यम सं अलग-अलग ठाम शराबकआपूर्ति कयल जाइत होयत। गिरफ्तार चालक आ खलासी सं पूछताछ तथा डिपो संचालकसभकगिरफ्तारीक बाद शराबक खेप कतय सं आनल गेल छल आ ओकर आपूर्ति कतय-कतय होयबाक छल, एहि संबंध मे विस्तृत जानकारी भेटि सकत। उत्पाद विभाग पूरा नेटवर्कक पता लगयबा मे जुटल अछि। अधिकारी कहलनि जे शराब तस्करी मे शामिल कोनो व्यक्ति कें बख्शल नहि जायत आ एहि अवैधकारोबार सं जुड़ल अन्य लोकसभक पहचान कय हुनका सभक विरुद्ध सेहो सख्त कानूनी कारबाइ कयल जायत।

बेलौन चौक पर चारि दोकान मे चोरी, लाखोक सामान पर चोर सभ कयलक हाथ साफ

बेनीपुर, समदिया

बेनीपुर प्रखंड क्षेत्रक बेलौन चौक पर बीतल राति अज्ञात चोर सभ एक संग चारि गोट दोकान कें निशाना बनबैत लाखो टाकाक सामान चोरा लेलक। चोर सभ दोकानक ताला तोड़ि चोरीक घटना के अंजाम देलक।शनिदिन भोर मे दुकानदार सभ कें घटनाक जानकारी भेटलनि, तकर बाद इलाका मे अफरा-तफरी मचि गेल। चोरीक घटना हेमबाबू झा, रघु ठाकुर, राम कमती आ सुरेश चौधरीक दोकान मे भेल अछि। पीड़ित दुकानदार सभक कहब छनि जे चोर कीमती सामानक संग दोकान मे राखल टाका आ सिक्का सेहो चोरा लेलक। चारू दोकान सं करीब 2 लाख टाका मूल्यक संपत्तिक चोरी हेबाक अनुमान लगाओल जा रहल अछि। घटना कें लए क पीड़ित दुकानदार सभ बहेड़ा थाना मे लिखित आवेदन द अज्ञात चोर सभक विरुद्ध कारबाइ करबाक मांग कयलनि अछि। एहि संबंध मे थानाध्यक्ष पंकज कुमार कहलनि जे बेलौन चौक पर चोरीक घटना घटल अछि। एहि संबंध मे आवेदन सेहो प्राप्त भेल अछि। पुलिस मामिला मे आगूक कारबाइ क रहल अछि।

अज्ञात वाहनक ठोकर सं बुजुर्गक मृत्यु, गाम मे पसरल शोक

कुशेश्वरस्थान, समदिया

कमला बलान पश्चिमी तटबंध पर बिसुनिया गामक सोझां अज्ञात वाहनक ठोकर सं 71 वर्षीय बुजुर्गक मृत्यु भए गेल। मृतकक पहचान बिसुनिया गाम निवासी स्वर्गीय मोरंगी राय के पुत्र नथुनी रायक रूप मेभेल अछि। बताओल जाइत अछि जे नथुनी राय कमला बलान पश्चिमी तटबंध पर अपन गामक सोझां छलाह। एही दौरान तेज रफ्तार अज्ञात वाहन हुनका जोरदार ठोकर मारि देलक। दुर्घटना मे ओ गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। घटना के बाद वाहन चालक मौका पर सं फरार भए गेल। स्थानीय ग्रामीण सभतत्परता देखबैत घायल नथुनी राय कें सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र कुशेश्वरस्थान पहुंचेलनि। ओतय प्राथमिक उपचारक बाद चिकित्सक हुनकर गंभीर स्थिति देखैत डीएमसीएच रेफर कय देलनि। परिजन नीक इलाजक लेल हुनका दरभंगा लए जा रहल छलाह, मुदा बाटे मे हुनकर मृत्यु भए गेल। मृत्युक खबर भेटिते परिजन सभक बीच कोहराम मचि गेल। ओतहि बुजुर्गक मृत्यु सं पूरा बिसुनिया गाम मे शोकक लहर पसरि गेल। घटना के बाद स्थानीय लोक सभ तटबंध पर तेज रफ्तार अज्ञात वाहन सभक आवाजाही आ सड़क सुरक्षा व्यवस्था कें लए क चिंता व्यक्त कयलनि।

छठि पर झंझारपुरक सजावट बिहार मे होयत सर्वश्रेष्ठ

झंझारपुर, समदिया

12 नवंबर धरि पूरा भए जाए घाट सभक काज



» नहाय-खाय सं एक दिन पहिनहि शुरू होय साफ-सफाई

दीपावली आ छठि पर्वक तैयारी कें लए कए शनिदिन एसडीएम कार्यालय मे अनुमंडलक सभ अधिकारीक संग बैसार भेल। बैसारक अध्यक्षता एसडीएम टोनी कुमारी कयलनि। एहि दौरान ओ छठि पूजाक तैयारीकें लए कतेको महत्वपूर्ण निर्देश देलनि। एसडीएम कहलनि जे छठि पर्वक अवसर पर झंझारपुर शहर मेप्रवेश करिते सजावट एहन देखबाक चाही, जे देखिते लोकक मोन मोह ले। शहरक सजावट आ समग्रव्यवस्था प्रकृतिक सौंदर्य आ मनोरम छटाक अनुरूप हो। झंझारपुरक छठि पर्वक सजावट पूरा बिहार मेपहिल स्थान पर रहए, एहन प्रयास होबाक चाही। एसडीएम खास कए नगर परिषदक कार्यपालकपदाधिकारी मनोज कुमार, सिटी मैनेजर संजय कुमार आ स्वच्छता पदाधिकारी दीपक कुमार कें झंझारपुर नगर परिषदक सजावट, साफ-सफाई आ समुचित निगरानीक महत्वपूर्ण जिम्मेदारी सौंपलनि। ओतहि ग्रामीण क्षेत्र मे पंचायतक मुखिया आ प्रखंड प्रशासन कें छठि घाट सभक साफ-सफाई आ विशेष निगरानी रखबाक निर्देश देलनि। झंझारपुर नगर परिषद क्षेत्रक महारानी पोखर, शांतिनाथ महादेव स्थानक पोखर, ढयोढ़ी पोखर आ रेल-सह-सड़क पुलक नीचां कमला नदी मे छठि पूजाक लेल विशेष व्यवस्था आ सजावटकरबाक निर्देश देल गेल। छठि पर्वक दिन अस्ताचलगामी सूर्य आ दोसर दिन उदयमान सूर्य कें अर्घ्य देबाक समय रेलवे स्टेशन प्रवेश द्वार आ मोहना जीरो माइल एनएच-27 प्रवेश द्वार पर विशेष व्यवस्था करबाक लेल चिन्हित कयल गेल अछि। अंबेडकर चौक कें विशेष रूप सं सजयबाक निर्देश सेहो नगर परिषद कें देल गेल। एसडीएम कहलनि जे नहाय-खाय सं एक दिन पहिनेहि शहर आ ग्रामीण इलाका सभमे साफ-सफाईक समुचित व्यवस्था शुरू भए जेबाक चाही। जाहि-जाहि घाट धरि पहुंचबाक लेल पहुंच पथअछि, ओकर मरम्मत आ साफ-सफाई करबाक निर्देश सेहो देल गेल। ओ कहलनि जे पोखर आ पोखरिसभक सफाई 12 नवंबर धरि हर हाल मे पूरा भए जेबाक चाही, जाहि सं बाहर सं आबयवला लोक केंनगर परिषदक तैयारी आ मेहनत स्पष्ट रूप सं देखाइ दे। एसडीएम जानकारी देलनि जे अनुमंडल क्षेत्र मे 63 स्थान पर काली पूजाक आयोजन कयल जा रहल अछि। ओतहि एसडीपीओ सुबोध कुमार सिन्हा कहलनि जे पुलिसक 112 नंबरक गाड़ी, अग्निशमनविभागक गाड़ी आ एंबुलेंस 24 घंटा सतर्क रहत। ओ कहलनि जे एहि संबंध मे शांति समितिक बैसार कयल जाएत आ स्वयंसेवक सभक सूची सेहो तैयार कयल जाएत। दोसर दिस, धारा 126 के अंतर्गत 1800 लोकक विरुद्ध कारबाइ कयल गेल अछि, जखन कि सीसी-3 के अंतर्गत 11 लोक पर कारबाइ भेल अछि। पोखर आ नदी मे सुरक्षा व्यवस्था कें ध्यान मे रखैत गोताखोर सभक व्यवस्था सेहो कयल गेल अछि।बैसार मे अनुमंडलक सभ थानाध्यक्ष, प्रखंड विकास पदाधिकारी, चिकित्सा पदाधिकारी, विद्युत विभागकअधिकारी सहित विभिन्न विभागक पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

मातृभाषा मैथिली मे बच्चा सभ कें विश्व साहित्य सं जोड़त वैश्विक बाल पत्रिका 'इजोत'

विद्यालय सभ मे निःशुल्क पठाओल जाएत पत्रिका, नो बैग डे पर सुनाओल जाएत कथा-कविता

मधुबनी, समदिया



दीपावलीक पूर्वसंध्या पर मधुबनी शहरक क्रिएटिव पब्लिक स्कूल परिसर मे 'इजोत' मैथिली त्रैमासिक बाल पत्रिकाक लोकार्पण कयल गेल। अनादि फाउंडेशनक तत्वावधान मे प्रकाशित ई मैथिली भाषाक वैश्विकबाल पत्रिका अछि। एहि पत्रिकाक माध्यम सं बच्चा सभ कें मात्र मिथिले नहि, बल्कि मैथिली भाषा मे पूराविश्वक साहित्य आ संस्कृति सं परिचित करयबाक संकल्प लेल गेल अछि। पत्रिकाक संपादक मंडल मेतारानंद वियोगी, प्रोफेसर मंजर सुलैमान, बीरेंद्र कुमार झा, दिलीप कुमार झा, मालती मिश्रा आ रश्मि चौधरी छथि। कार्यक्रम मे संपादक मंडलक सदस्य सभक अतिरिक्त प्रोफेसर विनयानंद झा, भोलानंद झा, रानीझा, कल्पना झा, एस.एन. लाल सहित 50 सं बेसी स्कूली बच्चा भाग लेलनि। सभ अतिथि आ वक्तामातृभाषा मैथिली मे बाल पत्रिकाक प्रकाशनक स्वागत कयलनि। ओ सभ कथा-कविताक अतिरिक्त खेल,योग, लोकसंस्कृति आ लोकसाहित्य आदि विषय पर आलेख उपलब्ध करयबाक आश्वासन देलनि। अनादि फाउंडेशनक अध्यक्ष प्रोफेसर प्रदीप कांत चौधरी जानकारी देलनि जे ई पत्रिका यथासंभव विद्यालयसभ मे दू-दू प्रति निःशुल्क पठाओल जाएत। जाहि सं शनिदिन नो बैग डे पर शिक्षक बच्चा सभ केंमैथिलीक कविता आ कथा पढ़ि सुना सकथि। एहि अवसर पर अनादि फाउंडेशनक सदस्या आ कार्यक्रमपदाधिकारी मीनाक्षी कुमारी तथा नीरजा सिन्हा सेहो उपस्थित छलीह। मधुबनी इकाईक अध्यक्ष अंजनामिश्रा कहलनि जे 'इजोत' पत्रिका बच्चा सभ कें मातृभाषा सं जोड़त। मैथिली मे कथा, कविता आ लोकसंस्कृति पढ़ि बच्चा सभ अपन जड़ि आ सांस्कृतिक विरासत कें पहचानत। हम सभ एहि पत्रिका कें प्रत्येक विद्यालय धरि पहुंचायब, जाहि सं बच्चा गर्व सं मैथिली बाजय, पढ़य आ लिखय।

वुशु प्रतियोगिता मे बेटी सब देखौलनि दमखम, विभिन्न भार वर्ग मे जीतलनि पदक

अंडर-19 बालिका वर्ग मे सारण, पटना आ दरभंगा प्रमंडलक खिलाड़ीसभक शानदार प्रदर्शन

दरभंगा, समदिया



लहेरियासरायक नेहरू स्टेडियम मे आयोजित राज्यस्तरीय भेद-मंडलीय वुशु प्रतियोगिताक अंडर-19 बालिका वर्गक विभिन्न भार वर्गक मोकाबला संपन्न भेल। प्रतियोगिता मे राज्यक अलग-अलग प्रमंडल संआयल खेलाड़ी सभ अपन दमखम, तकनीकी दक्षता आ खेल कौशलक शानदार प्रदर्शन कयलनि। बिहारसरकारक खेल विभाग, बिहार राज्य खेल प्राधिकरण आ जिला प्रशासनक संयुक्त तत्वावधान मे आयोजित एहि प्रतियोगिता मे खिलाड़ीसभक बीच रोमांचक मोकाबला देखय लेल भेटल। अंडर-45 किलोग्राम भार वर्गमे सारण प्रमंडलक पलक कुमारी स्वर्ण, दरभंगाक सारती कुमारी रजत तथा तिरहुतक खुशी कुमारी आपटनाक शिवानी कुमारी कांस्य पदक जीतलनि। अंडर-48 किलोग्राम मे पटनाक खुशी कुमारी स्वर्ण,सारणक मासूम कुमारी रजत तथा कोसीक प्रीति कुमारी आ दरभंगाक रानी कुमारी कांस्य पदक प्राप्तकयलनि। अंडर-52 किलोग्राम मे पटनाक खुशी श्रीवास्तव स्वर्ण, सारणक माया कुमारी रजत तथा मुंगेरक अंशु कुमारी आ दरभंगाक प्रीति कुमारी कांस्य पदक जीतलनि। अंडर-56 किलोग्राम मे तिरहुतक गौरीकुमारी स्वर्ण, पटनाक संस्कृति रानी रजत तथा कोसीक अनन्या कुमारी आ दरभंगाक कन्या कुमारी कांस्यपदक हासिल कयलनि। अंडर-60 किलोग्राम मे पटनाक नैंसी कुमारी स्वर्ण, तिरहुतक श्रेया राज रजत आदरभंगाक लक्ष्मी महारानी कांस्य पदक जीतलनि। ओतहि, अंडर-75 किलोग्राम मे सारणक नैंसी कुमारीस्वर्ण, पटनाक साक्षी कुमारी रजत तथा मुंगेरक छोटी कुमारी कांस्य पदक प्राप्त कयलनि। प्रतियोगिताक समापन पर जिला खेल पदाधिकारी चंदन कुमार विजेता आ उपविजेता खेलाड़ी सभ कें ट्रॉफी, मेडल आ प्रशस्ति पत्र दए सम्मानित कयलनि। ओ कहलनि जे खेल बेटीसब कें आत्मनिर्भर, आत्मविश्वासी आ अनुशासित बनेबाक सशक्त माध्यम अछि। वुशु सन चुनौतीपूर्ण मार्शल आर्ट मे बेटीसबक शानदार प्रदर्शन समाज मे सकारात्मक बदलावक संकेत अछि। ओ खेलाड़ी सभ कें निरंतर अभ्यास आ मेहनतक बल परआगू बढ़बाक प्रेरणा देलनि। एहि अवसर पर 25म जूनियर नेशनल वुशु चैंपियनशिप-2026, तमिलनाडु मेकांस्य पदक जीतनिहार अभिषेक कुमार कें सेहो जिला खेल पदाधिकारी मोमेंटो दए सम्मानित कयलनि।चंदन कुमार प्रतियोगिताक सफल आयोजन मे सहयोग लेल तकनीकी अधिकारी, मैच ऑफिशियल,निर्णायक, प्रशिक्षक, शारीरिक शिक्षक आ चिकित्सकीय टीमक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। मौका परदरभंगा वुशु संघक अध्यक्ष राजीव कुमार ठाकुर, सचिव संजीव कुमार यादव सहित खेल जगत सं जुड़ल कतेको गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलाह।

बेनीपुर नगर परिषदक 96 छठि घाट पर सफाइ आ रोशनीक व्यवस्था पर लागल मोहर

नगर परिषद बैसार मे विद्यापतिक प्रतिमा स्थापित करबाक भेल निर्णय

बेनीपुर, समदिया



बेनीपुर नगर परिषद क्षेत्रक विकास कें नव दिशा देबाक उद्देश्य सं नगर परिषद सभागार मे आयोजित बोर्डक विशेष बैसार मे कतेको महत्वपूर्ण प्रस्ताव सभ कें मंजूरी देल गेल। मुख्य पार्षद मोहम्मद अकबालक अध्यक्षता मे आयोजित एहि बैसार मे दीपावली आ छठि महापर्व कें देखैत नगर परिषद क्षेत्रक सभ 96 छठि घाट पर साफ-सफाइ आ रोशनीक समुचित व्यवस्था करबाक प्रस्ताव सर्वसम्मति सं पारितकयल गेल। बैसार मे शहरक सौंदर्यीकरण आ ऐतिहासिक महापुरुषसभक स्मृति कें सहेजबाक उद्देश्य संकतेको महत्वपूर्ण निर्णय लेल गेल। वार्ड पार्षद देवकीनंदन ठाकुरक नेतृत्व मे पार्षद सभ बाबा साहब डॉ.भीमराव आंबेडकर, महात्मा गांधी, पंडित सीताराम झा, पंडित विनोदानंद झा आ पंडित हरिनाथ मिश्रकस्मृति मे स्मारक स्थापित करबाक प्रस्ताव रखलनि, जाहि पर बोर्ड अपन मंजूरी दए देलक। ओतहि, वार्ड पार्षद भगवान राय केर मांग पर धरौड़ा चौक पर महाकवि विद्यापतिक प्रतिमा स्थापित करबाक प्रस्तावपर मुख्य पार्षद सहमति जतबैत आवश्यक पहल करबाक आश्वासन देलनि। एहि अतिरिक्त नवादा चौकपर भगवती गेटक निर्माण करयबाक प्रस्ताव सेहो पारित कयल गेल। बैसार मे नगर परिषद क्षेत्रक विकाससं जुड़ल अन्य महत्वपूर्ण प्रस्ताव सभ पर सेहो सहमति बनल। बैसारक शुरुआत मुख्य पार्षद मोहम्मद अकबाल, नगर परिषदक कार्यपालक पदाधिकारी डॉ. जयचंद्र एकसरआ पार्षद सभ संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कय कयलनि। एकर बाद कार्यवाही शुरू होयबाक पूर्व पूर्ववार्ड पार्षद देवनारायण यादव उर्फ राय जीक असामयिक निधन पर दू मिनटक मौन राखि श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल। बैसार मे उपमुख्य पार्षद राजीव कुमार ठाकुर सहित सभ पार्षद आ पार्षद प्रतिनिधि उपस्थित छलाह।

कमला बलान बांध पर फटफटिया आ टेंपूक आमने-सामने टक्कर, चारि यात्री घायल

गौड़ाबौराम, समदिया

बड़गांव थाना क्षेत्रक कमला बलान बांध पर सांझखन तेज गति फटफटिया आ टेंपोक आमने-सामने भीषण टक्कर भए गेल। एहि दुर्घटना मे फटफटिया सवार सहित चारि गोटे घायल भए गेलाह। टक्कर मेफटफटिया आ टेंपो दुनू क्षतिग्रस्त भए गेल। भेटल जानकारीक अनुसार, सांझखन एकटा फटफटिया सवारबान्ह पर तेज रफ्तार सं जा रहल छलाह। एही दौरान सामने सं आबि रहल टेंपो सं ओकर आमने-सामनेटक्कर भए गेल। टक्कर होइतहि फटफटिया सवार सड़क पर खसि पड़लाह आ टेंपो सेहो अनियंत्रित भएपलटि गेल। एहि दुर्घटना मे टेंपो पर सवार यात्री सेहो घायल भए गेलाह। घटनाक बाद घटनास्थल पर अफरा-तफरी मचि गेल। स्थानीय लोक सभ तत्काल बड़गांव थाना पुलिस आएंबुलेंस कें सूचना देलनि। सभ घायल कें प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र आसी मे इलाज लेल पठाओल गेल। घायल सभ मे एक गोटेक स्थिति गंभीर बताओल जा रहल अछि, जखन कि गंभीर रूप सं घायल अन्यतीन गोटेक स्थिति स्थिर अछि। ओम्हर, घटनाक सूचना भेटिते बड़गांव थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचिक्षतिग्रस्त फटफटिया आ टेंपो कें अपना कब्जा मे लए लेलक अछि।

छठि पाबनिक तैयारी तेज, एसडीओ कयलनि विभिन्न घाट सभक निरीक्षण

बेनीपुर, समदिया

लोक आस्थाक महापर्व छठिक लेल बेनीपुर मे प्रशासनिक तैयारी तेज भए गेल अछि। एहि क्रम मे अनुमंडल पदाधिकारी मनीष कुमार झा नगर परिषद क्षेत्रक विभिन्न छठि घाटसभक भ्रमण कए तैयारीकजायजा लेलनि। निरीक्षणक दौरान ओ घाटसभक साफ-सफाई, रोशनी, पोखैर आ नदी मे सुरक्षा लेलबैरिकेडिंग सहित अन्य व्यवस्थाक बारीकी सं अवलोकन कयलनि। एसडीओ संबंधित अधिकारी सभ केंपाबनिक पहिनहि सभ आवश्यक इंतजाम पूरा करबाक निर्देश देलनि, जाहि सं व्रती आ श्रद्धालु सभ केंकोनो तरहक परेशानी नहि होनि। एहि दौरान नगर परिषदक कार्यपालक पदाधिकारी डॉ. जयचंद्र एकसर आ प्रखंड विकास पदाधिकारी राहुल कुमार कर्ण कें घाट सभ पर स्वच्छता आ पर्याप्त रोशनीक व्यवस्थासुनिश्चित करबाक लेल कहलनि। संगहि, तैयारीक लगातार निगरानी करबाक निर्देश सेहो देलनि। ओतहि,गहींर पानिवला घाट सभ पर विशेष सावधानी बरतबाक निर्देश देल गेल। एसडीओ अंचल अधिकारी केंगोताखोरक तैनाती सुनिश्चित करबाक आ संवेदनशील घाट सभ पर सुरक्षाक पुख्ता इंतजाम करबाक लेलकहलनि। एसडीओ श्री झा कहलनि जे छठि पाबनिक दौरान श्रद्धालुसभक सुविधा, सुरक्षा आ व्यवस्थित आयोजन प्रशासनक प्राथमिकता अछि।

अनियंत्रित बस गाछ सं टकरायल, तीन यात्री घायल, एक डीएमसीएच रेफर

बिरौल, समदिया



बेनीपुर-बिरौल मुख्य सड़क एसएच-56 पर सवारी लए दरभंगा सं कुशेश्वरस्थान जा रहल जानकी सर्विसबस अनियंत्रित भए सड़क कातक गाछ सं टकरा गेल। एहि दुर्घटना मे बस पर सवार तीन गोटे घायल भए गेलाह। सभ घायलक इलाज कयल गेल। घटना दिनक करीब 3:30 बजे सिसौनी गोविंदपुर मोड़ लगभेल। घटनाक सूचना भेटिते पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि घायल सभ कें इलाज लेल अनुमंडलीयअस्पताल पठौलनि। चिकित्सक प्राथमिक उपचारक बाद अफजला निवासी 32 वर्षीय सरगम कुमारीकगंभीर स्थिति देखि हुनका डीएमसीएच रेफर कय देलनि। ओतहि हुनकर 6 वर्षीय बेटा अंकित कुमार आबड़ागांव निवासी 72 वर्षीय श्याम देवी कें प्राथमिक उपचारक बाद घर पठा देल गेल। घटनास्थल पर पहुंचल पुलिस अधिकारी रंजन कुमार बतौलनि जे तेज रफ्तार बस दरभंगा सं आबि रहल छल। एहि दौरान विपरीत दिशा दिस सं आबि रहल एकटा फटफटिया कें बचयबाक क्रम मे बस अनियंत्रित भएसड़क कातक गाछ सं टकरा गेल। संयोग नीक रहल जे एहि दुर्घटना मे पैघ अनहोनी टलि गेल। प्रभारीथानाध्यक्ष मुकेश कुमार बतौलनि जे बस कें पुलिस अपन कब्जा मे लए लेलक अछि आ मामिलाक जांच कयल जा रहल अछि।

125 साल पुरान परंपरा आइयो कायम

बेनीपुरक नवादा गाम मे एक दिन पहिने मनाओल गेल दीपावली

बेनीपुर, समदिया



पग-पग दीप, दीप्त-प्रदीप्त... विरासतक लौ सं प्रकाशित डेढ़ सए सालक परंपरा। जिम्मेदारी जन-जनक, संकल्प मन-मनक। ने उम्रक बंधन, ने सामाजिक भेदभाव। बेनीपुरक नवादा गामक दीपावली एहि अनूठासंदेशक संग अपन अलग पहचान बना लेने अछि। मिथिलाक एहि गाम मे दीपोत्सवक अद्भुत दृश्यदेखबाक लेल दूर-दूर सं लोक अबैत छथि। देश भरि मे एहि साल 08 नवंबर कें दीपावली मनाओल जायत,मुदा दरभंगा जिलाक बेनीपुर अनुमंडल स्थित नवादा गाम मे दीपावलीक रौनक एक दिन पहिनहि पसरिजाइत अछि। एहि साल गाम मे शनिदिन, 07 नवंबर कें दीपोत्सव मनाओल गेल। करीब 125 साल पुरान एहि अद्भुत परंपरा मे पीढ़ी बदलि गेल, रहन-सहन बदलल आ गामक स्वरूप सेहो आधुनिक भेल, मुदादीपावली एक दिन पहिने मनेबाक परंपरा आइयो कायम अछि। करीब 14 हजार आबादीवला एहि गाम मे दीपावली मात्र रोशनी आ आतिशबाजीक पाबनि नहि, बल्कि सामूहिक एकजुटता, पूर्वजक स्मृति आ सांस्कृतिक विरासत कें सहेजबाक अवसर अछि। नवका पीढ़ी सेहो एहि परंपरा कें अपन सांस्कृतिकपहचान मानैत अछि आ पूर्वजक धरोहरक रूप मे देखैत अछि। समयक संग उत्सवक स्वरूप मे बदलावजरूर आयल अछि। जतय पहिने माटिक दीप आ सरिसोक तेलक रोशनी सं गाम जगमगाइत छल, ओतहि आब एलईडी लाइट, झालर आ बिजलीक सजावटी उपकरण सेहो उत्सवक हिस्सा बनि गेल अछि। एहि संबंध मे गामक बुजुर्ग रमानंद झा बतौलनि जे ई परंपरा पूर्वजक आस्था सं जुड़ल अछि आ एकरसंबंध दरभंगा राजघराना सं रहल अछि। ओ कहलनि जे महाराजा लक्ष्मीश्वर सिंह (1880-1898) केर शासनकाल मे नवादा गामक पहलवान सुखदेव पर महाराजक विशेष कृपा रहैत छलनि। राजघराना मेदेशक विभिन्न राज्य सं आयल पहलवानसभक कुश्ती होइत छल। एहि प्रतियोगिता मे सुखदेव पहलवानप्रायः प्रत्येक बेर जीतैत छलाह। हुनकर एहि उपलब्धि सं महाराज हुनका पर प्रसन्न रहैत छलाह। एहि कारणें गामक लोकसभक राजमहल मे आनाइ-जानाइ लागल रहैत छल। ओहि समय दरभंगा महाराजक राजमहल मे दीपावली एक दिन पहिने मनाओल जाइत छल। ओहि परंपरा सं प्रभावित भए नवादा गामक लोक सभ सेहो एक दिन पहिने दीपोत्सव मनेबाक शुरुआत केलनि। धीरे-धीरे ई परंपरा गामक विशिष्ट पहचान बनि गेल आ आइयो ओहिना कायम अछि।

पर्व-त्योहारक अवसर पर विद्यालय परिवार केलक धोती-साड़ी आ अन्य सामग्रीक वितरण



बिस्फी, समदिया

बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक प्राथमिक विद्यालय छोड़हिया परिसर मे दीपावली आ लोकआस्थाक महापर्व छठि कें ध्यान मे रखैत विद्यालय परिवारक दिस सं पर्व-त्योहार मे उपयोग होमयवला विभिन्न सामग्रीक वितरण कयल गेल। एहि अवसर पर विद्यालय मे कार्यरत रसोइया सह सहायक आ सफाईकर्मी सभ केंविद्यालयक प्रधानाध्यापिका रानी कुमारीक अध्यक्षता मे साड़ी, धोती, गमछा, गंजी सहित अन्य सामग्री देलगेल। सामग्री पाबि सभ रसोइया आ सफाईकर्मी बहुत प्रसन्न देखेलनि। सभ गोटे खुशी-खुशी सामग्री ग्रहण कयलनि। एहि अवसर पर पूर्व प्रधानाध्यापक सह परिवर्तनकारी प्रारंभिक शिक्षक संघक जिलाध्यक्ष विकास कुमार ठाकुर, शिक्षिका आरती कुमारी आ बसंत कुमार राय उपस्थित छलाह। ओतहि रसोइया समुद्री देवी,योगेंद्र सदाय, सरिता देवी, शिव सदाय सहित विद्यालयक सभ रसोइया आ सफाईकर्मी सेहो उपस्थितछलथि।

हनुमान मंदिर बांका समितिक तत्वावधान मे निकलल भव्य कलश शोभायात्रा

बिस्फी, समदिया



बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक हनुमान मंदिर बांका मे हनुमान जयंती पूजा महोत्सवक अवसर पर भव्य कलश शोभायात्रा निकालल गेल। गाज-बाज आ भक्तिमय वातावरणक बीच निकलल एहि शोभायात्रा मे कुमारी कन्या सभ भाग लेलनि। गामक सैकड़ो श्रद्धालुक सहभागिता सं पूरा इलाका भक्तिमय भए गेल। वैदिकमंत्रोच्चारक बीच कन्या सभ कलश मे पवित्र जल भरलनि। तकर बाद पूरा गामक परिक्रमा करैत कलश शोभायात्रा फेर पूजा स्थल पर पहुंचल। ओतय कतेको विद्वान पंडितक उपस्थिति मे विधि-विधानपूर्वककलश स्थापित कयल गेल। पूर्व जिला पार्षद बबली यादव आ भाजपा के वरिष्ठ नेता संजय यादव पहिल कलश देखि शोभायात्राक शुभारंभ कयलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे गाम मे शांति, समृद्धि, आपसी प्रेम आ भाईचारा बनल रहय, एहि उद्देश्य सं प्रत्येक बरख पूजा-अर्चना कयल जाइत अछि।

दीपावली आ छठि कें लए डीएम-एसपी बस पड़ाव रेलवे स्टेशन आ छठि घाट सभक कयलनि निरीक्षण

भीड़ प्रबंधन आ यात्री सुविधाक व्यवस्था दुरुस्त करबाक निर्देश

» आगामी 2-3 दिन मे स्टेशन पर 50 हजार प्रवासीक अयबाक संभावना

सहरसा, समदिया



दीपावली आ महापर्व छठिक अवसर पर जिला मे आबयवला प्रवासी लोकनिक सुविधा तथा दुनू पर्वकशांतिपूर्ण आ सुव्यवस्थित आयोजन कें लए शनिदिन जिलाधिकारी दीपेश कुमार आ पुलिस अधीक्षकविक्रम सिहाग शहरक बस पड़ाव, रेलवे स्टेशन आ विभिन्न छठि घाट सभक निरीक्षण कयलनि। एहिदौरान अधिकारी सभ संबंधित विभाग कें साफ-सफाई, सुरक्षा, पर्याप्त रोशनी आ भीड़ प्रबंधनक समुचितव्यवस्था सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। निरीक्षणक क्रम मे जिलाधिकारी पर्वक अवसर पर अपन घरघुरि रहल प्रवासी लोकनिक स्वागत लेल रेलवे स्टेशन आ बस पड़ाव पर स्वागत द्वार बनयबाक निर्देश देलनि। बस पड़ाव पर साफ-सफाई, सुरक्षा, पर्याप्त रोशनी आ भीड़ प्रबंधनक लेल आवश्यक तैयारी करबाकलेल कहलनि। रेलवे स्टेशनक निरीक्षणक दौरान रेलवे अधिकारी सभ जिलाधिकारी कें जानकारी देलनि जेआगामी पर्व कें देखैत सहरसा रेलवे स्टेशन पर अगिला 2-3 दिन मे करीब 50 हजार प्रवासी लोककअयबाक संभावना अछि। एहि संभावित भीड़ कें देखैत जिलाधिकारी प्रभावी भीड़ प्रबंधन, साफ-सफाई, यात्रीसुविधा आ अन्य आवश्यक व्यवस्था कें बेसी मजबूत करबाक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी अमृत भारतस्टेशन भवन परिसर मे निर्माणाधीन होल्डिंग एरिया सेहो निरीक्षण कयलनि। ओ संबंधित अधिकारी सभकें आवश्यक तैयारी समय पर पूरा करबाक निर्देश देलनि। तकर बाद जिलाधिकारी आ पुलिस अधीक्षकशहरक विभिन्न छठि घाट सभक निरीक्षण कयलनि। जिलाधिकारी श्रद्धालु सभक सुविधा आ सुरक्षा कें ध्यान मे रखैत घाट सभ पर समुचित साफ-सफाई, पर्याप्त रोशनी आ अन्य आवश्यक व्यवस्था सुनिश्चित करबाक निर्देश नगर निगम सहित संबंधित विभागक अधिकारी सभ कें देलनि। निरीक्षणक दौरान उप विकास आयुक्त गौरव कुमार, अपर समाहर्ता निशांत, सदर अनुमंडल पदाधिकारीश्रीयांश तिवारी, विशेष कार्य पदाधिकारी राजू कुमार, जिला सूचना आ जनसंपर्क पदाधिकारी राजीव रंजन,उप नगर आयुक्त सहित अन्य संबंधित अधिकारी उपस्थित छलाह।

राजकीय महिला आइटीआइ फारबिसगंजक 67 छात्रा कें देलक औद्योगिक प्रशिक्षण

फारबिसगंज, समदिया

सीईओ समर गोयल देलनि दीपावलीक शुभकामना



दीपावली मात्र दीप जरयबाक आ खुशी मनेबाक पर्व नहि, बल्कि ज्ञान, विश्वास, समृद्धि आ विकासक प्रकाश पसारबाक अवसर सेहो अछि। एहि सोचक संग कॉनसम ग्रुप ऑफ इंडस्ट्रीज सामाजिक सरोकार आ कौशल विकासक दिशा मे सराहनीय पहल कयलक अछि। समूह राजकीय महिला औद्योगिक प्रशिक्षणसंस्थान (आइटीआइ), फारबिसगंजक 67 प्रशिक्षणार्थी छात्रा कें औद्योगिक प्रशिक्षण देलक। एहि पहल संछात्रा सभ कें किताबी ज्ञानक अतिरिक्त उद्योगक वास्तविक कार्यप्रणाली, आधुनिक तकनीक आ रोजगारसं जुड़ल व्यावहारिक जानकारी प्राप्त करबाक अवसर भेटल।प्रशिक्षण कार्यक्रम राजकीय महिला आइटीआइक उप प्राचार्य पुष्कर आनंद आ ग्रुप अनुदेशक मनोजकुमारक उपस्थिति मे संपन्न भेल। कॉनसम ग्रुपक प्रचार-प्रसार प्रभारी सह सीईओ सेल के वरिष्ठ अधिकारी आभाष बच्चन तथा साइट इंचार्ज रूपेश कुमारक निरीक्षण आ मार्गदर्शन मे प्रशिक्षण देल गेल।समूहक मानब अछि जे महिला प्रशिक्षणार्थी कें तकनीकी रूप सं दक्ष बनायब हुनकर आत्मनिर्भरता आसामाजिक विकास लेल महत्वपूर्ण अछि। दीपावलीक अवसर पर कॉनसम ग्रुप ऑफ इंडस्ट्रीजक सीईओ सह निदेशक समर गोयल किसान, कर्मचारी, अधिकारी, सहयोगी, व्यावसायिक साझेदार, ग्राहक आ देशवासी केंशुभकामना देलनि। ओ कहलनि जे किसान समृद्ध होयताह, तखने देश समृद्ध होयत। कृषि, उद्योग,रोजगार आ तकनीकी विकास एक-दोसरा सं जुड़ल अछि। कॉनसम ग्रुप कृषि क्षेत्र मे कॉनसम महाशक्तिशाली खादक संग इंटरनेट कनेक्टिविटी, एचआर सॉफ्टवेयर आ क्लाउड टेलीफोनी सेवा सेहो उपलब्ध करा रहल अछि। समूहक उद्देश्य तकनीक कें सरल, सुलभ आ जनोपयोगी बनायब अछि। एहि दीपावली पर समूह किसान समृद्धि, गुणवत्तापूर्ण सेवा, आधुनिक तकनीकक विस्तार, रोजगार आ उद्यमिता कें प्रोत्साहन तथा पारदर्शिता आ सामाजिक उत्तरदायित्वक संग विकासक पांच संकल्प लेलनि अछि। समर गोयल कहलनि जे दीपावली पर घरक संग-संग विचार आ समाजो मे सकारात्मकताक दीप जराबी।समूहक विश्वास अछि जे शिक्षा, कौशल विकास, कृषि, उद्योग आ आधुनिक तकनीकक समन्वय संआत्मनिर्भर भारतक सपना मजबूत होयत। विश्वास आ भरोसाक प्रतीक - कॉनसम ग्रुप ऑफ इंडस्ट्रीज।

नटखट खेल महोत्सव 18 सं 24 नवंबर धरि बनगांव मे, 10 हजार खेलाड़ी सभक सहभागिताक लक्ष्य

सहरसा, समदिया



बिहारक ग्रामीण खेल प्रतिभा सभ कें मंच देबयवला नटखट खेल महोत्सव 2026 आगामी 18 सं 24 नवंबर धरि बनगांव मे आयोजित होयत। आयोजन कें लए आयोजित प्रेस कॉन्फ्रेंस मे महोत्सवक अध्यक्षनिरंजन ठाकुर कहलनि जे नटखट आब मात्र खेल आयोजन नहि, बल्कि पूरा इलाकाक साझा पहचान आसामूहिक गौरवक महोत्सव बनि गेल अछि। ओ कहलनि जे नटखटक शुरुआत बनगांव सं भेल छल, मुदाआइ एकर जुड़ाव देश-विदेश धरि पहुंचि गेल अछि। विदेश मे रहयवला लोकनिक दिस सं आर्थिक सहयोगभेटब आयोजनक प्रति बढ़ैत विश्वास आ भावनात्मक जुड़ावक प्रमाण अछि। एहि अवसर पर उपाध्यक्ष शिवा कात्यायन, अध्यक्ष बिधु शेखर खां तथा प्रवक्ता अनंत कुमार झा (रोशन) आ रोशन कुमार झा (माधव) उपस्थित छलाह। चेयरमैन जानकारी देलनि जे एहि बरख महोत्सव मे 10 हजार सं बेसी खेलाड़ीसभक सहभागिताक लक्ष्य राखल गेल अछि। महोत्सव मे महिला कबड्डी, वॉलीबॉल, अंतरजिला फुटबॉल,एथलेटिक्स, मैराथन, साइकिलिंग, शतरंज, कैरम आ स्पोर्ट्स क्विज सहित कतेको प्रतियोगिता आयोजितहोयत। एहि बरख भारतीय स्टेट बैंक महोत्सवक टाइटल प्रायोजक अछि। जखन कि पंजाब नेशनल बैंक,बिहार ग्रामीण बैंक सहित कतेको संस्थान सहयोग कए रहल अछि। बरख 2021 मे 491 खेलाड़ी सभकसहभागिता सं शुरू भेल ई आयोजन 2024 मे 7163 खेलाड़ी धरि पहुंचि गेल। निरंजन ठाकुर क्षेत्रक खेलाड़ी, युवा, संस्था आ आम लोक सं महोत्सव मे बढ़ि-चढ़ि कए भाग लेबाक अपील कयलनि। ओ कहलनि, जड़ि बनगांव मे अछि, मुदा सपना वैश्विक अछि। नटखट पूरा इलाकाक, सभक महोत्सव अछि।

डॉ. इंतिखाब आलम बनलाह लोजपा अल्पसंख्यक प्रकोष्ठक राष्ट्रीय अध्यक्ष

सीतामढ़ी, समदिया



बाजपट्टी विधानसभा क्षेत्रक पूर्व प्रत्याशी आ दरभंगा सिटी हॉस्पिटलक निदेशक डॉ. मो. इंतिखाब आलम कें लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास)क अल्पसंख्यक प्रकोष्ठक राष्ट्रीय अध्यक्ष मनोनीत कयल गेलनि अछि। हुनकर मनोनयन पर सीतामढ़ी सहित पूरा क्षेत्र मे समर्थक आ शुभचिंतक सभ हर्ष व्यक्त करैत बधाई आ शुभकामना देलनि अछि। नव जिम्मेदारी भेटलाक बाद डॉ. मोहम्मद इंतिखाब आलम पार्टीकराष्ट्रीय अध्यक्ष आ केंद्रीय खाद्य प्रसंस्करण उद्योग मंत्री चिराग पासवान, राष्ट्रीय प्रधान महासचिवअब्दुल खालिक, जमुईक सांसद आ बिहार प्रभारी अरुण भारती तथा राष्ट्रीय उपाध्यक्ष कुंवर आसीमखानक प्रति हृदय सं आभार प्रकट कयलनि। ओ कहलनि जे पार्टी नेतृत्व हुनका पर जे विश्वास जतौनेअछि, ताहि पर खरा उतरेबाक ओ पूरा प्रयास करताह। डॉ. आलम कहलनि जे अल्पसंख्यक प्रकोष्ठक राष्ट्रीय अध्यक्षक रूप मे भेटल महत्वपूर्ण जिम्मेदारीक निर्वहन ओ पूरा निष्ठा, ईमानदारी आ समर्पणक संग करताह। संगठन कें राष्ट्रीय स्तर पर मजबूत बनेबाक आ पार्टीक नीति तथा विचारधारा कें समाजकविभिन्न वर्ग धरि पहुंचयबाक लेल ओ प्रतिबद्ध छथि। मनोयनक बाद डॉ. इंतिखाब आलम पार्टीक राष्ट्रीयअध्यक्ष चिराग पासवान सं भेंट सेहो कयलनि आ हुनका पुष्पगुच्छ भेंट क आभार प्रकट कयलनि। चिरागपासवानक संग हुनकर भेंटक तस्वीर सेहो सामने आयल अछि। डॉ. आलमक मनोनयन सं बाजपट्टी विधानसभा क्षेत्र आ सीतामढ़ीक पार्टी समर्थक सभ मे उत्साह अछि। समर्थक सभ कहलनि जे डॉ. इंतिखाब आलमक अनुभव आ सामाजिक जुड़ाव सं संगठन कें लाभ भेटत तथा अल्पसंख्यक समाजक बीच पार्टीक गतिविधि कें नव मजबूती भेटत।

स्व. हीरा रायक प्रतिमा पर माल्यार्पण कए देलनि श्रद्धांजलि

विकास कुमार यादव आ इंद्राणी राय हुनकर आदर्श पर चलबाक लेल लेलनि संकल्प

सीतामढ़ी, समदिया



रुन्नीसैदपुर प्रखंडक मधौल सनी पंचायतक रुपौली गाम मे मेहसा पंचायतक आजीवन सरपंच रहल स्वर्गीय हीरा रायजीक प्रतिमा पर कांग्रेसक रुन्नीसैदपुर विधानसभा अध्यक्ष विकास कुमार यादव आसीतामढ़ी जिला परिषदक पूर्व अध्यक्ष इंद्राणी राय संयुक्त रूप सं माल्यार्पण कए श्रद्धासुमन अर्पितकयलनि। एहि अवसर पर विकास कुमार यादव स्वर्गीय हीरा रायजीक व्यक्तित्व आ कृतित्व कें स्मरणकरैत कहलनि जे ओ अत्यंत चरित्रवान, ईमानदार आ समाजक प्रति समर्पित व्यक्ति छलाह। हुनकर व्यक्तित्व आ सामाजिक योगदान एतेक प्रभावशाली छल जे हुनकर ख्याति पूरा जिला मे छल। ओ कहलनि जे स्वर्गीय हीरा राय अपन जीवन मे समाजसेवा, नैतिकता आ जनहित कें सर्वोपरि रखलनि। हुनकर जीवन आइयो समाजक लोकनिक लेल प्रेरणास्रोत अछि। हुनका द्वारा बताओल गेल आदर्श आसिद्धांत पर चलबहि हुनका प्रति सच्चा श्रद्धांजलि होयत। विकास कुमार यादव हुनकर आदर्श सभ केंअपन जीवन मे उतारबाक आ समाजहित मे हुनकर पदचिह्न पर चलबाक संकल्प लेलनि। एहि अवसर पर उपस्थित लोक सभ सेहो स्वर्गीय हीरा रायजीक सामाजिक योगदान कें स्मरण करैत हुनका भावभीनी श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

दीपावली आ छठि महापर्व पर संगीता सिंह देलनि शुभकामना

सीतामढ़ी, समदिया



दीपावली आ लोकआस्थाक महापर्व छठिक पावन अवसर पर बिहार प्रदेश भाजपा प्रवक्ता संगीता सिंह समस्त प्रदेशवासी कें हार्दिक बधाई आ शुभकामना देलनि अछि। ओ कहलनि जे दीपावली प्रकाश, प्रसन्नताआ सकारात्मक ऊर्जाक प्रतीक अछि। ई पर्व अन्हार पर इजोत, असत्य पर सत्य आ अधर्म पर धर्मक विजयक संदेश दैत अछि। मां लक्ष्मी आ भगवान गणेशक कृपा सं सभक जीवन मे सुख, समृद्धि, शांति आ खुशहाली बनल रहय, से हुनकर मंगलकामना अछि। छठि महापर्वक महत्ता पर प्रकाश दैत संगीता सिंहकहलनि जे छठि पूजा बिहारक समृद्ध संस्कृति, परंपरा, आस्था आ सामाजिक एकताक प्रतीक अछि।भगवान सूर्य आ छठी माइक आराधनाक ई महान पर्व प्रकृतिक प्रति सम्मान, अनुशासन, पवित्रता आपरिवार तथा समाजक प्रति समर्पणक भावना जगबैत अछि। ओ विशेष रूप सं छठि व्रती सभ कें नमन करैत कहलनि जे छठी मइया सभ श्रद्धालुक मनोकामना पूर्ण करथि आ सभक परिवार मे सुख, शांति, स्वास्थ्य आ समृद्धि बनौने राखथि। संगीता सिंह प्रदेशवासी सं दुनू पर्व आपसी प्रेम, भाईचारा, सद्भाव आ स्वच्छताक संग मनयबाक अपील कयलनि। संगहि बिहारक गौरवशाली सांस्कृतिक परंपरा कें आगूबढ़यबाक संदेश देलनि।

नव पदस्थापित डीईओ ग्रहण केलनि कार्यभार

सीतामढ़ी, समदिया



जिलाक नव पदस्थापित जिला शिक्षा पदाधिकारी (डीईओ) दिनेश कुमार पासवान शनिदिन सीतामढ़ी पहुंचिअपन पदभार ग्रहण कयलनि। कार्यभार ग्रहण करबाक बाद शिक्षा विभागक अधिकारी आ कर्मी सभ हुनकर स्वागत कयलनि। एहि अवसर पर जिला कार्यक्रम पदाधिकारी (डीपीओ) हुनका पुष्पगुच्छ भेंट कए अभिनंदन कयलनि। पदभार ग्रहण करबाक बाद डीईओ विभागीय अधिकारी सभ सं जिलाक शिक्षा व्यवस्था आ विभागीय काजक जानकारी लेलनि। ओ अधिकारी सभ कें विद्यालय सभ मे शैक्षणिकव्यवस्था नीक बनयबाक, विभागीय योजनाक प्रभावकारी क्रियान्वयन आ लंबित काज सभक निष्पादन लेल आवश्यक निर्देश देलनि। नव डीईओ द्वारा कार्यभार ग्रहण कयल गेलाक बाद शिक्षा विभागक अधिकारीआ कर्मी सभ हुनका शुभकामना देलनि। एहि अवसर पर डीपीओ सौरभ प्रियदर्शी आ डीपीओ सुजीतकुमार दास सेहो उपस्थित छलाह।

समाजसेवाक क्षेत्र मे सांसद पप्पू यादव कें भेटल अंतरराष्ट्रीय सम्मान

पूर्णिया, समदिया

यूएनआई अमेरिकन इगल मानद डॉक्टरेट सं केलक सम्मानित



» सांसद पप्पू यादव कहलनि जे ई सम्मान पूर्णिया आ देशक गरीब, युवा माता-बहिन सभक प्रेम आ
» विश्वास कें समर्पित अछि

पूर्णियाक सांसद राजेश रंजन उर्फ पप्पू यादव कें समाजसेवाक क्षेत्र मे यूएनआई अमेरिकन इगल दिस संमानद डॉक्टर ऑफ फिलॉसफी (मानद डॉक्टरेट) उपाधि सं सम्मानित कयल गेलनि अछि। ई सम्मान हुनका समाजसेवा, जनकल्याण आ मानवीय मूल्यक प्रति समर्पण लेल देल गेलनि। एहि सम्मान पर हुनकर समर्थक आशुभचिंतक सभ प्रसन्नता व्यक्त करैत बधाई देलनि अछि। दावा कयल गेल अछि जे भारत मे ई सम्मान पाबयवला ओ पहिल व्यक्ति बनलाह। बाढ़ि, सुखाड़, अपराध, आपदा आ संकटपूर्ण परिस्थिति मे जरूरतमंद लोकनिक सहायता लेल सदिखन आगू रहयवला पप्पू यादव एहि सम्मान लेल आभार प्रकट कयलनि। ओ कहलनि जे ई हुनकर जीवनक सभ सं महत्वपूर्ण आ भावुक क्षण सभ मे सं एक अछि। ओ कहियो कोनो पुरस्कार वा सम्मानक अपेक्षा नहि रखलनि। हुनकर जीवन सेवा, संघर्ष आ मानवीय मूल्य सभ कें समर्पित रहल अछि। सांसद कहलनि जे ई सम्मान मात्र हुनकर नहि, बल्कि बिहार, पूर्णिया, मधेपुरा, सिंहेश्वर आ देशक ओहितमाम गरीब, युवा, माता-बहिन आ आम लोकनिक अछि, जिनकर प्रेम आ विश्वास हुनकर सभ सं पैघताकत अछि। जनता कें स्नेह हुनका लेल सभ सं पैघ पुरस्कार अछि। पप्पू यादव यूएनआई अमेरिकन इगल प्रति आभार प्रकट करैत कहलनि जे जनसेवाक हुनकर संकल्प पहिने सेहो छल, आइयो अछि आ जीवनक आखरी सांस धरि जारी रहत। ओ एहि सम्मान कें ओहि लोकसभ कें समर्पित कयलनि, जे प्रत्येक परिस्थिति मे हुनकर संग देलनि आ जरूरतमंद लोकनिक सेवाकरबाक हुनकर प्रयास कें ताकत देलनि। ओम्हर, हुनकर समर्थक सभ हुनका पूर्णियाक गौरव आ बिहारकसम्मान बतबैत कहलनि जे समाजसेवाक क्षेत्र मे भेटल ई सम्मान हुनकर जनकल्याणकारी काज कें अंतरराष्ट्रीय पहचान देलक अछि। समर्थक सभ लगातार हुनका बधाई आ शुभकामना दरहल छथि।

दीपावली आ छठि महापर्व पर निर्बाध बिजली आपूर्तिक लेल विभाग सतर्क : अमित

सहरसा, समदिया



दीपावली आ छठि महापर्वक दौरान आम उपभोक्ता सभ कें निर्बाध आ गुणवत्तापूर्ण बिजली आपूर्ति सुनिश्चित करबाक लेल विद्युत विभाग विशेष तैयारी शुरू कए देने अछि। पर्वक दौरान बिजली व्यवस्था सुचारु बनौने रखबाक उद्देश्य सं विभागक अधिकारी आ कर्मचारी पूरा तरह सतर्क रहताह। एहि लेल विद्युत उपकेंद्र, ट्रांसफॉर्मर, बिजलीक तार आ अन्य उपकरण सभक निरीक्षण कए आवश्यक देखरेख आमरम्मतिक काज कराओल जा रहल अछि। संभावित तकनीकी खराबी कें ध्यान मे रखैत आवश्यकव्यवस्था दुरुस्त कयल जा रहल अछि, जाहि सं पर्वक दौरान उपभोक्ता सभ कें कोनो तरहक परेशानी नहि हो। विद्युत कार्यपालक अभियंता ई. अमित कुमार कहलनि जे दीपावली आ छठि महापर्वक दौरान निर्बाध आ गुणवत्तापूर्ण बिजली आपूर्ति विभागक प्राथमिकता अछि। कोनो आपात स्थिति सं निपटबाक लेल अधिकारी आ कर्मचारी सभ कें सतर्क रहबाक निर्देश देल गेल अछि। ओ जानकारी देलनि जे त्वरितकारबाइ लेल फ्यूज कॉल सेंटर आ विभागीय नियंत्रण कक्ष सक्रिय रहत। बिजली आपूर्ति अथवा स्थानीय तकनीकी समस्या होयबाक स्थिति मे उपभोक्ता फ्यूज कॉल सेंटरक नंबर 06478-222364, नियंत्रण कक्षकनंबर 9264456421 अथवा टोल फ्री नंबर 1912 पर संपर्क कए सकैत छथि। विभाग आम लोक सं विद्युतसुरक्षा संबंधी नियमक पालन करबाक अपील सेहो कयने अछि।

गृहलक्ष्मीक सशक्तीकरण पर सेहो दी ध्यान

उमेश चतुर्वेदी

दीपावली आबि रहल अछि। घर-दोकान सं लए कए कार्यालय धरि साफ-सफाइ चलि रहल अछि। धनक देवी लक्ष्मीक बाट जोहैत संसार जनैत अछि जे हुनकर वाहन उल्लू थिक, मुदा हुनकर कृपा ओतहि होइत अछि जतय स्वच्छता रहैत अछि। मुदा ई स्वच्छता अबैत कोना अछि? बिना उद्यम आ परिश्रमक सफाइ संभव अछि? स्पष्ट अछि जे बिना उद्यमक लक्ष्मीक आगमन संभव नहि। हमर परंपरा मे घर-परिवारक महिला आ कन्या कें सेहो देवीक रूप मानल गेल अछि। बिनु घरनी घर भूतक डेरा - हमर समाज मे ई मान्यता रहल अछि। अर्थात घर मे जखन घरनी रहैत छथि तं ओ मात्र महिला, पत्नी, बेटी, बहिन वा माय नहि रहि जाइत छथि, बल्कि घरक लक्ष्मी बनि जाइत छथि। घरक लक्ष्मी जखन समर्थ होइत छथि तं परिवार खुशहाल होइत अछि। एहि संदर्भ मे भारत सरकारक लखपति दीदी योजना मोन पड़ैत अछि। मोदी सरकारक प्रयास सं आब देश मे तीन करोड़ महिला लखपति दीदी बनि चुकल छथि। आब सरकारक लक्ष्य एहि संख्या कें छह करोड़ धरि पहुंचयबाक अछि। योजनाक सफलताक अंदाजा एहि बात सं लगाओल जा सकैत अछि जे कतेको दीदी आब करोड़पति बनि गेल छथि अथवा हुनकर स्वयं सहायता समूह करोड़पति भए गेल अछि।

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी इतिहास मे अपन कतेको अद्भुत पहल लेल स्मरण कयल जेताह। एहि पहल सभ मे एकटा विशेष पहल अछि–लखपति दीदी योजना। एहि योजनाक शुरूआत 15 अगस्त 2023 कें स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर कयल गेल छल। अगिला वर्षक केंद्रीय बजट मे एकरा औपचारिक रूप सं देश भरि मे लागू करबाक प्रावधान कयल गेल। एहि योजनाक नोडल मंत्रालय केंद्रीय ग्रामीण विकास मंत्रालय थिक। एहि मंत्रालयक अधीन चलि रहल दीनदयाल अंत्योदय योजना आ राष्ट्रीय ग्रामीण आजीविका मिशन कें एकरा लागू करबाक जिम्मेदारी देल गेल अछि।

योजनाक माध्यम सं ग्रामीण क्षेत्रक स्वयं सहायता समूह सं जुड़ल महिला कें कौशल विकासक प्रशिक्षण दए आत्मनिर्भर बनाओल जा रहल अछि, जाहि सं ओ सलाना कम-सं-कम 1 लाख टाकाक स्थायी आमदनी कए सकथि। महिला कें आर्थिक रूप सं सशक्त बनयबाक एहि योजनाक अंतर्गत हुनका एलइडी बल्ब बनयबाक, प्लंबिंग, ड्रोन चलयबाक आ मरम्मत करबाक जेकां तकनीकी काज सिखाओल जा रहल अछि। संगहि स्थानीय स्तर पर रोजगार आ हस्तशिल्प कें बढ़ावा देबाक प्रयास सेहो भए रहल अछि। शुरू मे एहि योजनाक माध्यम सं 2 करोड़ महिला कें लखपति दीदी बनयबाक लक्ष्य राखल गेल छल, जे फरवरी 2024 केर अंतरिम बजट मे बढ़ा कह्ल 3 करोड़ कह्ल देल गेल। ई लक्ष्य सेहो पूरा भए चुकल अछि।



राज्य सरकारसभक सहयोग सं बैंक द्वारा स्वयं सहायता समूह कें कम ब्याज पर ऋण देल जा रहल अछि। नीक बात ई अछि जे अधिकांश दीदी एहि ऋण सं अपन कारोबार बढ़ेबाक संग बैंकक किस्त सेहो नियमित रूप सं चुका रहल छथि। हालहि मे विजयवाड़ा मे आयोजित सरस मेलाक दौरान केंद्रीय मंत्री शिवराज सिंह चौहान एहि लक्ष्य कें बढ़ा कह्ल 6 करोड़ करबाक घोषणा कयलनि। हुनकर कहब छलनि जे अगिला तीन वर्ष मे ई लक्ष्य हासिल कए लेल जायत।

हस्तशिल्पी आ स्वयं सहायता समूह द्वारा बनाओल गेल वस्तु कें बाजार उपलब्ध करयबाक लेल केंद्रीय ग्रामीण विकास मंत्रालय 1999 सं दिल्ली मे सरस मेलाक आयोजन करैत रहल अछि। अटल बिहारी वाजपेयी सरकार द्वारा शुरू कयल गेल एहि मेलाक आयोजन एखन धरि दिल्ली मे होइत छल, मुदा एहि वर्ष पहिल बेर 13 सं 31 अक्टूबर धरि विजयवाड़ा मे एकर आयोजन भेल। एहि मेला मे विशेष रूप सं सफल लखपति आ करोड़पति दीदीसभक काज प्रदर्शित कयल गेल।

एहि आयोजन मे झारखंडक पूर्वी सिंहभूम जिलाक लखपति दीदी मीनू रक्षित सं भेंट भेल। 11 महिला सदस्यक नमकीन लेल पहिने सं प्रसिद्ध अछि। ममता सेहो पहिने अपन घरक उपयोग लेल नमकीन बनबैत छलीह। मुदा लखपति दीदी योजना सं जुड़लाक बाद हुनकर समूहक 11 महिलाक जीवन बदलि गेल। मात्र 3 वर्ष मे समूहक सलाना कारोबार 12 लाख टाका सं बेसी भए गेल। आब समूहक महिला अपन परिवारक आर्थिक सहायता कह्ल रहल छथि आ बच्चासभक खर्च लेल दोसर पर निर्भर नहि रहय पड़ैत अछि। लखीमपुर सं आयल शमीमाक समूह चमड़ाक जूता-चप्पल बनबैत अछि। एहि काज मे हुनकर पति सेहो सहयोग करैत छथि आ समूहक कारोबार 60 लाख टाका पार कए गेल अछि।

भारतीय प्रबंधन संस्थान (आइआइएम), अहमदाबाद हालहि मे लखपति दीदी योजना पर एकटा अध्ययन कयलक। एहि अध्ययन मे देशक 17 राज्य आ केंद्रशासित प्रदेशक 6531 महिलाक काज कें शामिल कयल गेल। अध्ययनक अनुसार, लखपति दीदीसभक परिवारक आमदनी मे 61 प्रतिशत धरि वृद्धि देखल गेल अछि। परिवारक मासिक बचत सेहो लगभग 61.7 प्रतिशत बढ़ल अछि। मार्च 2026 मे समाप्त एहि अध्ययनक अनुसार, लगभग 48 प्रतिशत लखपति दीदीक कारोबार पछिला एक वर्ष मे बढ़ल अछि। आब ओ एकहि संग लगभग दू-दू तरहक काज कए रहल छथि। एकटा दीदीक सफलता दोसर महिला कें सेहो प्रेरित कयलक आ ओहो समूह बना कह्ल योजनाक लाभ उठेलनि तथा अपन आर्थिक स्थिति मजबूत कयलनि।

घरक लक्ष्मी भले महिला कें मानल जाइत रहल हो, मुदा पारंपरिक परिवारक महत्वपूर्ण निर्णय सभ मे महिलाक राय कें बहुत कम महत्व भेटैत छल। मुदा आब लखपति दीदीसभक राय पारिवारिक निर्णय मे महत्वपूर्ण बनि रहल अछि। आइआइएमक अध्ययनक अनुसार, 36 प्रतिशत सं बेसी लखपति दीदी मानैत छथि जे पारिवारिक मामिला मे हुनकर राय कें आब बेसी महत्व भेटैत अछि। लगभग 30.5 प्रतिशत दीदीक कहब छनि जे एहि योजना सं हुनका आर्थिक स्वायत्तता भेटलनि। अध्ययन रिपोर्ट बतबैत अछि जे एहि योजनाक असर ग्रामीण समाज मे सेहो देखाइत अछि।

मराठी मे एकटा कहबी अछि जे एकटा शिक्षित महिलाक कारण सात पीढ़ी धरि शिक्षाक बदलाव देखाइत अछि। एहि कहबीक तर्ज पर कहल जा सकैत अछि जे लखपति दीदी योजनाक कारण भारतीय समाज बदलावक नव दौर मे प्रवेश कह्ल चुकल अछि। सोचू, जं देशक 6 करोड़ महिलाक सालाना आमदनी कम-सं-कम 1 लाख टाका होयत तं एकर की प्रभाव पड़त? निश्चित रूप सं 6 करोड़ परिवार गरीबीक सीमा पार करबाक दिशा मे आगू बढ़त। लक्ष्मी पूजाक अवसर पर लखपति दीदी योजना कें एहि रूप मे सेहो देखबाक चाही।

पुरान नेतृत्व वा नव पीढ़ी : अमेरिका मे डेमोक्रेट्सक वापसीक संग विरासत पर संघर्ष

देवदत्त चक्रवर्ती

अमेरिका मे डेमोक्रेटिक पार्टी बहुत दिनक बाद फेर राजनीतिक ताकति हासिल कयने अछि। मुदा 2026 केर मध्यावधि चुनाव मे ब्लू सुनामी अर्थात डेमोक्रेट्सक पैघ जीत पार्टीक सोझां एकटा नव सवाल ठाढ़ कय देने अछि जे आब पार्टीक नेतृत्व के करत? दशको सं पार्टी चलबैत आबि रहल पुरान नेता वा नव पीढ़ीक ओ नेता, जे राजनीति, प्राथमिकता आ मतदातासभक संग संबंध कें बदलय चाहैत छथि।



मंगलदिन आयल चुनाव परिणाम मे डेमोक्रेटिक पार्टीक अलग-अलग विचारधाराक नेता सभ जीत हासिल कयलनि। मिशिगन आ मेन मे प्रगतिशील विचारधाराक नेता सभ सीनेट चुनाव जीतलनि, जखन कि कंसास आ साउथ कैरोलाइनाक रिपब्लिकन गढ़ मे उदारवादी डेमोक्रेट्स शानदार जीत दर्ज कयलनि। नॉर्थ कैरोलाइना मे सेहो रिपब्लिकन सं सीट छीनलनि आ जॉर्जिया मे अपन सीट बचा लेलनि। रिपब्लिकनक कसगर हारि सं डेमोक्रेट्स कें सदन मे बहुमत आ राजनीतिक बढ़त भेटल अछि। मुदा एहि जीतक संग पुरान नेतृत्व पर दबाव, नव पीढ़ीक परिवर्तनक मांग आ 2028क राष्ट्रपति चुनाव लेल नेतृत्वक खोज तेज भए गेल अछि।

पुरान नेतृत्व बनाम नव पीढ़ी

प्रतिनिधि सभा मे डेमोक्रेटिक नेता हकीम जेफ्रीज आ सीनेट मे चक शूमर पार्टीक नेतृत्व करैत छथि। मुदा नव बहुमतक संग हुनका अलग-अलग विचारधारावला सांसद सभ कें एकजुट रखबाक चुनौती भेटल अछि। एहि मे किछु एहन सांसद सेहो छथि, जे चुनाव प्रचारक समय अपनहि पार्टी नेतृत्वक विरोध कयने छलाह।

75 वर्षीय चक शूमर सीनेट मे पार्टीक नेतृत्व लेल फेर चुनल जेबाक आशा रखने छथि। मुदा नव निर्वाचित सात सीनेटर हुनका समर्थन देबाक पक्ष मे नहि छथि। मिनेसोटाक पैगी फ्लानागन स्पष्ट कहने छथि जे आब नव नेतृत्वक समय आबि गेल अछि। न्यू हैंपशायरक क्रिस पप्पास सेहो कहलनि जे मतदाता सीनेट मे नेतासभक नव पीढ़ी चाहैत छथि।

ई विरोध मात्र उम्र कें लए कए नहि अछि। एकर पाछू ट्रंपक विरोध मे पार्टीक रणनीति, नेतृत्वक समझौता आ नीतिगत असहमति सेहो अछि। इजरायल कें समर्थन देबाक मुद्दा पर पार्टीक भीतर मतभेद गहींर भेल अछि। शूमर आ जेफ्रीज इजरायल समर्थक छथि, जखन कि पार्टीक प्रगतिशील खेमा गाजा युद्धक पृष्ठभूमि मे अमेरिकाक इजरायल समर्थक नीतिक समीक्षा चाहैत अछि।

56 वर्षीय जेफ्रीज जनवरी मे प्रतिनिधि सभाक अध्यक्ष बनयबला पहिल अफ्रीकी-अमेरिकी नेता भए सकैत छथि। मुदा हुनका अलग-अलग विचारधारावला सांसद सभ कें संग लए कए चलबाक चुनौती रहतनि।

नव पीढ़ीक उभरैत नेता

एहि चुनाव मे पुरान नेतृत्वक कोनो स्पष्ट उत्तराधिकारी सोझां नहि आयल अछि। 2028क राष्ट्रपति चुनाव लेल गेविन न्यूसम, अलेक्जेंड्रिया ओकासियो-कोर्टेज आ कमला हैरिसक नाम चर्चा मे अछि। मुदा चुनावी जीत किछु नव चेहरा कें सेहो राष्ट्रीय राजनीति मे पहचान देने अछि।

टेक्सास मे 37 वर्षीय जेम्स टालारिको ट्रंप समर्थित केन पैक्सटन कें 12 प्रतिशत अंक सं पराजित कयलनि। टेक्सास 38 वर्ष सं सीनेट मे कोनो डेमोक्रेट कें नहि चुनने छल। टालारिको अपन प्रचार मे धर्म, उदारवादी मूल्य आ राजनीतिक मेल-मिलापक बात कयलनि। ओ आम लोक आ शक्तिशाली लोकसभक बीच संघर्ष कें चुनावी मुद्दा बनौलनि आ पार्टीक पैघ राष्ट्रीय नेता सभ कें अपन अभियान सं दूर रखलनि। जॉर्जिया मे 39 वर्षीय जॉन ओसॉफ रिपब्लिकन माइक कॉलिन्स कें हरा कए फेर जीतलनि।

प्रदूषणक अन्हार मे दीपावलीक इजोत कोना मनाबी?

सौरभ वार्ष्णेय

आस्था, परंपरा आ उत्सवक नाम पर की हम आबैबला पीढ़ीक सांस सं समझौता कए सकैत छी? दिल्ली देशक राजधानी मात्र नहि, बल्कि राजनीतिक, प्रशासनिक, आर्थिक आ सांस्कृतिक गतिविधिक एकटा पैघ केंद्र सेहो अछि। देशक कोना-कोना सं लोक अपन सपना साकार करबाक लेल एतय अबैत छथि। दिल्ली-एनसीआर एहन क्षेत्र अछि, जतय प्रत्येक व्यक्ति नीक भविष्य, रोजगार आ जीवनक नव संभावना तकैत अछि। मुदा विडंबना देखू जे जाहि शहरके लोक अपन सपना पूरा करबाक ठाम मानैत छथि, ओतहि के हवा आइ हुनका सभक जीवन लेल खतरा बनैत जा रहल अछि। प्रदूषणक मारि एहन अछि जे खुलल आकाशक नीचां सांस लेब सेहो चुनौती बनि गेल अछि। एहन परिस्थिति मे स्वाभाविक प्रश्न उठैत अछि जे आखिर प्रदूषणक एहि घुटन भरल वातावरण मे दीपावलीक पर्व कोना मनाबी?

दीपावली भारतीय संस्कृति आ परंपराक एहन पर्व अछि, जाहि सभक धार्मिक, आध्यात्मिक आ सामाजिक महत्व सदिया सं रहल अछि। ई अन्हार पर इजोत, असत्य पर सत्य आ बुराइ पर अच्छाइक विजयक प्रतीक अछि। मान्यता अछि जे 14 वर्षक वनवास पूरा कय भगवान श्रीराम माता सीता आ लक्ष्मणक संग जखन अयोध्या घुरल छलाह, तखन



हुनका सभक स्वागत मे अयोध्यावासी सहित पूरा भारतवर्ष घर-घर दीप जरा खुशी मनौने छलाह। तखनहि सं दीपावली इजोत आ उल्लासक प्रतीक बनि गेल। एहि दिन माता लक्ष्मीक पूजा-अर्चना कय लोक सुख, समृद्धि आ खुशहालीक कामना करैत छथि।

मुदा समयक संग दीपावली मनयबाक तौर-तरीका मे बहुत बदलाव आयल अछि। माटिक दीप, घरक सजावट, पारिवारिक मेल-मिलाप आ पारंपरिक मिठाइक स्थान धीरे-धीरे देखावा आ आतिशबाजीक होड़ लए लेने अछि। आकाशके रंग-बिरंगा रोशनी सं भरबाक प्रतिस्पर्धा मे हम ई बिसरि जाइत छी जे किछु घंटाक हमर मनोरंजन दोसर लोकक सांस लेल संकट बनि सकैत अछि। हजारोंक संख्या मे फोड़ल जायवला पटाखा वातावरण मे जहरीला कण, धुआं आ हानिकारक गैस घोलि दैत अछि। एकर असरि मात्र दीपावलीक राति धरि सीमित नहि रहैत अछि, बल्कि पहिने सं प्रदूषित हवाके स्थिति आरो गंभीर भए जाइत अछि।

दिल्ली-एनसीआरक स्थिति एहि दृष्टिकोण सं विशेष चिंताजनक अछि। एतय पहिने सं गाड़ी-मोटरक धुआं, औद्योगिक उत्सर्जन, निर्माण कार्य सं उड़ैत धूरा, कचरा जरयबाक आ आसपासक इलाका मे पराली जरयबाक कारण वायुप्रदूषणक दबाव बनल रहैत अछि। एहन मे आतिशबाजी एहि संकटके आरो बढ़ा दैत अछि। एकर सभ सं बेसी खामियाजा बच्चा, बुजुर्ग, गर्भवती महिला आ सांस संबंधी समस्या सं जूझि रहल लोकके भुगतय पड़ैत अछि। कतेको मासूम बच्चा एहन हवा मे सांस लेबाक लेल विवश होइत छथि, जे हुनकर स्वस्थ बचपन आ नीक भविष्य लेल खतरा बनि सकैत अछि।

सेना बहाली मे प्रयोग उचित नहि

अजय अहलावत

4 नवंबर कें सरकार घोषणा कयलक जे केंद्रीय मंत्रिमंडल सभ अग्निवीर कें रक्षा बल मे स्थायी रूप सं शामिल करबाक बाट खोलबाक मंजूरी दए देने अछि। ई घोषणा एहन समय आयल अछि, जखन अग्निवीरक पहिल बैच, जाहि मे करीब 18,000 जवान छथि, अपन चारि वर्षक सेवाकाल पूरा करबाक करीब अछि। सरकारक ई फैसला ओकर पूर्ववर्ती रुख सं बिल्कुल अलग अछि।

14 जून 2022 कें जखन सरकार अग्निपथ योजनाक घोषणा कयने छल, तखन एकरा थलसेना, नौसेना आ वायुसेना मे अधिकारी रैंक सं नीचा पद पर बहालीक व्यवस्था मे पैघ बदलाव कहल गेल छल। 17.5 सं 21 वर्षक युवा चारि वर्ष लेल अग्निवीर बनि सकैत छलाह। कोविडक कारण पहिल बहाली मे आयु सीमा बढ़ा कए 23 वर्ष कयल गेल छल। शुरूआती नियमानुसार, प्रत्येक बैच मे मात्र 25 प्रतिशत अग्निवीर कें योग्यता आधार पर नियमित सेवा मे राखबाक व्यवस्था छल। शेष 75 प्रतिशत कें पेंशन आ ग्रेच्युटी बिना एकमुश्त सेवा निधि दए विदा कय देबाक प्रावधान छल।

सरकारक तर्क छल जे सेना जवान रहत, रक्षा पेंशन पर खर्च घटत आ प्रशिक्षित तथा अनुशासित युवा नागरिक जीवन मे लौटि समाजक लेल उपयोगी सिद्ध होयताह। 2022-23 मे रक्षा पेंशन पर खर्च 1.19 लाख करोड़ रुपैया सं बेसी भए गेल छल।

पहिने बदलाव कें अनिवार्य बतौने छल सरकार

योजना लागू होयबाक समय एकर विरोध मे देशभरि मे युवा प्रदर्शन कयने छलाह। नोकरीक सुरक्षा आ भविष्यक अनिश्चितता हुनकर मुख्य चिंता छल। मुदा सरकार आ सेनाक वरिष्ठ अधिकारी योजना वापस लेबाक संभावना लगातार खारिज करैत रहलाह।

19 जून 2022 कें तीनू सेनाक संयुक्त पत्रकार सम्मेलन मे लेफ्टिनेंट जनरल अनिल पुरी स्पष्ट कहने छलाह जे अग्निपथ योजना वापस नहि होयत। हुनकर कहब छलनि जे देश कें युवा बनयबाक दिशा मे ई एकमात्र प्रगतिशील कदम अछि। सेना प्रमुख जनरल मनोज पांडे एकरा परिवर्तनकारी सुधार बतौने छलाह। नौसेना प्रमुख एडमिरल आर. हरि कुमार आ राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजीत डोभाल सेहो योजनाक समर्थन कयने छलाह।

तखन स्पष्ट कहल गेल छल जे भविष्य मे अधिकारी रैंक सं नीचा सभ पद पर बहाली अग्निपथ योजनाक माध्य मे होयत। सेना आ सरकार दुनू एकरा आवश्यक सुधार मानैत छल।

आब फैसला बदलबाक कारण की?



सरकारक नव निर्णयक पाछू अग्निवीर सभक कार्यक्षमताक समीक्षा बताओल जा रहल अछि। हुनकर कौशल, काम करबाक उत्साह, शारीरिक क्षमता आ तकनीकी दक्षताक संबंध मे सकारात्मक प्रतिक्रिया भेटल अछि। नव व्यवस्था मे चारि वर्षक सेवाक बाद इच्छुक अग्निवीर कें दू वर्ष अतिरिक्त सेवा करबाक अवसर भेटत। एहि अवधि आ निर्धारित मानकक आधार पर हुनका स्थायी सैनिक बनबाक अवसर देल जा सकैत अछि। एहि तरहें पहिने 25 प्रतिशत तक सीमित नियमित बहालीक व्यवस्था बदलि गेल अछि। चीफ ऑफ डिफेंस स्टाफ जनरल एनएस राजा सुब्रमणि कहलनि जे अग्निपथ योजना पत्थरक लकीर नहि छल। अग्निवीरसभक प्रदर्शनक समीक्षा करबाक आ आवश्यकतानुसार बदलाव करबाक बात पहिनहि कहल गेल छल। मुदा एहि बदलाव सं योजनाक शुरूआती उद्देश्य पर सवाल उठैत अछि।

शुरूआती उद्देश्य पर उठल सवाल

पहिल उद्देश्य छल सेनाक औसत आयु घटायब। योजना लागू करबाक समय छह-सात वर्ष मे सेनाक औसत आयु करीब 32 वर्ष सं घटा कए 24-26 वर्ष करबाक लक्ष्य छल। मुदा जं बेसी अग्निवीर स्थायी सेवा मे शामिल होयताह, तं सेनाक औसत आयु घटबाक बदला बढ़ि सकैत अछि।

दोसर उद्देश्य छल पेंशन खर्च कम करब। जं बेसी अग्निवीर नियमित सैनिक बनताह तं भविष्य मे पेंशन पाबयवला सैनिकक संख्या बढ़त। एहि कारण खर्च घटेबाक शुरूआती तर्क कमजोर पड़ैत अछि। तेसर उद्देश्य छल प्रशिक्षित युवा सभ कें चारि वर्षक बाद नागरिक जीवन मे वापस पठेनाइ, जाहि सं समाज कें अनुशासित युवा भेटत। मुदा नव व्यवस्था मे बेसी अग्निवीर छह वर्षक बाद स्थायी सेवाक लेल पात्र होयताह आ 15-20 वर्ष तक सेना मे रहि सकैत छथि।

योजनाक लाभ सेहो अछि

अग्निपथ योजनाक किछु लाभ कें नजरअंदाज नहि कयल जा सकैत अछि। योग्यता आधार पर चयन सं जवान सभ मे प्रतिस्पर्धा आ अनुशासन बढ़ैत अछि। अखिल भारतीय स्तर पर बहाली सं पारंपरिक क्षेत्र आ वर्ग सं बाहरक युवा सभ कें सेहो सेना मे अवसर भेटैत अछि। सेवा निधि आ कौशल प्रमाणपत्र नागरिक जीवन मे लौटयवला अग्निवीर सभ लेल सहायक भए सकैत अछि।

मुदा नव बदलाव सं ओहि अग्निवीर सभक सामने संकट उत्पन्न भए सकैत अछि, जे चारि वर्षक बाद सेना छोड़बाक तैयारी कयने छलाह। केंद्र आ राज्य सरकार हुनका सरकारी नौकरी, अर्द्धसैनिक बल आ अन्य सेवा मे आरक्षण देबाक आश्वासन देने छल। आब स्थायी सेवाक नव अवसरक कारण हुनका सभ कें अपन भविष्य पर फेर निर्णय लेबाक पड़तनि।

सेना बहाली मे बेर-बेर प्रयोग उचित नहि

सेना मात्र एकटा सरकारी विभाग नहि, बल्कि देश आ सैनिकक बीच विश्वासक संबंध पर आधारित संस्था अछि। सैनिक देशक रक्षा लेल अपन जान खतरा मे दैत छथि। बदला मे सरकारक जिम्मेदारी होइत अछि जे सैनिक आ हुनकर परिवार कें सुरक्षा, सम्मान आ सामाजिक संरक्षण भेटय।

बहालीक नीति मे बदलाव सं सैन्य इकाइक तालमेल, पेशेवर परंपरा आ जवानसभक आपसी भाईचारा प्रभावित होइत अछि। दशको पुरान बहाली व्यवस्था बदलनाइ, फेर एकरा अपरिवर्तनीय बतायब आ चारि वर्ष बाद मूल नियम बदलि देब, नीतिगत तैयारी आ विचार-विमर्श पर सवाल ठाढ़ करैत अछि। सेना जेकां गंभीर संस्था मे मानव संसाधन संबंधी नीतिक निर्णय गहन विचार-विमर्श आ आंकड़ाक आधार पर होयबाक चाही। योजना लागू करबाक बाद ओकरा स्थिर रहबाक पर्याप्त समय भेटबाक चाही।

कैप्टन अमरिंदर सं राहुल गांधी धरि, पंजाब चुनाव मे कांग्रेस फेर किएक उठा रहल अछि नशामुक्तिक मुद्दा

पंजाब विधानसभा चुनाव फरवरी 2027 मे होयबाक अछि। एकर तैयारी मे कांग्रेस नशामुक्तिक मुद्दाके प्रमुखता दैत चुनावी अभियान शुरू कए देने अछि। लोकसभा मे विपक्ष के नेता राहुल गांधी मुख्यमंत्री भगवंत मानक गृह जिला संगरूर मे जनसभा कें संबोधित करैत कहलनि जे नशाक समस्या पंजाबक सब सं पैघ चुनौती अछि। ओ आम आदमी पार्टी (आप) पर आरोप लगौलनि जे 2022 कें विधानसभा चुनाव मे नशा खत्म करबाक वादा कयलाक बादो सरकार एहि दिशा मे विफल रहल।

राहुल गांधी ईहो आरोप लगौलनि जे जखन ओ संसद मे भगवंत मानक संग रहैत छलाह, तखन हुनका मुंह सं शराबक गंध अबैत छल। ओ कहलनि जे पंजाबके एहन नेता चाही जे नशाक कारण होमय बला पीड़ा बुझैत भए आ राज्यक दर्द अपना हृदय मे रखैत भए।

अमरिंदर सिंह सेहो केने छलाह नशामुक्तिक वादा

पंजाब मे नशामुक्तिक मुद्दा कांग्रेस लेल नव नहि अछि। 15 दिसंबर 2015 के तलवंडी साबो मे तख्त श्री दमदमा साहिब लग आयोजित जनसभा मे तत्कालीन कांग्रेस नेता कैप्टन अमरिंदर सिंह गुटका साहिब हाथ मे लए शपथ लेने छलाह जे सरकार बनला पर चारि सप्ताहक भीतर पंजाब सं नशा खत्म कए देताह। ओहि समय ओ पंजाब प्रदेश कांग्रेस कमेटीक अध्यक्ष छलाह।

कांग्रेस 2017 के विधानसभा चुनाव जीतल आ अमरिंदर सिंह मुख्यमंत्री बनलाह। मुदा, पांच वर्षक कार्यकाल मे हुनकर सरकार नशाक समस्या खत्म नहि कए सकल। 2022 के चुनाव सं करीब पांच मास पहिने कांग्रेस नेतृत्व हुनका मुख्यमंत्री पद सं हटा देलक। एकर बाद अमरिंदर पार्टी छोड़ि देलनि। सितंबर 2022 मे हुनकर पंजाब लोक कांग्रेसक भाजपा मे विलय भए गेल।

2022 कें चुनाव सं पहिने आप प्रमुख अरविंद केजरीवाल आ भगवंत मान सेहो कांग्रेस आ अमरिंदर सिंह पर नशाक समस्या दूर नहि कएबाक आरोप लगबैत छलाह। आब आप सरकारक 'युद्ध नशे के विरुद्ध' अभियानक बावजूद राज्य मे नशाक उपलब्धता बनल रहबाक बात सामने आबि रहल अछि।

भाजपा सेहो नशाविरोधी अभियान चला रहल अछि। केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह 2027 के चुनाव मे 'चिट्टामुक्त पंजाब' के प्रमुख मुद्दा बनेबाक घोषणा केने छथि। ओ 31 दिसंबर 2029 धरि पंजाबके चिट्टामुक्त बनेबाक लक्ष्य सेहो तय केने छथि।

पंजाब मे नशाक समस्या 2007-2017 के शिरोमणि अकाली दल-भाजपा सरकारक कार्यकाल मे गंभीर भेल। एकर बाद 2017-2022 के कांग्रेस सरकार आ वर्तमान आप सरकारक कार्यकाल मे सेहो ई समस्या जारी रहल। 2014 मे अमृतसर लोकसभा चुनाव मे अरुण जेटलीक हारक बाद तत्कालीन सरकार नशाविरोधी अभियान शुरू केने छल, मुदा नशा तस्करी नेटवर्क पर एकर खास असर नहि पड़ल।

पुलिस अधिकारी सभक अनुसार, गिरफ्तारी आ मादक पदार्थक बरामदगीक पैघ आंकड़ा समस्या खत्म होयबाक प्रमाण नहि अछि। 'चिट्टा' आ दवाइ आधारित ओपिओइड एखनहुं राज्यक विभिन्न हिस्सा मे उपलब्ध अछि। एकर कारण ओवरडोज सं मृत्यु सेहो भए रहल अछि।

एकटा वरिष्ठ पुलिस अधिकारी सवाल उठौलनि जे जखन चेन छीनबाक आ वाहन चोरी सन अपराध पर कारबाइ भेला सं एहन घटना कम होइत अछि, तं भारी संख्या मे नशा तस्कर गिरफ्तार होयबाक बादो नशाक कारोबार किएक कम नहि भए रहल अछि?

पुलिस सूत्रक अनुसार, पाकिस्तान सं सीमा पार तस्करीक संग-संग दोसर राज्य सभ सं दवाइ आधारित मादक पदार्थक आपूर्ति सेहो चुनौती बनल अछि। बेरोजगारी, सामाजिक परिस्थिति आ नशाक लत सेहो एहि समस्याके बढ़बैत अछि। नशामुक्ति केंद्र मे काज कएनिहार डॉक्टरक कहब अछि जे मात्र उद्योग आ रोजगार बढ़ेबाक उपाय पर्याप्त नहि अछि। तस्करी नेटवर्क पर लगातार कारबाइ आ इलाजक सुविधा बढ़ेनाइ सेहो जरूरी अछि। राजनीतिक जानकार सभक अनुसार, राहुल गांधी के वादाक प्रभाव एहि बात पर निर्भर करत जे कांग्रेस नशा आ गैंगस्टरवाद पर अंकुश लगएबाक लेल कतेक विश्वसनीय आ विस्तृत कार्ययोजना प्रस्तुत करैत अछि।

कतेको वर्ष सं जारी अछि निशांक संकट



उत्तराखंड चुनाव 2027 लेल कांग्रेसक पैघ योजना, राहुल-प्रियंका करतथि 9 रैली



उत्तराखंड विधानसभा चुनाव 2027 कें लए कांग्रेस अपन चुनावी तैयारी तेज कए देने अछि। पार्टी प्रदेश मे चुनावी माहौल बनेबाक आ बीजेपी सरकार कें घेरबाक लेल पैघ नेतासभक रैलीक योजना तैयार केने अछि। सूत्रक अनुसार, कांग्रेस उत्तराखंड मे कुल 9 पैघ रैली आयोजित करबाक रणनीति बनौने अछि। एहि रैली सभ मे कांग्रेसक तीन शीर्ष नेता राहुल गांधी, प्रियंका गांधी आ पार्टी अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगे शामिल होयताह। भ्रष्टाचार, बेरोजगारी, महंगाई आ अंकिता भंडारी हत्याकांड सहित विभिन्न मुद्दा पर सरकार कें घेरबाक रणनीति बनाओल गेल अछि।

सूत्रक हवाले सं भेटल जानकारीक अनुसार, कांग्रेसक कोशिश अछि जे नवंबर सं दिसंबरक बीच सभ 9 रैली पूरा कए लेल जाए। एकर लेल अलग-अलग क्षेत्र आ राजनीतिक समीकरण कें ध्यान मे रखैत राहुल गांधी, प्रियंका गांधी आ मल्लिकार्जुन खरगेक जनसभाक खाका तैयार कएल गेल अछि।

सूत्रक अनुसार, राहुल गांधी उत्तराखंड मे 3 पैघ रैली करताह। एहि लेल रुद्रपुर, पौड़ी आ देहरादूनक ग्रामीण क्षेत्र चुनल गेल अछि। एहि रैलीसभक माध्यम सं कांग्रेस मैदानी आ पहाड़ी दुनू क्षेत्र मे अपन राजनीतिक संदेश पहुंचेबाक तैयारी कए रहल अछि।

ओतहि, प्रियंका गांधी लेल सेहो उत्तराखंड मे 3 पैघ रैलीक योजना बनाओल गेल अछि। सूत्रक अनुसार, चमोली, पिथौरागढ़ आ उत्तरकाशी मे हुनकर जनसभा करयबाक रणनीति तैयार कएल गेल अछि। कांग्रेस एहि रैलीसभक माध्यम सं पहाड़ी क्षेत्र मे महिला सुरक्षा, बेरोजगारी आ स्थानीय मुद्दा सभ कें प्रमुखता सं उठेबाक तैयारी मे अछि। कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगे लेल सेहो 3 रैलीक रूपरेखा तैयार कएल गेल अछि। सूत्रक अनुसार, रुड़की, देहरादून सिटी आ उधम सिंह नगर मे हुनकर जनसभा प्रस्तावित अछि। एहि रैलीसभक माध्यम सं पार्टी प्रदेश मे बीजेपी सरकारक विरुद्ध राजनीतिक माहौल बनेबाक प्रयास करत। कांग्रेस एहि 9 रैली लेल मुद्दासभक रणनीति सेहो तैयार केने अछि। पार्टीक पैघ नेता उत्तराखंडक बीजेपी सरकार कें भ्रष्टाचार, बेरोजगारी, महंगाई आ अंकिता भंडारी हत्याकांड सहित अन्य मुद्दा पर घेरैत नजरि आबि सकैत छथि।

कांग्रेसक रणनीति अछि जे एहि मुद्दा सभ कें प्रदेशक अलग-अलग इलाका मे आम लोकक बीच लए जा बीजेपी सरकारक विरुद्ध माहौल बनाओल जाए। कुल मिलाकए, उत्तराखंड चुनाव सं पहिने कांग्रेस अपन राष्ट्रीय नेतृत्व कें मैदान मे उतारि चुनावी अभियान कें गति देबाक तैयारी मे अछि। आब देखबाक होयत जे राहुल गांधी, प्रियंका गांधी आ मल्लिकार्जुन खरगेक ई 9 रैली उत्तराखंड मे कांग्रेसक चुनावी समीकरण कें कतेक प्रभावित करैत अछि।

की सुपरस्टार धनुषक राजनीति मे प्रवेशक पाछू बीजेपीक हाथ? अभिनेता स्वयं बतौलनि सच

धनुषक राजनीति मे प्रवेश कें लए बहुत दिन सं अटकल लगाओल जा रहल अछि। हुनकर हालक किछु कदम सेहो एहि दिस संकेत कए रहल अछि। तमिलनाडुक मुख्यमंत्री विजय जकां ओहो अपन फैन क्लब कें सामाजिक कल्याण संगठन मे बदलि देने छथि।

थलपति विजय अभिनेता सं नेता बनलाह आ अपन पार्टी बना चुनाव लड़ैत तमिलनाडुक मुख्यमंत्री बनि कतेको लोकक लेल प्रेरणास्रोत बनि गेलाह। अभिनेता सं नेता बनि एहि तरहक अप्रत्याशित सफलता हासिल करब दोसर अभिनेता सभ कें सेहो राजनीति दिस रुख करबाक प्रेरणा दैत अछि। एहि कड़ी मे पछिला किछु समय सं एक नाम खूब चर्चा मे अछि। ई नाम अछि तमिल सिनेमा के एक आओर सुपरस्टार धनुषक। धनुषक हालक गतिविधि संकेत दैत अछि जे ओहो जल्दिए सत्ताक गलियारा मे नजरि आबि सकैत छथि। एहि बीच रिपोर्ट सभ मे दावा कएल गेल जे धनुष कें केंद्र मे सत्तारूढ़ भारतीय जनता पार्टीक समर्थन प्राप्त अछि। एहि पर धनुष चुप्पी तोड़ने छथि।

धनुष एक कार्यक्रम मे स्पष्ट केने छथि जे हुनका कोनो पार्टी वा व्यक्ति के समर्थन प्राप्त नहि अछि। हुनकर कहब छलनि जे हुनका पाछू मात्र भगवान, हुनकर प्रशंसक आ आम जनता ठाढ़ छथि। धनुष ई बात अपन आगू आबय बला फिल्म ह्यउँह्क केर ऑडियो लॉन्च कार्यक्रमक दौरान कहलनि। बता दी जे धनुषक अगिला फिल्म ह्यउँ झ चैप्टर 1ह्क 20 नवंबर के सिनेमाघर सभ मे रिलीज होयत। फिल्म मे धनुषक संग ममूटी, साई पल्लवी आ श्रीलीला सेहो छथि।

कार्यक्रम मे अपन बात रखैत धनुष कहलनि, हमरा बारे मे कतेको तरहक अफवाह उड़ाओल जा रहल अछि। दावा कएल जा रहल अछि जे किछु लोक हमरा पाछू छथि आ किछु लोक हमर समर्थन मे ठाढ़ छथि। भगवान हमरा दिशा देखा रहल छथि। हमर प्रशंसक हमरा पाछू ठाढ़ छथि आ आम जनता हमर संग अछि।



धनुषक ई बयान एहन समय मे आयल अछि, जखन चर्चा छल जे बीजेपी हुनकर समर्थन कए रहल अछि आ पार्टीक मदद सं ओ राजनीति मे प्रवेश करबाक तैयारी कए रहल छथि।

स्वयं राजनीति मे प्रवेशक देलनि संकेत

एहि बीच धनुष स्वयं राजनीति मे प्रवेशक अटकल कें आओर तेज कए रहल छथि। हालहि मे हुनकर फैन क्लब मे भेल बदलाव सभक ध्यान आकर्षित केने अछि। रिपोर्टसभक अनुसार, धनुष अपन समर्थकसभक एकटा संगठन बनौने छथि, जाहि कें 'नारपनी अय्यक्कम' नाम देल गेल अछि।

ई संगठन तमिलनाडुक सभ 234 विधानसभा क्षेत्र मे 10वीं आ 12वीं कक्षाक छात्र सभ लेल वातानुकूलित ट्यूशन सेंटर खोलबाक योजना बना रहल अछि। एहि केंद्र सभ मे बच्चा सभ कें पढ़ाओल जाएत। प्रत्येक केंद्र पर तीन शिक्षक आ एक सहायक नियुक्त कएल जाएत। हुनका सभ के वेतन सेहो संगठन देत। जानकारीक अनुसार, एहि योजनाक शुरूआत अगिला साल जनवरी सं भए सकैत अछि।

विजयक नक्शाकदम पर धनुष?

एकटा चर्चा ईहो अछि जे धनुष पूरा तरहे विजयक नक्शेकदम पर चलि रहल छथि। दरअसल, विजय सेहो राजनीति मे प्रवेश करबा सं पहिने एही तरहक शैक्षणिक कार्यक्रम शुरू केने छलाह। एकर अतिरिक्त, 14 अक्टूबर के ओ अपन फैन क्लबक नाम बदलि 'धनुष नारपनी अय्यक्कम' कए देने छलाह। एकर अपन प्रतीक आ झंडा सेहो अछि। अपन जन्मदिनक अवसर पर विजय लोक सभ कें मुफ्त ऑटो-रिक्शा दैत सेहो देखल गेल छलाह।

यूपी विधानसभा चुनाव: आकाश आनंदक कन्हा पर बसपाक भार, पश्चिमी यूपी सं अवध धरि बिछौताह राजनीतिक बिसात

विधानसभा चुनाव सं पहिने बसपा अपन जनाधार मजबूत करबाक आ चुनावी माहौल बनेबाक कवायद तेज कए देने अछि। पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष मायावतीक भरोसा भेटलाक बाद हुनकर भतीजा आ पार्टीक राष्ट्रीय संयोजक आकाश आनंद आब लगातार जनसभाक माध्यम सं पूरा प्रदेश मे सक्रिय होयताह। पार्टी पश्चिमी उत्तर प्रदेश सं लए अवध आ कानपुर क्षेत्र धरि हुनकर कार्यक्रम तय केने अछि। आकाश 14 नवंबर के बिजनौर आ अगिला दिन 15 नवंबर के अयोध्याक बीकापुर मे जनसभा करताह। एकर बाद 26 नवंबर के पंजाब, 29 नवंबर के बिल्हौर आ 6 दिसंबर के उत्तराखंड मे पार्टीक कार्यक्रम मे शामिल होयताह।

एहि बीच 6 दिसंबर के बाबा साहेब डॉ. भीमराव आंबेडकरक परिनिर्वाण दिवस पर राजधानीक डॉ. आंबेडकर सामाजिक परिवर्तन स्थल पर होमय बला विशाल श्रद्धांजलि समारोहक तैयारीक जायजा लेबाक लेल पार्टीक राष्ट्रीय महासचिव सतीश चंद्र मिश्र आ अन्य पदाधिकारी पहुंचलाह। पार्टीक ताकत देखयबाक लेल आयोजित एहि समारोह मे प्रदेश भरि सं कार्यकर्ता आ समर्थक जुटताह। बसपा प्रमुख मायावती सेहो एहि अवसर पर संबोधित करतथि।

एतहि सं चुनावी अभियानक शुरूआत केने छलाह

आकाश आनंद पूर्व मे राष्ट्रीय संयोजक रहैत हाथरस मे जनसभा कए बसपाक चुनावी अभियानक शुरूआत केने छलाह। सहारनपुर मे सेहो हुनकर एकटा सभा भेल छल। एकर बाद मायावती हुनका पार्टी सं बाहर कए देने छलीह। बाद मे आकाशक ससुर अशोक सिद्धार्थक राजनीतिक संन्यास आ अन्य घटनाक्रमक बाद बसपा प्रमुख अक्टूबर मे आकाश आनंद कें फेर सं राष्ट्रीय संयोजकक जिम्मेदारी दैत चुनाव प्रचार मे सक्रिय भूमिका सौंपने छलीह।

पार्टी संगठन कें सक्रिय कए दलित जनाधार मजबूत करबाक लक्ष्य



एकर बाद हुनका लेल उत्तर प्रदेशक अतिरिक्त पंजाब आ उत्तराखंड मे सेहो कार्यक्रम तय कएल गेल। आकाशक एहि दौरा कें मात्र जनसभा धरि सीमित गतिविधि नहि, बल्कि वर्ष 2027क चुनाव सं पहिने बसपाक संगठन आ राजनीतिक जनाधार कें फेर सं सक्रिय करबाक प्रयासक रूप मे देखल जा रहल अछि। पार्टीक रणनीति अपन परंपरागत दलित वोट बैंक कें मजबूत करबाक संग-संग दोसर सामाजिक वर्ग धरि पहुंच बनेबाक अछि। पश्चिमी उत्तर प्रदेशक बिजनौर सं अभियान शुरू कयलाक बाद बीकापुर आ बिल्हौर जेका क्षेत्र मे सभा करबाक पाछू अलग-अलग इलाका मे कार्यकर्ता सभ कें सक्रिय करबाक संदेश सेहो अछि। ओतहि, आकाशक 6 दिसंबर के उत्तराखंड मे प्रस्तावित कार्यक्रम खास महत्व रखैत अछि। परिनिर्वाण दिवस पर होमय बला ई आयोजन बसपा लेल वैचारिक आ राजनीतिक, दुनू दृष्टि सं महत्वपूर्ण अछि। बुआ आ भतीजा, दुनू के कार्यक्रमक माध्यम सं पार्टी बहुजन समाजक बीच अपन राजनीतिक पकड़ मजबूत करबाक प्रयास करत। 26 नवंबर के संविधान दिवसक अवसर पर पंजाब मे आकाशक उपस्थिति दोसर राज्य सभ मे सेहो बसपाक संगठन कें सक्रिय करबाक संकेत दैत अछि। एहि तरहें आकाशक आगामी कार्यक्रम मे एक दिस उत्तर प्रदेशक चुनावी समीकरण पर ध्यान देल गेल अछि, तं दोसर दिस पार्टीक राष्ट्रीय विस्तार आ बहुजन राजनीति के संदेश कें मजबूत करबाक प्रयास सेहो शामिल अछि।

रोसड़ा न्यायालय पहुंचलाह पटना उच्च न्यायालयक न्यायाधीश संदीप कुमार

रोसड़ा, समदिया

न्यायालय परिसर मे गार्ड ऑफ ऑनर दए कयल गेल स्वागत



» 40 करोड़क लागत सं बनयबला जेड प्लस भवनक कयलनि शिलान्यास

पटना उच्च न्यायालयक माननीय न्यायाधीश संदीप कुमार शुक्रदिन रोसड़ा पहुंचलाह। हुनकर आगमन परन्यायिक पदाधिकारी आ अधिवक्ता सभ भव्य स्वागत कयलनि। एहि दौरान हुनका न्यायालय परिसर मेगार्ड ऑफ ऑनर देल गेलनि। तकर बाद न्यायाधीश रोसड़ा न्यायालय परिसरक निरीक्षण कयलनि आविभिन्न विकासात्मक तथा आधारभूत संरचना सं जुड़ल योजनाक शिलान्यास आ उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर न्यायालय परिसरक चारदीवारी निर्माणक संग करीब 40 करोड़ टाकाक लागत सं बनयवला जेड प्लस भवन निर्माण कार्यक शिलान्यास कयल गेल। एहि निर्माण कार्य सभ सं न्यायालय परिसरक सुरक्षा व्यवस्था आ आधारभूत सुविधा कें नीक बनेबाक मदति भेटत। ओतहि, न्यायालय परिसर मे नवनिर्मित ई-सेवा केंद्रक उद्घाटन सेहो कयल गेल। एहि केंद्रक माध्यम सं आम लोक कें न्यायालय मे चलि रहल मुकदमा सं जुड़ल जानकारी सहजता सं उपलब्ध भए सकत। आब लोक बिना कोनो शुल्क देने अपन मुकदमाक अगिला तिथिसहित अन्य आवश्यक जानकारी प्राप्त कय सकताह। एहि व्यवस्था सं न्यायालय आबयवला पक्षकार सभ कें बहुत सुविधा होयतनि आ मुकदमाक तिथि तथा अन्य जानकारी लेल अलग-अलग कार्यालयक चक्कर नहि लगाबय पड़तनि। एकर अतिरिक्त न्यायालय परिसर मे नवनिर्मित डीलक्स शौचालयक सेहो उद्घाटन कयल गेल। संगहि अग्निशमन विभागक दिस सं फायर सिस्टमक उद्घाटनकयल गेल। एहि व्यवस्था सं न्यायालय परिसर मे आगि लगबाक सन आपात स्थिति सं निपटबाक लेल सुरक्षा व्यवस्था मजबूत होयत। न्यायिक सुविधाक विस्तार आ आधुनिक आधारभूत संरचनाक विकास लेल आयोजित एहि कार्यक्रम कें रोसड़ा न्यायालय लेल महत्वपूर्ण उपलब्धि मानल जा रहल अछि। एहि योजनासभक पूरा होयला पर न्यायालयक कार्यप्रणाली, सुरक्षा व्यवस्था आ आम लोक कें भेटयवला सुविधामे सुधार होयबाक आशा अछि। उच्च न्यायालयक न्यायाधीश न्यायालय मे बहुत दिन सं लंबितमामलासभक संबंध मे सेहो कहलनि जे बेवजह मामिला कें बहुत दिन धरि लंबित रखला सं लोक केंपरेशानी होइत छनि। लोक सभ कें समय पर न्याय भेटय, एहि लेल आवश्यक निर्देश देल गेल।

जिलाधिकारी कयलनि ईवीएम-वीवीपैट गोदामक मासिक निरीक्षण

समस्तीपुर, समदिया



जिलाधिकारी सह जिला निर्वाचन पदाधिकारी रोशन कुशवाहा शुक्रदिन समाहरणालय परिसर स्थित मुख्य ईवीएम आ वीवीपैट गोदामक मासिक निरीक्षण कयलनि। ई निरीक्षण भारत निर्वाचन आयोगक दिशा-निर्देशक अनुरूप कयल गेल। निरीक्षणक दौरान जिलाधिकारी गोदामक त्रिस्तरीय सुरक्षा व्यवस्था, सीसीटीवी निगरानी प्रणाली, अग्निशमन उपकरण आ तकनीकी स्थितिक गहन जांच कयलनि। ओ परिसर मे तैनात सुरक्षाबलक उपस्थिति सत्यापित कयलनि आ सीसीटीवी कैमरा सभक 24 घंटाक रिकॉर्डिंग व्यवस्थाकजायजा लेलनि। सुरक्षाकर्मी सभ कें कोनो तरहक लापरवाही नहि करबाक सख्त निर्देश देलनि। मशीन सभक व्यवस्थित रखरखाव, नमी सं बचाव, तापमान नियंत्रण आ गोदाम परिसरक साफ-सफाई पर विशेष ध्यान देबाक निर्देश देलनि। गोदाम मे अधिकृत अधिकारी आ कर्मी सभक आवागमन लेल संधारित लॉगबुक आ मूवमेंट रजिस्टरक जांच कयलनि। संगहि सभ प्रविष्टि अद्यतन रखबाक निर्देश देलनि।आपातकालीन स्थिति सं निपटबाक लेल लगाओल गेल अग्निशमन यंत्र सभक कार्यशीलता आ वैधताक जांच सेहो कयलनि। निरीक्षणक बाद जिलाधिकारी सुरक्षा व्यवस्थापर संतोष व्यक्त करैत कहलनि जेनिर्वाचन आयोगक सभ मानकक कड़ाई सं पालन कयल जा रहल अछि। ओ निरीक्षण प्रतिवेदन समय पर भारत निर्वाचन आयोग आ मुख्य निर्वाचन पदाधिकारीक कार्यालय कें पठेबाक निर्देश देलनि। एहि दौरानपारदर्शिता सुनिश्चित करबाक लेल विभिन्न मान्यताप्राप्त राजनीतिक दलक प्रतिनिधि सभ सेहो उपस्थितछलाह। ओ सभ गोदामक सुरक्षा आ व्यवस्थाक निरीक्षण कयलनि। एहि अवसर पर उप निर्वाचन पदाधिकारी विनोद कुमार, गोदाम प्रभारी आ अन्य संबंधित प्रशासनिक अधिकारी उपस्थित छलाह।

रंगोली प्रतियोगिता आ छठि पर्वक झांकीक प्रतिभागी कें प्रशस्ति-पत्र देल गेल

समस्तीपुर, समदिया



समस्तीपुर प्रखंडक मध्य विद्यालय बेला पंचरुखी मे प्रधानाध्यापक मुकेश कुमारक नेतृत्व मे आयोजित रंगोली प्रतियोगिता आ लोकआस्थाक महापर्व छठिक आयोजनक बाद सभ प्रतिभागी कें प्रशस्ति-पत्र प्रदान कए सम्मानित कयल गेलनि। एहि अवसर पर प्रधानाध्यापक कहलनि जे हिंदू परंपरा मे दीपावली पररंगोली शुभता आ स्वागतक प्रतीक मानल जाइत अछि। भारत मे भूमि पर शुभ आकृति बनेबाक परंपराकतेको रूप मे देखबा लेल भेटैत अछि। कोलम, मुग्गु आ अल्पना भारतक पारंपरिक रंगोली शैली थिक।रंगोली बनेबाक परंपरा मात्र सजावट धरि सीमित नहि अछि, बल्कि ई शुभता, देवी लक्ष्मीक स्वागत, घर मे सुख-समृद्धिक कामना आ भारतीय संस्कृति सं जुड़ावक माध्यम सेहो अछि। समस्तीपुर प्रखंडक मध्यविद्यालय बेला पंचरुखी मे कार्यक्रम संयोजक बीवी शकीला रहमानक देखरेख मे आयोजित रंगोली प्रतियोगिता आ बिमल कुमार साहक निर्देशन मे आयोजित छठि पर्वक झांकी मे भाग लेनिहार प्रतिभागी सभ कें प्रशस्ति-पत्र, पेंसिल, कॉपी आ अन्य सामग्री प्रदान कए सम्मानित कयल गेलनि। एहि कार्यक्रमकमाध्यम सं बच्चा सभ कें अपन सांस्कृतिक विरासतक सूक्ष्मता आ विशेषता बुझबाक अवसर भेटलनि।आखरी सत्र मे प्रधानाध्यापक मिथिलाक लोकनृत्य सामा-चकेवाक अभ्यास सत्रक शुरुआत कयलनि। एहिअवसर पर शिक्षिका विमला कुमारी, बाल संसदक प्रधानमंत्री अनन्या कुमारी आदि सहयोग कयलनि।

विकसित भारतक निर्माण मे युवाक भूमिका महत्वपूर्ण : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

दरभंगा, समदिया

युवा संसद मे वन नेशन-वन इलेक्शन पर प्रतिभागी सभ रखलनि अपन विचार



विकसित भारत यंग लीडर डायलॉगक अंतर्गत माय भारत केंद्र, दरभंगाक तत्वावधान मेशुक्रदिन देर सांझ डॉ. कामेश्वर सिंह संस्कृत विश्वविद्यालयक दरबार हॉल मे 'विकसित भारत युवा संसद'आयोजित कयल गेल। सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर दीप प्रज्वलित कएकार्यक्रमक उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर 'वन नेशन-वन इलेक्शन' विषय पर युवा सभ निर्धारित तीन मिनट मे अपन-अपन विचार प्रस्तुत कयलनि। सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे युवा मात्र देशक भविष्य नहि, बल्कि वर्तमानक कर्णधार सेहो छथि। विकसित भारतक निर्माण मे युवाक सक्रिय भागीदारी,सकारात्मक सोच आ नेतृत्व क्षमताक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। ओ विकसित मिथिलाक निर्माण पर जोरदैत कहलनि जे केंद्र आ राज्य सरकारक सहयोग सं मिथिला क्षेत्र विकासक बाट पर आगू बढ़ि रहलअछि। कार्यक्रमक अध्यक्षता करैत जिला युवा अधिकारी अमरेंद्र कुमार अमर कहलनि जे युवा संसद लोकतांत्रिक मूल्य, तार्किक चिंतन, संवाद कौशल आ नेतृत्व क्षमता विकसित करबाक एकटा सशक्त मंचथीक। प्रतियोगिता मे विश्व मोहन झा प्रथम, श्वेता रानी मिश्रा द्वितीय आ अक्षय कुमार झा तृतीय स्थान प्राप्त कयलनि। एहि तीनू प्रतिभागीक चयन राज्यस्तरीय प्रतियोगिताक लेल कयल गेल। मौका पर जिला खेल पदाधिकारी चंदन कुमार, प्रो. दिलीप कुमार झा, सुधीर कुमार, वीरेंद्र नारायण सिंह सहित अन्यउपस्थित छलाह। कार्यक्रमक संचालन साधना शर्मा कयलनि, जखन कि धन्यवाद ज्ञापन आशीष कुमारकयलनि। युवा संसद मे वन नेशन-वन इलेक्शन पर प्रतिभागी सभ रखलनि अपन विचार

सरकारी निर्देशक बादो नेहराक रजोखरि पोखरिक नहि भेल साफ-सफाइ

6 हजार हिंदू परिवार एहि पोखर मे करैत छथि छठि

मनीगाछी,समदिया

छठि महापर्व कें लए कए प्रखंड क्षेत्रक विभिन्न गाम मे ग्रामीण सभ जनसहयोग सं घाट सभक साफ- सफाई मे जुटल छथि। शहरी क्षेत्र जकां ग्रामीण इलाका मे सरकारी स्तर पर घाट सभक सफाई नहिहोयबाक कारण लोक अपने एहि काज मे लागल छथि। ओतहि नेहरा पूर्वी पंचायत स्थित ऐतिहासिक रजोखरि पोखरिक घाट सभक सफाई पछिला एक महिना सं लगातार कयल जा रहल अछि। मुदा विडंबनाजे करीब 64 एकड़ मे पसरल एहि पोखर मे पछिला पांच बरख सं जलकुंभी जमा अछि, तकरा हटेबाक दिशा मे एखन धरि कोनो ठोस पहल नहि भेल अछि। बताओल जाइत अछि जे नेहरा पूर्वी पंचायतककरीब 6 हजार हिंदू परिवार एक्के पोखर मे एक संग छठि महापर्व मनबैत छथि। विधान परिषद सदस्य सुनील चौधरी, बेनीपुर विधानसभा क्षेत्र सं महागठबंधनक प्रत्याशी रहल मिथिलेश चौधरी, सांसद गोपाल जी ठाकुरक ससुराल पक्ष आ सांसद कीर्ति झा आजादक ससुराल पक्षक लोक सेहो एही पोखर मे छठि करैतछथि। तइयो पोखरक बदहाल स्थिति लोक सभक लेल परेशानीक कारण बनल अछि। जलकुंभी जमारहबाक कारण व्रती सभ कें बांस-बल्लेक सहारे कोनो तरहें पानि धरि पहुंचबाक बाट बनाबय पड़ैत अछि। स्थानीय लोक सभक मान्यता अछि जे रजोखर पोखर छठि घाट पर सच्चा मोन सं मंगला गेल मन्नत छठी मइया पूरा करैत छथि। एहि कारण एहि पोखर सं लोक सभक गहींर आस्था जुड़ल अछि। गत बरखजकां एहि वर्षो घाट सभक साफ-सफाई, लाइट आ साउंड व्यवस्थाक पूरा खर्च शिवनारायण सहनीक परिजन उठा रहल छथि। उल्लेखनीय अछि जे सरकार एहि पोखर कें जल-जीवन-हरियाली मिशन मे सेहो शामिल कयने अछि। तइयो एकर स्थिति मे सुधार नहि भेल अछि। विधान परिषद सदस्य सुनील चौधरीआ जदयू के राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष सह राज्यसभा सांसद संजय झा सेहो एहि संबंध मे डीडीसी कें पत्रलिखि चुकल छथि। मुदा स्थानीय लोकक कहब अछि जे एखन धरि पोखर सं जलकुंभी हटेबाक दिशा मेकोनो ठोस कारबाइ नहि भेल अछि। जानकारीक अनुसार, सरकार एहि बेर ग्रामीण क्षेत्रक छठि घाट सभकसाफ-सफाई करयबाक निर्देश सेहो देने अछि। एहि निर्देश कें देखैत डीडीसी जिला मत्स्य पदाधिकारी आसभ प्रखंड विकास पदाधिकारी कें आवश्यक निर्देश देने छथि। जिला मत्स्य पदाधिकारी प्रदीप कुमार कार्यालय पत्रांक 1895, दिनांक 1 अक्टूबर 2026 के माध्यम सं सभ प्रखंडक मत्स्यजीवी सहयोगसमितिक मंत्री सभ कें अपन-अपन क्षेत्रक पोखर, नदी आ नहर सभ सं छठि सं पहिने जलकुंभी हटेबाकनिर्देश देने छलाह। संगहि गहींर पानि बला स्थान सभ पर बांस-बल्ला सं घेराबंदी करबाक आ लाल झंडा लगयबाक निर्देश सेहो देल गेल छल। मुदा मनीगाछी प्रखंड मे एहि निर्देश सभक अनुपालन होइत नहि देखाइत अछि। एहि संबंध मे प्रखंड मत्स्यजीवी सहयोग समितिक मंत्री विश्वनाथ सहनी बतौलनि जे हुनका एहन कोनो पत्र अथवा आदेश प्राप्त नहि भेलनि। दोसर दिस, बीडीओ संदीप कुमार पांडेयक निर्देशपर स्वच्छता अभियानक अंतर्गत छठि घाट सभक ऊपरी हिस्सा सभक साफ-सफाई कराओल जा रहलअछि।

दीपावली आ छठि सं पहिने पत्रकार पेंशन योजनाक राशि लाभुकक बैंक खाता मे हस्तांतरित

» मुख्यमंत्रीक निर्देश पर आब प्रत्येक मासक 10 तारीख कें होयत पेंशनक भुगतान

पटना, समदिया

दीपावली आ छठि महापर्व सहित आगामी पर्व-त्योहार सं पहिने सूचना एवं जनसंपर्क विभाग, बिहार पत्रकार सभक लेल संचालित बिहार पत्रकार सम्मान पेंशन योजना आ बिहार पारिवारिक पत्रकार सम्मानपेंशन योजनाक राशि लाभुक सभक बैंक खाता मे अंतरित कए देलक अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीकनिर्देशानुसार विभाग दुनू योजनाक अंतर्गत आब प्रत्येक मासक 10 तारीख कें पेंशन भुगतान सुनिश्चितकरबाक निर्णय लेने अछि। एहि मास मुख्यमंत्री पर्व-त्योहार सं पहिने पेंशनक राशि भुगतान करबाकनिर्देश देने छलाह। बिहार पत्रकार सम्मान पेंशन योजनाक अंतर्गत पात्र सेवानिवृत्त पत्रकार सभ कें प्रतिमाह 15,000 टाका देल जाइत अछि। ओतहि बिहार पारिवारिक पत्रकार सम्मान पेंशन योजनाक अंतर्गतदिवंगत पत्रकार सभक पात्र आश्रित कें प्रतिमाह 10,000 टाका पारिवारिक पेंशन देबाक प्रावधान अछि। सूचना एवं जनसंपर्क तथा ग्रामीण विकास विभागक मंत्री श्रवण कुमार कहलनि जे राज्य सरकार सेवानिवृत्त पत्रकार आ दिवंगत पत्रकार सभक पात्र आश्रितक सामाजिक सुरक्षाक लेल प्रतिबद्ध अछि। एहि उद्देश्य सं एहि मास दीपावली आ छठि सं पहिनहि पेंशन भुगतान सुनिश्चित कयल गेल अछि। प्रत्येक मासक 10 तारीख कें भुगतान करबाक निर्णय लाभुक सभ कें नियमित रूप सं पेंशन उपलब्ध करयबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम अछि। बिहार पत्रकार सम्मान पेंशन योजनाक लाभार्थी सत्येंद्र कुमार पांडेय दीपावली सं पहिने पेंशन भेटलापर आभार व्यक्त करैत कहलनि जे पर्वक एहि विशेष अवसर पर पेंशनक राशि भेटब हुनका सभक लेल आर्थिक सहयोग सं बढ़ि कए अछि। ई हुनकर वर्षो पुरान पत्रकारिता जीवन, समर्पण आ योगदानक प्रति सम्मान आ संवेदनशीलताक प्रतीक सेहो अछि। योजनाक एक अन्य लाभार्थी राणा प्रताप सिंह कहलनि जेसरकारक त्वरित पहल सं हुनका आ हुनकर परिवार कें पैघ राहति आ खुशी भेटल अछि। एहि कारण दीपावलीक पर्व हुनका सभक लेल आओर विशेष भए गेल अछि। पेंशनभोगी सभक आवश्यकताक प्रति संवेदनशीलता देखयबाक लेल ओ विशेष आभार व्यक्त कयलनि।

बिहार-झारखंड सं चयनित एकमात्र अभ्यर्थी, दिल्ली मुख्यालय मे पोस्टिंग

पिताक सपना कें उड़ान देलनि बेटी, 20 वर्षक वंशिका बनली इंडिगोक इंटरनेशनल क्रू कैप्टन

भागलपुर, समदिया

फिलीपींस मे लेतीह विशेष प्रशिक्षण



पिता अपन बेटी कें विमानन क्षेत्र मे ऊंचाइ धरि पहुंचबाक सपना देखने छलाह आ मां हर परिस्थिति मे आगू बढ़बाक हौसला दैत रहली। माता-पिताक सपना आ अपन मेहनत कें पंख दैत भागलपुरक घोघास्थित गोपालपुर गामक 20 वर्षीय वंशिका विराज सफलता हासिल कयलनि अछि। हुनका इंडिगो द्वारा इंटरनेशनल एयर क्रू कैप्टेनक रूप मे चयनित कयल गेलनि अछि। एहि उपलब्धि पर भागलपुरक जिलाधिकारी अलंकृता पांडेय सेहो वंशिका कें बधाई देने छथि। 2 नवंबर 2026 के कंपनीक आधिकारिक घोषणा भेलाक बाद वंशिकाक पोस्टिंग दिल्ली मुख्यालय मे कयल गेलनि। खास बात जे देशभरि सं चयनित 10 अभ्यर्थी मे बिहार आ झारखंड सं वंशिका एकमात्र चयनित अभ्यर्थी छथि। आब हुनका विशेष प्रशिक्षणक लेल फिलीपींस पठाओल जायत। वंशिकाक पिता विश्वजीत सिंहक इच्छा छलनि जे बेटीविमानन क्षेत्र मे अपन करियर बनाबथि। बेटी एहि इच्छा कें अपन लक्ष्य बना लेलनि। मां स्नेहा बचपनसं हुनका मानसिक रूप सं मजबूत बनौलनि आ प्रत्येक परिस्थिति मे आगू बढ़बाक प्रेरणा देलनि। माता-पिताक सहयोग आ वंशिकाक निरंतर मेहनत आखिरकार रंग अनलक। अपन सफलता सं उत्साहित वंशिकाकहलनि जे ओ कहियो हिम्मत नहि हारलनि। हुनकर प्रयास लगातार जारी रहल। हिम्मत, लगन आनिरंतर प्रयास सं कोनो मंजिल हासिल कयल जा सकैत अछि। एहि मुकाम तक पहुंचबा मे मां-बाबूक महत्वपूर्ण योगदान रहलनि। हुनकर सपना सेहो छलनि जे माता-पिताक इच्छा पूरा कय सकथि।प्रशिक्षणक दौरान वंशिका कें केरल मे बहुत अनुभव भेटलनि। कंपनीक वरिष्ठ पदाधिकारी सभकजानकारीक अनुसार, आब हुनका निर्धारित अवधिक लेल फिलीपींस मे विशेष प्रशिक्षण देल जायत। एहि प्रशिक्षणक बाद अंतरराष्ट्रीय विमानन क्षेत्र मे हुनकर जिम्मेदारी आओर बढ़तनि। दू भाई-बहिन मे वंशिकापैघ छथि। हुनकर पिता विश्वजीत सिंह निजी विद्यालय मे शिक्षक रहि चुकल छथि आ बालाजी जेवियर स्कूलक पूर्व निदेशक सेहो रहल छथि। संगहि ओ अन्य व्यवसाय सं सेहो जुड़ल छथि। घोघाक एहि बेटीक सफलता साबित कयलक अछि जे पैघ सपना देखबाक आ ओकरा पूरा करबाक लेल उम्र बाधा नहि होइतअछि। वंशिकाक उपलब्धि निश्चित रूप सं क्षेत्रक अन्य बेटीक लेल प्रेरणास्रोत बनतनि।

मंत्री डॉ. दिलीप जायसवालक जगह-जगह भेल आत्मीय अभिनंदन

कुर्साकांटा/अररिया, समदिया



» बैरगाछी-कुर्साकांटा मोड़ पर भाजपा जिलाध्यक्ष आदित्य नारायण झाक नेतृत्व मे कार्यकर्ता सभ कयलनिस्वागत

बिहार सरकारक राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री डॉ. दिलीप कुमार जायसवालक आगमन पर बैरगाछी सं कुर्साकांटा धरि भाजपा कार्यकर्ता सभ मे विशेष उत्साह देखय लेल भेटल। विभिन्न स्थान पर पार्टी पदाधिकारी, जनप्रतिनिधि आ कार्यकर्ता सभ गर्मजोशीक संग हुनकर स्वागत आ अभिनंदन कयलनि।बैरगाछी-कुर्साकांटा मोड़ पर पहुंचला पर भाजपा जिलाध्यक्ष आदित्य नारायण झाक नेतृत्व मे पार्टीकार्यकर्ता सभ मंत्री डॉ. जायसवालक आत्मीय स्वागत कयलनि। एहि दौरान कार्यकर्ता सभ पुष्पगुच्छ भेंटकए हुनकर अभिनंदन कयलनि आ प्रसन्नता व्यक्त कयलनि। एकर बाद कुर्साकांटाक हाता चौक परस्थानीय विधायक विजय कुमार मंडलक अगुवाइ मे कार्यकर्ता सभ मंत्रीक भव्य स्वागत कयलनि। एहि दौरान कार्यकर्तासभक उत्साह आ अपनापन देखबा योग्य छल। स्वागत सं अभिभूत मंत्री डॉ. दिलीप कुमारजायसवाल सभ कार्यकर्ता आ समर्थकक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। ओ कहलनि जे अहां सभक अपारस्नेह, सम्मान आ अपनापन हुनका लेल सदिखन प्रेरणाक स्रोत रहल अछि। कार्यकर्तासभक विश्वास आसहयोग जनसेवाक दायित्व कें आओर ऊर्जा आ समर्पणक संग निभेबाक प्रेरणा दैत अछि। ओ सभक प्रतिहृदय सं आभार व्यक्त करैत कहलनि जे संगठनक वास्तविक शक्ति ओकर समर्पित कार्यकर्ता होइतछथि। कार्यकर्तासभक स्नेह आ सम्मान सदिखन स्मरणीय रहत। स्वागतक एहि आत्मीय दृश्य एक बेरफेर संगठनात्मक एकजुटता, कार्यकर्तासभक उत्साह आ जनप्रतिनिधिसभक बीच आपसी समन्वय कें उजागर कयलक।

पूर्व मुखियाक निधन पर मंत्री डॉ. दिलीप जायसवाल, सांसद प्रदीप सिंह आ विधायक विजय मंडल अर्पित कयलनि श्रद्धांजलि

कुर्साकांटा/अररिया, समदिया



सिकटी विधानसभा क्षेत्रक पहुंसी पंचायतक पूर्व मुखिया अनंत कुमार सिंहक निधन सं पूरा क्षेत्र मे शोककलहर अछि। हुनकर निधनक खबर सं मर्माहत बिहार सरकारक राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री डॉ. दिलीपकुमार जायसवाल, अररिया सांसद प्रदीप कुमार सिंह आ बिहार सरकारक पूर्व कैबिनेट मंत्री सह स्थानीयविधायक विजय कुमार मंडल हुनकर पैतृक आवास पहुंछि दिवंगत आत्मा कें भावभीनी श्रद्धांजलि अर्पितकयलनि। एहि दौरान तीनू जनप्रतिनिधि दिवंगत अनंत कुमार सिंहक चित्र पर पुष्प अर्पित कए हुनकानमन कयलनि। संगहि शोकाकुल परिजन सं भेंट कए अपन गहींर संवेदना व्यक्त कयलनि। ओ परिवारक सदस्य सभ कें सांत्वना दैत एहि कठिन समय मे धैर्य आ हिम्मत बनौने रखबाक आग्रह कयलनि। जनप्रतिनिधि सभ कहलनि जे कोनो क्षेत्रक सामाजिक जीवन मे जनप्रतिनिधिक भूमिका महत्वपूर्ण होइतअछि। पंचायतक पूर्व मुखियाक रूप मे अनंत कुमार सिंहक क्षेत्र आ समाज सं गहींर जुड़ाव रहलनि। हुनकर निधन परिवारक संग-संग स्थानीय समाज लेल सेहो अपूरणीय क्षति अछि। समाजक लेल हुनकरयोगदान सदिखन स्मरण कयल जायत। एहि अवसर पर प्रमुख प्रतिनिधि सुशील कुमार सिंह, भाजपा नेतासह जिला परिषद प्रतिनिधि अजीत झा सहित स्थानीय कार्यकर्ता आ गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।सभ उपस्थित लोक दिवंगत आत्माक शांति लेल ईश्वर सं प्रार्थना कयलनि आ शोकसंतप्त परिवार कें एहिअपार दुःख कें सहन करबाक शक्ति देबाक कामना कयलनि।

दीपकक इजोत सं जगमगायल शिक्षक प्रशिक्षण महाविद्यालय, रंगोली मे शंख सदन रहल सब सं आगू

बोकारो, समदिया



स्वामी रामकृष्ण परमहंस शिक्षक प्रशिक्षण महाविद्यालय, दुग्दा मे दीपावलीक अवसर पर रंगोली आ दीप सजावट प्रतियोगिताक आयोजन कएल गेल। रंगोली प्रतियोगिता मे प्रशिक्षु सभ राष्ट्रीय एकता, सामाजिक सद्भाव, पर्यावरण संरक्षण, नारी सशक्तीकरण आ स्वच्छता जेहन विषय कें रंग आ आकृतिक माध्यम सं उकेरलनि। ओतहि, दीप सजावट प्रतियोगिता मे पारंपरिक माटिक दीप कें आकर्षक ढंग सं सजा अपन कलात्मक प्रतिभाक प्रदर्शन कएलनि।एहि अवसर पर महाविद्यालयक निदेशक सह सचिव शंकर प्रसाद स्वर्णकार कहलनि जे 'असतो मा सद्गमय, तमसो मा ज्योतिर्गमय' केर भावना संग दीपोत्सव जीवनक अन्हार दूर कए प्रकाश दिस बढ़बाक संदेश दैत अछि। भारतीय पर्व-त्योहार हमर सांस्कृतिक विरासत आ सामाजिक एकताक प्रतीक अछि। एहि तरहक प्रतियोगिता सं विद्यार्थी सभ मे रचनात्मकता, आत्मविश्वास, सामूहिक सहभागिता आ सांस्कृतिक चेतनाक विकास होइत अछि।प्रशासनिक पदाधिकारी सह राष्ट्रीय सेवा योजनाक कार्यक्रम पदाधिकारी पूनम प्रसाद कहलनि जे एहि तरहक गतिविधि प्रशिक्षुसभक सर्वांगीण व्यक्तित्व विकास मे सहायक होइत अछि।रंगोली प्रतियोगिता मे शंख सदन पहिल, कोयल सदन दोसर आ दामोदर सदन तेसर स्थान प्राप्त कएलक। शंख सदनक टीम मे ममता कुमारी, प्रियम कुमारी, प्रीति कुमारी, मेघा शर्मा, उम्मे सलमा, दीपक यादव, बाणेश्वर चटर्जी, शिप्रा कुमारी, किरण बाला आ पूजा विश्वकर्मा सहित अन्य प्रशिक्षु शामिल छलाह।कोयल सदनक टीम मे अभिलाषा कुमारी, चंपा कुमारी, नेहुल पांडेय, आकाश कुमार, पुष्पराज, स्वीटी कुमारी, जैमिला होरो, लाली स्मृति टुडू, सना परवीन आ अंजली कुमारी शामिल छलीह। दामोदर सदनक टीम मे शिवानी सिन्हा, रूबी कुमारी, अंजू कुमारी, खुशबू कुमारी, चांदनी कुमारी, नाजिश निगार, अनिता कुमारी, प्रिया कुमारी आ रिंकी कुमारी सहित अन्य प्रशिक्षु शामिल छलीह।ओतहि, दीप सजावट प्रतियोगिता मे मेघा शर्मा पहिल, शीतल कुमारी दोसर आ खुशबू कुमारी तेसर स्थान प्राप्त कएलनि। विजेता सभ कें महाविद्यालयक दिस सं सम्मानित कए प्रोत्साहित कएल गेल।मौका पर सहायक प्राध्यापक जयश्री साह, सोमनाथ बाउरी, सच्चिता कुमारी, बेबी कुमारी, शशांक कुमार, दीपक कुमार पॉल, अमरेंद्र कुमार, रितिका कुमारी, पुष्पा कुमारी सहित शिक्षक, शिक्षकेतर कर्मचारी आ बड्ड संख्या मे बीएड प्रशिक्षु उपस्थित छलाह।

शंख नदी आ केलाघाघ छठि घाटक उपायुक्त आ एसपी कएलनि निरीक्षण

सिमडेगा, समदिया



लोक आस्थाक महापर्व छठि कें शांतिपूर्ण, सुरक्षित आ सुव्यवस्थित तरीका सं संपन्न करयबाक लेल जिला प्रशासन सक्रिय अछि। उपायुक्त कंचन सिंह आ एसपी श्रीकांत एस. खोटरे शंख नदी आ केलाघाघ छठि घाटक निरीक्षण कएलनि। एहि दौरान ओतय चलि रहल तैयारीक जायजा लेलनि।उपायुक्त घाटसभक स्थिति, साफ-सफाइ, सुरक्षा व्यवस्था, प्रकाशक प्रबंध आ श्रद्धालु सभ लेल उपलब्ध सुविधाक निरीक्षण कएलनि। ओ संबंधित पदाधिकारी सभ कें सभ छठि घाट पर स्वच्छता सुनिश्चित करबाक, पर्याप्त प्रकाश व्यवस्था करबाक, अस्थायी शौचालय बनयबाक आ बुनियादी सुविधा उपलब्ध करयबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे आपसी समन्वय बना समय पर सभ तैयारी पूरा करी, जाहि सं छठि व्रती आ श्रद्धालु सभ कें कोनो तरहक असुविधा नहि भए।एसपी सुरक्षा व्यवस्था कें लए सतर्कता बरतबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे श्रद्धालुसभक सुरक्षा सर्वोपरि अछि। शंख नदी आ केलाघाघ छठि घाटक गहीर आ संवेदनशील जल क्षेत्र मे रस्सी आ रिबन लगा बैरिकेडिंग कराबी। एनडीआरएफ टीमक तैनाती सुनिश्चित करी आ पर्याप्त संख्या मे सुरक्षा कर्मी प्रतिनियुक्त करी।जलाशय मे नावक माध्यम सं पानिक गहराइ आ संवेदनशील स्थानक लगातार निगरानी करबाक संगहि अनाउंसमेंट करयबाक निर्देश देलनि। अप्रिय घटना आ दुर्घटना रोकबाक लेल जरूरी सुरक्षा उपाय समय पर पूरा करबाक लेल कहलनि। घाट लग यातायात व्यवस्था सुचारू रखबाक आ निर्धारित दूरी पर पार्किंगक समुचित प्रबंध करबाक निर्देश सेहो देलनि। निरीक्षणक दौरान अनुमंडल पदाधिकारी सुमंत तिर्की, छठि पूजा समितिक सदस्य आ अन्य संबंधित पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

महुलीशोल पंचायत भवन मे वित्तीय समावेशन संतृप्ति अभियानक ग्रामीण सभ उठौलनि लाभ

धालभूमगढ़, समदिया



धालभूमगढ़क महुलीशोल पंचायत भवन मे वित्तीय समावेशन संतृप्ति अभियानक अंतर्गत विशेष शिविर आयोजित कएल गेल। शिविरक उद्देश्य ग्रामीण क्षेत्र मे बैंकिंग आ वित्तीय सेवाक शत-प्रतिशत पहुंच सुनिश्चित करब छल।शिविर मे एलडीएम संजीव कुमार चौधरी आ प्रभारी प्रखंड कृषि पदाधिकारी पीयूष कुमार मंडल उपस्थित छलाह। महुलीशोल पंचायतक मुखिया बिक्रम टुडू आ बैंक ऑफ इंडिया (सारंगोशोल) के शाखा प्रबंधक चंद्रकांत सेहो भाग लेलनि। साख फाउंडेशनक सीएफ इंचार्ज हितेश्वर पाल शिविरक समन्वय मे सहयोग कएलनि।शिविरक दौरान प्रधानमंत्री सुरक्षा बीमा योजना, प्रधानमंत्री जीवन ज्योति बीमा योजना आ अटल पेंशन योजना के अंतर्गत पैघ संख्या मे नव नामांकन कएल गेल। ओतहि, बैंक खाताक केवाईसी, डायरेक्ट बेनिफिट ट्रांसफर सीडिंग आ नामांकित व्यक्ति जोड़बाक काज सेहो मौके पर कएल गेल। अधिकारी सभ डिजिटल बैंकिंग सुरक्षा, बीमा प्रीमियमक समय पर भुगतान आ सरकारी योजनासभक जानकारी देलनि। शिविर मे पैघ संख्या मे ग्रामीण पहुंचि विभिन्न योजनाक लाभ उठौलनि।

दुमका मे 22 दिन सं स्वास्थ्यकर्मीक आंदोलन जारी, वार्ता मे नहि पहुंचलाह एजेंसीक अधिकारी

रांची, समदिया

झारखंडक दुमका जिला मे स्वास्थ्य विभागक अंतर्गत काज करय बला आउटसोर्सिंग स्वास्थ्यकर्मीक आंदोलन 22म दिन सेहो जारी रहल। अपन मांग कें लए प्रदर्शन कए रहल कर्मचारी आ आउटसोर्सिंग एजेंसीक बीच वार्ताक प्रयास सेहो बेनतीजा रहल। श्रम अधीक्षकक आदेश पर बजाओल गेल द्विपक्षीय बैठक मे एजेंसीक अधिकृत प्रतिनिधि नहि पहुंचलाह आ कर्मचारीसभक बुनियादी मांग पर कोनो ठोस जवाब नहि भेटल।श्रम अधीक्षकक निर्देश पर शुक्रदिन दुमकाक सिविल सर्जन आ स्वास्थ्य विभाग मे मानव संसाधन उपलब्ध करय बला सभ आउटसोर्सिंग एजेंसी कें बैठक लेल बजाओल गेल छल। एहि मे पारा मेडिकल स्टाफ एसोसिएशनक प्रतिनिधि सेहो शामिल भेलाह।बैठक मे बालाजी, शिवा प्रोटेक्शन फोर्स आ बिरसा सिक्योरिटी एजेंसीक दिस सं मात्र सुपरवाइजर पहुंचलाह। हुनका सभ लग एजेंसी दिस सं अधिकृत होयबाक कोनो दस्तावेज नहि छल। ओतहि, कमांडो इंडस्ट्रियल एजेंसीक मालिक बैठक मे उपस्थित भेलाह, मुदा आउटसोर्सिंग कर्मीसभक बुनियादी मांग सं जुड़ल कतेको मुद्दा पर कमी आ विसंगति सामने आयल।पारा मेडिकल स्टाफ एसोसिएशनक आरोप अछि जे एहि सं पहिने सिविल सर्जन एजेंसी सभ कें बैठक लेल बजौने छलाह, मुदा ओ आदेशक अनदेखी केने छल। एजेंसी सभ पत्राचारक जवाब तक नहि देने छल। आब श्रम अधीक्षकक आदेश कें सेहो गंभीरता सं नहि लेल गेल।बैठक मे कर्मचारीसभक मांग पर कोनो ठोस जवाब नहि भेटलाक बाद श्रम अधीक्षक एजेंसी सभ कें शीघ्र समस्याक समाधान करबाक निर्देश देलनि। संगहि, विभाग आ पारा मेडिकल स्टाफ एसोसिएशन कें लिखित रूप सं संतुष्ट करबाक लेल सेहो कहलनि।

रोटरी क्लब चास धूमधाम सं मनौलक दीपावली मिलन समारोह, सदस्य सभ मे देखल गेल उत्साह

बोकारो, समदिया



रोटरी क्लब चासक दिस सं दीपावलीक शुभ अवसर पर मिलन समारोह आयोजित कएल गेल। एहि मे सदस्य आ हुनकर परिवारक लोक सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। अध्यक्ष मुकेश अग्रवाल सभ आगंतुकक स्वागत करैत कहलनि जे दीपावली खुशी, आपसी प्रेम, भाइचारा आ सद्भावक पर्व अछि।समारोह मे मनोरंजन लेल विभिन्न रोचक खेलक आयोजन कएल गेल। कुबेरक खजाना खेल विशेष आकर्षणक केंद्र रहल। विजेता सभ कें पुरस्कृत कएल गेल। खेलक दौरान हंसी-मजाक आ उत्साहक माहौल बनल रहल।एहि अवसर पर पल्लवी प्रसाद कें रोटरी क्लब चासक सदस्यता सेहो देल गेल। सदस्य सभ हुनकर स्वागत कएलनि। मौका पर सचिव बिनोद चोपड़ा, पूजा बैद, ललिता चोपड़ा, आरती पारख, उषा कुमार, उषा सिंह, पूर्वी केजरीवाल, ज्योति अग्रवाल, मनप्रीत कौर, माधुरी सिंह, शिवानी तनेजा, नेहा अग्रवाल, केंडी टबोडा, ब्रेंडा टबोडा, सुमी कौर, पूनम अग्रवाल, कविता मल्लिक, कविता बंका, अंजना झांझरिया आदि उपस्थित छलीह।

धनबाद-बोकारोक 9 अस्पताल कें झमाडाक नोटिस, भवन निर्माण मानकक उल्लंघनक आरोप

धनबाद, समदिया



धनबाद आ बोकारोक 9 अस्पताल भवन निर्माण मानकक उल्लंघन केने अछि। झारखंड खनिज क्षेत्र विकास प्राधिकार (झमाडा) अपन जांच रिपोर्टक आधार पर एहि अस्पताल सभ कें नोटिस जारी कए जवाब मांगने अछि।झमाडाक जांच रिपोर्ट मे खुलासा भेल अछि जे एहि अस्पताल सभ भवन निर्माण नियमावली (बिल्डिंग बायलॉज) कें उल्लंघन केने अछि। जाहि अस्पताल सभ कें नोटिस जारी कएल गेल अछि, ओहि मे असर्फी कैंसर अस्पताल, दृष्टि आई अस्पताल आ यसलोक (गोविंदपुर), आईरिस अस्पताल (फकीरडीह), पूजा नर्सिंग होम (शिवलीबाड़ी), स्वातिक अस्पताल (चंद्रपुरा), मां शारदा अस्पताल (बोकारो), सनराइज अस्पताल आ आम्रपाली अस्पताल (बरवाअड्डा) शामिल अछि।एहि सभ अस्पताल कें बिल्डिंग बायलॉज 2016 के अंतर्गत नोटिस पठाओल गेल अछि। झमाडाक अनुसार, अस्पताल प्रबंधन भवन निर्माण सं जुड़ल निर्धारित मानकक पालन नहि केने अछि। विभागीय अधिकारीक कहब अछि जे सभ अस्पताल कें नोटिस पठा जवाब मांगल गेल अछि।एकर पहिने एहि सभ अस्पतालक जांच जेई आ सहायक अभियंता केने छलाह। जांच मे भवन निर्माण सं संबंधित मानकक पालन नहि होयबाक बात सामने आयल छल। एकर बाद झमाडा दिस सं नोटिस जारी कए जवाब मांगल गेल। सभ अस्पताल प्रबंधन कें एक सप्ताहक भीतर भवनक स्वीकृत नक्शा, फायर एनओसी, ट्रेड लाइसेंस, प्रदूषण प्रमाणपत्र आ अन्य जरूरी दस्तावेज जमा करबाक लेल कहल गेल अछि।झमाडाक एहि नोटिसक बाद अस्पताल प्रबंधन सभ मे हलचल मचल अछि। सभ अस्पताल संचालक अपन दस्तावेज दुरुस्त करबा मे जुटि गेल छथि। झमाडा अधिकारी स्पष्ट केने छथि जे नियमक पालन नहि करय बला कोनो अस्पताल कें छोड़ल नहि जाएत।लोकसभक कहब अछि जे झमाडा कें लगातार शिकायत भेटि रहल छल जे कतेको निजी अस्पताल बिना नक्शा स्वीकृत करौने अथवा आवासीय नक्शा पर व्यावसायिक रूप सं अस्पताल चला रहल अछि।झमाडाक सचिव प्रकाश कुमार कहलनि, "जांचक दौरान जिनका अस्पताल सभ मे कमी भेटल अछि, ओहि सभ सं नक्शा सहित अन्य प्रमाणपत्र मांगल गेल अछि। नोटिस पठा देल गेल अछि। निर्धारित समय सीमा मे जवाब आ प्रमाणपत्र नहि देला पर विभागीय कारबाइ कएल जाएत।"

सीआई आ राजस्व उपनिरीक्षक मापी प्रक्रिया सं रहताह बाहर, राज्य मे 8 मास बाद फेर शुरू होयत जमीनक मापी एसओपीक प्रारूप तैयार

जमशेदपुर, समदिया



झारखंड मे आठ महीना सं बंद जमीनक मापी आ सीमांकनक काज शीघ्र शुरू होबाक उम्मीद अछि। राजस्व, निबंधन एवं भूमि सुधार विभाग हाईकोर्टक निर्देश सभक आधार पर नव मानक संचालन प्रक्रिया (एसओपी) के प्रारूप तैयार कए लेने अछि। विभागीय मंत्री दीपक बिरुआ सेहो एकरा मंजूरी दए देने छथि। आब एकरा कैबिनेटक स्वीकृति लेल भेजबाक तैयारी अछि। मंजूरी भेटिते नव नियम पूरा राज्य मे लागू भए जाएत। एहि सं पूर्वी सिंहभूमक ओहि 10 हजार सं बेसी परिवार कें राहति भेटबाक उम्मीद अछि, जिनकर जमीनक मापी लेल देल गेल आवेदन लंबित अछि अथवा रद्द कए देल गेल अछि।नव नियम मे मापीक जिम्मेदारी सीओ, अंचल कार्यालयक प्रधान सहायक आ अमीन कें देल गेल अछि। अंचल निरीक्षक आ राजस्व उपनिरीक्षक कें एहि प्रक्रिया सं अलग राखल गेल अछि। एसओपीक प्रारूप तैयार भए चुकल अछि आ विभागीय मंत्री सेहो एकर सहमति दए देने छथि। एकरा कैबिनेट मे भेजबाक तैयारी आखिरी चरण मे अछि। मंजूरी भेटिते राज्य मे जमीनक मापी आ सीमांकनक काज शुरू भए जाएत।

कैबिनेटक मंजूरी भेटिते पूरा राज्य मे लागू होयत नव नियमःसीमांकन कें लए अदालतक अलग-अलग फैसलाक बाद राज्य मे जमीन मापीक प्रक्रिया रुकि गेल छल। पीठ स्पष्ट केने छल जे सरकारी आदेश मात्र मापी शुल्क निर्धारित करैत अछि। एहि सं सीओ कें निजी जमीनक सीमांकन करबाक असीमित अधिकार नहि भेटैत अछि। अदालत ईहो कहने छल जे सीओ सेवा प्रदाता छथि, मालिकाना हक संबंधी विवादक फैसला करय बला प्राधिकारी नहि। डिवीजन बेंच राज्य सरकार कें वैधानिक एसओपी बनेबाक निर्देश देने छल।ओतहि, एहि मामिला मे अदालत स्पष्ट केने छल जे जं मात्र जमीनक सीमा चिन्हबाक संदेह भए, तं राजस्व अधिकारी मापी कए सकैत छथि, मुदा मालिकाना हक संबंधी विवादक फैसला सिविल कोर्टे करत।

6 हजार आवेदन रद्द, 4 हजार अटकलःहाईकोर्टक आदेशक बाद जिलाक सभ 12 अंचल मे करीब 6 हजार ऑनलाइन आवेदन रद्द कए देल गेल छल। एकर बाद झारभूमि पोर्टल पर मापीक ऑनलाइन सेवा सेहो बंद भए गेल। पछिला 6-7 महीना मे करीब 3,500 सं 4,000 नव मामिला सेहो आवेदन नहि भए सकबाक कारण अटकि गेल।किछु अंचल मे मैनुअल आवेदनक माध्यम सं मापी करबाक प्रयास कएल गेल, मुदा दोसर पक्षक विरोधक कारण प्रक्रिया पूरा नहि भए सकल। मापी शुरू होयबाक बाद जमीनक खरीद-बिक्री, दाखिल-खारिज आ पारिवारिक बंटवारा सं जुड़ल मामलासभक निपटारा मे सेहो मदद भेटबाक उम्मीद अछि।

पुनरुत्थान अभियान गोइलकेरा प्रखंड अंचल कार्यालयक समक्ष देलक सांकेतिक धरना

चाईबासा, समदिया



गैर राजनीतिक सामाजिक संगठन झारखंड पुनरुत्थान अभियानक गोइलकेरा प्रखंड कमेटी अध्यक्ष मन हरण हेंब्रमक अध्यक्षता मे शुक्रदिन अंचल कार्यालयक समक्ष एक दिवसीय सांकेतिक धरना-प्रदर्शन कएलक।धरना-प्रदर्शन कें संबोधित करैत झारखंड आंदोलनकारी आ पूर्व विधायक बहादुर उरांव कहलनि जे झारखंड सरकार स्वशासन व्यवस्थाक सशक्तीकरण लेल पेसा नियमावली बना एहि वर्ष 02 जनवरी 2026 के अधिसूचित कए देने अछि। ई गोइलकेरा मे पदस्थापित अधिकारी आ ठेकेदार सभ कें नीक नहि लागल। परिणामस्वरूप, हुनका सभक विरुद्ध षड्यंत्र रचि विभिन्न आरोप लगाओल गेल आ हुनका गिरफ्तार कए जेल पठा देल गेल। झारखंड पुनरुत्थान अभियानक केंद्रीय अध्यक्ष सन्नी सिंकू कहलनि जे झारखंड सरकार जाहि तरहें लगातार दूर-दराजक प्रखंड क्षेत्र मे मॉडल स्कूल खोलि रहल अछि, ओही तरहें गोइलकेरा मे डिग्री कॉलेज आ आईटीआईक स्थापना सेहो बहुत जरूरी अछि। अभियानक केंद्रीय महासचिव अमृत मांझी कहलनि जे झारखंड पुनरुत्थान अभियान पछिला तीन वर्ष सं जल, जंगल आ जमीनक लड़ाइ चरणबद्ध तरीका सं लड़ि रहल अछि।

वंदे मातरम् कें 150 वर्ष पूरा भेला पर बोकारो क्लब मे सजल संगीत आ साहित्यक महफिल



बोकारो, समदिया

राष्ट्रगीत वंदे मातरम् कें 150 वर्ष पूरा होयबाक उपलक्ष्य मे सरस भारत सांस्कृतिक एवं साहित्यिक संस्थाक दिस सं बृहस्पतिवार सांझ बोकारो क्लब मे 'एक सांझ देश के नाम' कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। एहि मे साहित्यकार आ संगीतकार देशभक्ति गीत, गजल आ कविताक माध्यम सं राष्ट्रीय चेतनाक संदेश देलनि। कार्यक्रमक मुख्य अतिथि मैथिली महाकाव्य 'ॐ महाभारत'क रचयिता वरिष्ठ साहित्यकार बुद्धिनाथ झा वंदे मातरमक विकास यात्रा आ बंकिमचंद्र चट्टोपाध्यायक जीवन पर प्रकाश देलनि। कोलकाताक संगीतकार आ साहित्य अकादमी पुरस्कार सं सम्मानित गजलकार सुशील ठाकुर साहिल राष्ट्रगीत प्रस्तुत कएलनि। टाटाक गायक मनमोहन सिंह राजस्थानी गीत 'पधारो म्हारे देश' प्रस्तुत कएलनि। अनिल सिंह, चारुकेशी, चारुवेश आ अरुण पाठक सेहो अपन सांगीतिक प्रस्तुति सभ सं कार्यक्रम मे समां बान्हि देलनि। देशक वीर सैनिक सभ कें समर्पित काव्य सत्र मे सोनी सुगंध, रीना यादव आ राजीव कुमार वीर रसक रचना सुनौलनि। राजीव कुमारक कविता पर पूरा सभागार 'भारत माता की जय' आ 'वंदे मातरम्'क उद्घोष सं गूंजि उठल।संस्थाक महासचिव सोनी सुगंध कहलनि जे सरस भारत देश भरि मे वंदे मातरमक विकास यात्रा आ राष्ट्रीय चेतना कें जन-जन धरि पहुंचाओत। कार्यक्रमक संचालन सुशील साहिल कएलनि, जखनकि धन्यवाद ज्ञापन संजय कुमार झा कएलनि।

आईआईटी खड़गपुर सं सीखताह जमशेदपुरक स्कूली बच्चा, 7 स्कूलक 12 शिक्षक लेलनि नवाचारक प्रशिक्षण

जमशेदपुर, समदिया

आब जमशेदपुरक स्कूली बच्चा सभ पढ़ाइक संग वास्तविक समस्याक समाधान खोजबाक, नव प्रयोग करबाक आ उद्यमिताक समझ विकसित करबाक अवसर पाओताह। एहि दिशा मे गुलमोहर हाई स्कूलक पहल पर शहरक 7 स्कूलक 12 शिक्षाविद आईआईटी खड़गपुर मे आयोजित तीन दिवसीय ग्रीन इनोवेशन एंड सस्टेनेबिलिटी बूटकैंप मे भाग लेलनि। 3 सं 5 नवंबर धरि आयोजित एहि प्रशिक्षण मे शिक्षक सभ कें नवाचार, डिजाइन थिंकिंग, रैपिड प्रोटोटाइपिंग आ हरित उद्यमिताक व्यावहारिक जानकारी देल गेल।आईआईटी खड़गपुरक राजेंद्र मिश्रा स्कूल ऑफ इंजीनियरिंग एंटरप्रेन्योरशिपक दिस सं संस्थानक प्लेटिनम जुबली समारोहक अंतर्गत एहि बूटकैंपक आयोजन कएल गेल छल। एहि मे गुलमोहर हाई स्कूलक अतिरिक्त लोयोला स्कूल, लिटिल फ्लावर स्कूल, हिल टॉप स्कूल, मोतीलाल नेहरू पब्लिक स्कूल, जेएच तारापोर स्कूल आ वैली व्यू स्कूलक शिक्षक सभ भाग लेलनि।प्रशिक्षणक दौरान शिक्षक सभ कें बताओल गेल जे स्थानीय समस्या सभ कें चिन्हि ओकर तकनीकी आ व्यावहारिक समाधान कोना तैयार कएल जा सकैत अछि। डिजाइन थिंकिंग आ रैपिड प्रोटोटाइपिंगक माध्यम सं विचार कें मॉडल मे बदलब, सर्कुलर इकोनॉमी आ पर्यावरण अनुकूल व्यावसायिक मॉडल विकसित करबाक जानकारी देल गेल।विशेषज्ञ सभ जल प्रदूषण जेहन वास्तविक पर्यावरणीय समस्याक समाधान मे वैज्ञानिक अनुसंधानक भूमिका सेहो बुझौलनि। फिनलैंड आ जापानक शिक्षाविद सतत विकासक अंतरराष्ट्रीय दृष्टिकोण साझा कएलनि।गुलमोहर हाई स्कूलक प्राचार्य प्रीति सिन्हा कहलनि जे विद्यार्थी सभ कें भविष्यक उद्यमी बनेबाक लेल पहिने शिक्षक सभ कें अनुसंधान आ नवाचारक व्यावहारिक अनुभव देब जरूरी अछि। ओ बतौलनि जे एहि पहलक उद्देश्य दोसर स्कूल सभ कें सेहो एहन अवसर सं जोड़ब अछि। भविष्य मे आईआईटी खड़गपुरक सहयोग सं शिक्षक प्रशिक्षण, विद्यार्थीसभक मार्गदर्शन आ संयुक्त परियोजनाक संभावना तलाशबाक योजना अछि।

नालंदा विश्वविद्यालयक 55 छात्र भूटान मे कएलनि श्रमदान,गेलेफू माइंडफुलनेस सिटी मे 108 बौद्ध स्तूपक निर्माण मे देलनि योगदान

नालंदा, समदिया



भारत आ भूटानक बीच ऐतिहासिक आध्यात्मिक संबंध आ साझा सांस्कृतिक मूल्यक झलक भूटान मे आयोजित एकटा विशेष पहल मे देखय लेल भेटल। नालंदा विश्वविद्यालयक 55 भूटानी स्नातकोत्तर विद्यार्थी भूटानक महत्वाकांक्षी 'प्रोजेक्ट 108' मे सक्रिय रूप सं भाग लेलनि।गेलेफू माइंडफुलनेस सिटी मे 1 सं 4 नवंबर धरि चलल चारि दिवसीय आयोजनक दौरान विद्यार्थी सभ 108 जांगछूब चोर्तेन अर्थात बौद्ध स्तूपक निर्माण मे श्रमदान कएलनि। नालंदा विश्वविद्यालयक विद्यार्थीसभक एहि भागीदारी कें भारत आ भूटानक बीच जनस्तर पर जुड़ाव आ ऐतिहासिक मित्रताक प्रतीक मानल जा रहल अछि।प्राचीन काल सं ज्ञान आ करुणाक केंद्र रहल नालंदाक परंपरा सं जुड़ल विद्यार्थी सभ एहि पहलक माध्यम सं साझा सांस्कृतिक विरासत प्रति अपन प्रतिबद्धता देखौलनि।

नालंदाक दर्शन आ भूटानक सकल राष्ट्रीय प्रसन्नता मे समानता:एहि अवसर पर नालंदा विश्वविद्यालयक कुलपति प्रोफेसर सचिन चतुर्वेदी कहलनि जे नालंदाक प्राचीन दर्शन आ भूटानक 'सकल राष्ट्रीय प्रसन्नता' (ग्रॉस नेशनल हैप्पीनेस) केर अवधारणा एक समान नैतिक आधार पर टिकैत अछि। आधुनिक दुनिया मे स्थायी शांति आ साझा समृद्धि लेल सचेतनता आ करुणा आवश्यक अछि। ओ कहलनि जे नालंदा मात्र अकादमिक अध्ययनक केंद्र नहि अछि, बल्कि ई विद्यार्थी सभ मे मानवताक सेवा आ सामूहिक कल्याणक भावना विकसित करय बला संस्थान सेहो अछि।

सामूहिक कल्याण आ मैत्रीक संदेश:गेलेफू मे बनाओल जा रहल 108 चोर्तेन कें मात्र धार्मिक आ स्थापत्य प्रतीकक रूप मे नहि, बल्कि आध्यात्मिक शांति, सकारात्मक ऊर्जा आ सतत विकासक संकल्प सं सेहो जोड़ि कए देखल जा रहल अछि। विश्वविद्यालय प्रशासन एहि पहल मे विद्यार्थीसभक प्रत्यक्ष भागीदारी पर प्रसन्नता व्यक्त कएलक। विद्यार्थीसभक एहि प्रयास कें भारत-भूटानक बीच सांस्कृतिक संबंध मजबूत करय बला पहल मानल जा रहल अछि।साझा मूल्य, आपसी सम्मान आ सामूहिक खुशहालीक संदेशक संग चारि दिवसीय आयोजनक समापन पारंपरिक शुभकामना 'ताशी देलेक' के संग भेल।

आठ दिवसीय जिला स्तरीय प्रशिक्षण पूरा, 10 जनवरी सं होयत स्व-गणना

बेगूसराय, समदिया



जनगणना-2027क दोसर चरणक तैयारी तेज भए गेल अछि। 25 जनवरी सं प्रगणक घर-घर पहुंचि परिवार सभ सं संबंधित जानकारी जुटाओताह। एहि सं पहिने 10 सं 24 जनवरी धरि लोक स्वयं अपन जानकारी ऑनलाइन दर्ज कए सकताह। पूरा प्रक्रिया डिजिटल माध्यम सं संपन्न होयत। एकर लेल प्रगणक मोबाइल ऐप आ सीएमएमएमएस पोर्टलक उपयोग करताह।जनसंख्या गणनाक सफल संचालन कें लए डीआरडीए सभागार मे चलि रहल आठ दिवसीय जिला स्तरीय प्रशिक्षण कार्यशालाक समापन शुक्रदिन भेल। आखिरी दिन जनगणना कार्य निदेशालय सं पहुंचल उप निदेशक अरुण मुंडा प्रशिक्षण सत्रक निरीक्षण कएलनि। ओ प्रतिभागीसभक समझ, तकनीकी प्रशिक्षण आ मोबाइल ऐपक माध्यम सं कराओल जा रहल व्यावहारिक अभ्यासक जायजा लेलनि।उप निदेशक कहलनि जे एहि बेर जनगणना मे डिजिटल प्लेटफॉर्म पर आंकड़ाक संकलन कएल जाएत। एहि लेल प्रत्येक स्तर पर आंकड़ाक शुद्धता आ सटीकता सुनिश्चित करब जरूरी अछि। ओ अधिकारी आ कर्मी सभ कें गंभीरता सं प्रशिक्षण लेबाक आ क्षेत्र मे एकर सही तरीका सं पालन करबाक निर्देश देलनि। जनगणनाक दोसर चरण मे प्रगणक घर-घर जा परिवार आ मकान सं संबंधित निर्धारित करीब 40 बिंदु पर जानकारी एकत्र करताह।एकर लेल हाउस लिस्टिंग ब्लॉक, सुपरवाइजरी सर्किल आ नजरी नक्शा तैयार करबाक प्रशिक्षण सेहो देल गेल। मोबाइल ऐपक संचालन आ डिजिटल माध्यम सं आंकड़ा दर्ज करबाक दौरान बरतय बला सावधानीसभक जानकारी देल गेल।आठ दिवसीय कार्यशाला चारि बैच मे आयोजित कएल गेल। एहि मे जिला आ चार्ज स्तरक पदाधिकारी आ कर्मी सभ कें जनगणनाक प्रक्रिया, तकनीकी प्रावधान आ क्षेत्रीय कार्यप्रणालीक जानकारी देल गेल। पटना सं आयल प्रशिक्षक सह नोडल पदाधिकारी निलेश शुक्ला आ प्रगति प्रिया प्रशिक्षण देलनि। अपर जिला जनगणना अधिकारी पूजा कुमारी आ नोडल अधिकारी (प्रशिक्षण) प्रियंका कुमारी प्रशिक्षण व्यवस्थाक निगरानी कएलनि।पूजा कुमारी कहलनि जे जनगणना राष्ट्रीय महत्वक काज अछि। एहि मे जुटाओल गेल आंकड़ाक शुद्धता, विश्वसनीयता आ गोपनीयता बनौने रखब सभक जिम्मेदारी अछि।

सिमरिया कल्पवास मेला मे लोकनृत्य आ लोकगीतक सजल महफिल

बेगूसराय, समदिया



जिला प्रशासन बेगूसरायक दिस सं आयोजित राजकीय कल्पवास मेला, सिमरिया मे एक्टिव कल्चरल सोसायटी बेगूसरायक कलाकार सभ भव्य सांस्कृतिक कार्यक्रम प्रस्तुत कएलनि। कलाकार सभ श्रद्धालुसभक खूब मनोरंजन कएलनि। एहि दौरान बिहारक लोकनृत्य-नाटिका जट-जटिन, सामा-चकेवा आ डोमकच समूह नृत्य प्रस्तुत कएल गेल।नृत्य प्रस्तुति मे खुशी कुमारी, वैष्णवी कुमारी, कल्पना कुमारी, रूपम कुमारी, मनीषा कुमारी आ कोमल कुमारी दर्शकसभक खूब प्रशंसा बटोरलनि। कार्यक्रमक निर्देशन मनोज कुमार केने छलाह।कार्यक्रम मे गायक रंजीत राय, लालो बिहारी आ कृष्णा कुमार तथा गायिका दिव्यांका भारद्वाज, कशिश कुमारी, जानवी कुमारी आ आरती कुमारी लोकगीत आ भक्तिगीत प्रस्तुत कएलनि। गीत सभ पर दर्शक झूमैत रहलाह। कार्यक्रमक प्रस्तुति खूब लोकप्रिय रहल। वाद्ययंत्र सभ मे हारमोनियम पर रंजीत राय, नाल वादन आकाश कुमार, पैड संचालन कन्हैया कुमार आ ऑर्गन पर प्रणव कुमार ठाकुर संगत कएलनि।कार्यक्रमक आखिरी सत्र मे जिला कला एवं संस्कृति पदाधिकारी श्याम कुमार सहनी सभ कलाकार कें अंगवस्त्र आ प्रमाणपत्र दए सम्मानित कएलनि। संस्था अध्यक्ष रवि शंकर रंक आ सचिव इम्तियाजुल हक डब्लू कें अंगवस्त्र आ प्रतीक चिह्न दए सम्मानित कएल गेलनि। मंच संचालन मनीष कौशिक कएलनि।

20 नवंबर कें सामस मे होयत विष्णुधाम महोत्सव, डीएम कहलनि-सफाइ, सुरक्षा आ यातायात व्यवस्था दुरुस्त राखू

रामलीलाक सेहो होयत मंचन

शेखपुरा, समदिया



बरबीघा प्रखंडक सामस गांव मे 20 नवंबर के विष्णुधाम महोत्सव आयोजित कएल जाएत। महोत्सवक तैयारी कें लए शुक्रदिन जिला पदाधिकारी शेखर आनंदक अध्यक्षता मे समीक्षा बैठक भेल। एहि मे आयोजनक व्यवस्था आ संबंधित विभागसभक जिम्मेदारी पर चर्चा कएल गेल। डीएम शेखर आनंद कहलनि जे सामसक विष्णुधाम मंदिर जिलाक धार्मिक, सांस्कृतिक आ ऐतिहासिक पहचान सं जुड़ल अछि। महोत्सवक माध्यम सं एहि धरोहर आ जिलाक परंपरा सभ कें लोक धरि पहुंचयबाक प्रयास कएल जाएत।

महोत्सवमेहोयतसांस्कृतिक कार्यक्रम:आयोजनक दौरान विभिन्न सांस्कृतिक कार्यक्रम होयत। एकर संगहि रामलीलाक मंचन सेहो कएल जाएत। कार्यक्रमक माध्यम सं स्थानीय कला, संस्कृति आ परंपरा कें बढ़ावा देबाक प्रयास रहत।

समय पर तैयारी पूरा करबाक निर्देश:डीएम संबंधित अधिकारी सभ कें आपसी तालमेल बना समय पर तैयारी पूरा करबाक निर्देश देलनि। ओ आयोजन स्थल पर साफ-सफाइ, पेयजल, स्वास्थ्य सुविधा, सुरक्षा, यातायात आ बिजलीक व्यवस्था सुनिश्चित करबाक लेल कहलनि।

मंदिर प्रबंधन देलक सुझाव:बैठक मे मंदिरक सचिव आ सदस्य सभ आयोजन सं जुड़ल सुझाव देलनि आ तैयारीक जानकारी साझा कएलनि। जिला प्रशासन आ मंदिर प्रबंधन आपसी समन्वय सं महोत्सव आयोजित करबाक सहमति जतौलनि।बैठक मे मंदिरक सचिव आ सदस्य, अपर समाहर्ता लखींद्र पासवान, डीडीसी राकेश कुमार, सिविल सर्जन डॉ. संजय कुमार सहित अन्य जिला स्तरीय अधिकारी उपस्थित छलाह।

केंद्रीय काराक निरीक्षण कए बंदी सभ कें भेटय बला सुविधाक लेलनि जानकारी

मोतिहारी, समदिया



जिला विधिक सेवा प्राधिकारक सचिव नितिन त्रिपाठी केंद्रीय काराक निरीक्षण कएलनि। एहि दौरान कारा अधीक्षक विजय अरोड़ा आ पैनल विजिटिंग अधिवक्ता आयुषी अमृत उपस्थित छलीह। निरीक्षणक उद्देश्य बंदी सभ कें भेटि रहल बुनियादी सुविधा, भोजनक गुणवत्ता, स्वच्छता, स्वास्थ्य सेवा आ निःशुल्क विधिक सहायताक उपलब्धताक जायजा लेब छल।सचिव बंदी सभ कें देल जाए बला भोजनक गुणवत्ता, पौष्टिकता आ स्वच्छताक जांच कएलनि। ओ गुणवत्तापूर्ण भोजन उपलब्ध करयबाक आ निर्धारित स्वच्छता मानकक पालन करबाक निर्देश देलनि।एकर संगहि, कारा परिसर मे नव आ सुव्यवस्थित विधिक सहायता क्लिनिकक निर्माण आ स्थापना पर जोर देलनि। ओ क्लिनिक मे बंदीसभक विधिक सहायता संबंधी अनुरोध, अधिवक्ता सभ सं संपर्क, लंबित मामिला आ कएल गेल कारबाइक नियमित रिकॉर्ड रखबाक तथा निर्धारित प्रारूप मे प्रतिवेदन जिला विधिक सेवा प्राधिकार कें पठयबाक निर्देश देलनि।कारा परिसर, बंदी वार्ड, रसोईघर, शौचालय, स्नानघर आ अस्पतालक निरीक्षण कए नियमित सफाइ, कचरा प्रबंधन, स्वच्छ पेयजल, दवाइयक उपलब्धता आ बेमार बंदी सभ कें समय पर उपचार देबाक निर्देश देलनि।सचिव महिला आ विदेशी बंदी सभ सं बातचीत कए हुनकर समस्या जानलनि। महिला बंदीसभक निजता, सुरक्षा आ स्वास्थ्यक ध्यान रखबाक संगहि, हुनका सभक संग रहि रहल छह वर्ष सं कम उम्रक बच्चासभक पोषण, शिक्षा, स्वास्थ्य आ विकास लेल बाल हितैषी वातावरण बनेबाक निर्देश देलनि। विदेशी बंदी सभ कें सेहो विधिक सहायता आ अन्य जरूरी सेवा उपलब्ध करयबाक जरूरत पर जोर देलनि।अंत मे ओ कहलनि जे कारा प्रशासनक जिम्मेदारी सुरक्षा देबाक संगहि बंदीसभक मानवीय, स्वास्थ्य आ विधिक अधिकारक संरक्षण करब सेहो अछि। ओ निरीक्षणक दौरान देल गेल निर्देशसभक समय सीमा मे पालन आ नियमित निगरानी सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि।

विविध

सर्दी-खांसी ठीक होमय मे किएक लगैत अछि समय? बुझू धीरे-धीरे स्वस्थ होयबाक कारण



मौसिम बदलला पर खांसी-जुकाम होयब सामान्य बात अछि। कतेको बेर बोखार आ नाक बहबाक समस्या किछुए दिन मे ठीक भए जाइत अछि, मुदा खांसी बेसी दिन धरि बनल रहैत अछि। एहन स्थिति मे लोक परेशान भए बेर-बेर दवाइ लेबए लगैत छथि। हालांकि, खांसी-जुकाम पूरा तरहे ठीक होय मे समय लगब सामान्य भए सकैत अछि।नोएडा स्थित यथार्थ सुपर स्पेशियलिटी अस्पतालक पीडियाट्रिक्स आ नियोनेटोलॉजी विभागक सीनियर कंसल्टेंट डॉ. रोली मुंशी कहैत छथि जे अधिकांश सर्दी-जुकाम वायरल संक्रमणक कारण होइत अछि। शरीरके वायरस सं लड़ए मे समय लगैत अछि।सामान्यतः सर्दी-जुकामक लक्षण 7 सं 10 दिन मे कम होमय लगैत अछि, मुदा खांसी 2 सं 3 सप्ताह धरि रहि सकैत अछि। संक्रमणक बाद गला आ सांसक नली मे हल्का सूजन अथवा संवेदनशीलता बनल रहबाक कारण सेहो खांसी होइत रहैत अछि।

शीघ्र स्वस्थ होयबाक लेल की करी?

नीक जकां आराम करू आ दिनभरि पर्याप्त पानि आ दोसर तरल पदार्थ पीबैत रहू। गलाके आराम देबाक लेल गुनगुना पानि पी सकैत छी। शहद खांसी मे राहति दए सकैत अछि, मुदा एक वर्ष सं कम उम्रक बच्चा सभके शहद नहि देबाक चाही। धूम्रपान, धूरि आ प्रदूषण सं बचू, किएक तं ई सभ खांसी बढ़ा सकैत अछि। डॉक्टरक सलाह बिना एंटीबायोटिक नहि लिअ, कारण ई वायरल संक्रमण पर असर नहि करैत अछि। जं सांस लेबा मे परेशानी, छाती मे दर्द, लगातार तेज बोखार अथवा खांसी बढ़बाक समस्या हो तं डॉक्टर सं संपर्क करू। सही देखभाल आ पर्याप्त आराम शरीरके संक्रमण सं उबरए मे मदति करैत अछि।

थायराइड रिपोर्ट मे नुकायल अछि स्वास्थ्यक संकेत, बुझू टीएसएच, टी3 आ टी4क भूमिका



आइकाल्हि थायराइडक समस्या बहुत आम भए गेल अछि, मुदा कतेको बेर रोगी सभ कें अपन जांच रिपोर्ट बुझय मे परेशानी होइत अछि। थायराइड जांच मे मुख्य रूप सं टीएसएच, टी3 आ टी4 हार्मोनक स्तर देखल जाइत अछि। टीएसएच एकटा एहन हार्मोन अछि, जे मस्तिष्कक पिट्यूटरी ग्रंथि सं निकलैत अछि आ थायराइड ग्रंथिके हार्मोन बनेबाक संकेत दैत अछि।जयपुरक अपोलो स्पेक्ट्रा अस्पतालक इंटरनल मेडिसिन विभागक सीनियर कंसल्टेंट डॉ. रोहित शर्मा कहैत छथि जे जखन थायराइड ग्रंथि ठीक सं काज नहि करैत अछि, तखन एहि हार्मोन सभक स्तर मे बदलाव आबए लगैत अछि। जं रिपोर्ट मे टीएसएचक स्तर बढ़ल अछि आ टी4 कम अछि, तं ई हाइपोथायराइडिज्म यानी थायराइड ग्रंथिक कम सक्रिय होयबाक संकेत भए सकैत अछि।एहि स्थिति मे रोगीके थकान, वजन बढ़ब, बेसी जाड़ लगब, कब्ज आ केश झड़बाक समस्या भए सकैत अछि। ओतहि, टीएसएच कम होय आ टी3 अथवा टी4 बढ़ल रहए पर हाइपरथायराइडिज्म यानी थायराइड ग्रंथिक बेसी सक्रिय होयबाक आशंका रहैत अछि। एहि स्थिति मे वजन कम होयब, दिलक धड़कन तेज होयब, घबराहट, बेसी पसीना आबय आ निन्न नहि होयबाक समस्या भए सकैत अछि। हालांकि, मात्र एकटा रिपोर्टक आधार पर बेमारीक निश्चित निदान नहि कएल जा सकैत अछि। कतेको बेर टीएसएच मे मामूली बदलाव भेला पर टी3 आ टी4 सामान्य रहैत अछि। एहन मामिला मे रोगीक उम्र, लक्षण, मेडिकल हिस्ट्री आ जरूरतक अनुसार दोबारा जांच करएबाक सलाह देल जा सकैत अछि। गर्भावस्था, किछु दवाइ आ अन्य बेमारीक कारण सेहो थायराइड रिपोर्ट प्रभावित भए सकैत अछि। तें रिपोर्ट मे हार्मोनक स्तर सामान्य सीमा सं कम अथवा बेसी रहला पर घबरएबाक बदला डॉक्टर सं परामर्श लेबाक चाही। बिना चिकित्सकीय सलाहक थायराइडक दवाइ शुरू करब, ओकर खुराक बदलनाइ अथवा बंद करब नुकसानदायक भए सकैत अछि। समय पर जांच आ सही इलाज सं थायराइडक समस्याके प्रभावी ढंग सं नियंत्रित कएल जा सकैत अछि।

पहिने पिता समुद्र मे लापता, आब बेटाक मृत्यु गुजरातक जहाज पर ड्रोन हमला मे की भेल?

अहमदाबाद, एजेंसी

अमेरिका जाहि दिन ईरानक केशम द्वीप पर हमला कयलक, ओहि दिन दुबई लग हमरिया बंदरगाह सं पोरबंदर खजूर लए जा रहल एकटा जहाज पर होर्मुज जलडमरूमध्य मे हमला भेल। एहि हमला मे गुजरातक एकटा नाविकक मृत्यु भए गेल। ओमानक तटरक्षक बल हमला मे फंसल अन्य 13 नाविक कें सुरक्षित बचा लेलक। अल जुसुफी नामक ई जहाज गुजरातक देवभूमि द्वारका जिलाक सलाया बंदरगाहक छल। जहाजक चालक दलक सभ सदस्य सेहो सलाया क्षेत्रक रहयवला छलाह। हमला मे मृत नाविकक पहचान नईम अजीज गांधार (22) केर रूप मे भेल अछि। गांधार परिवार पर एहि तरहक दुख पहिने सेहो आबि चुकल अछि। करीब 22 वर्ष पहिने समुद्र मे जहाज पर काज करैत नईमक पिताक मृत्यु भए गेल छल। आब जवान बेटाक मृत्यु परिवारके गहींर सदमा मे डालि देने अछि।



ओमानक तटरक्षक बल हमला मे फंसल अन्य 13 नाविक कें सुरक्षित बचा लेलक



एहि वर्ष 28 फरवरी के अमेरिका आ इजरायल द्वारा ईरान पर संयुक्त हवाई हमला कयलाक बाद युद्ध शुरू भेल। तकर बाद होर्मुज जलडमरूमध्य मे कोनो भारतीय जहाज पर हमला होयबाक ई चारिम घटना अछि। एहि तरहक हमला मे मरयवला गुजरातक दोसर नाविक नईम छथि। जहाज मालिक सभक कहब अछि जे भारतीय सरकार द्वारा सुझाओल गेल सभ सुरक्षा उपाय अपनयलाक बादो भारतीय जहाज पर हमला भए रहल अछि। भारत सरकार 'अल जुसुफी' पर भेल हमला के निंदा कयलक अछि आ कहलनि जे अंतरराष्ट्रीय जलमार्ग पर व्यावसायिक जहाज सभ पर हमला चिंताक विषय अछि।

की अछि पूरा घटना

अल जुसुफी जहाज सलायाक जुसाब अहमद सुंभानियाक स्वामित्व बला छला। सुंभानिया परिवार कतेको वर्ष सं जहाजरानी कारोबार मे जुड़ल अछि। जुसाबक पैघ भाय अकबरभाई सुंभानियाक लग सेहो 'अल फातेम' नामक एकटा जहाज अछि।

अकबरभाई बतौलनि जे अल जुसुफी 31 अक्टूबर कें दुबईक हमरिया बंदरगाह सं पोरबंदर लेल रवाना भेल छल। ओहि दिन हुनकर दोसर जहाज अल फातेम सेहो दुबई बंदरगाह सं खाद्य सामग्री सहित सामान्य माल लए सोमालिया लेल विदा भेल छल। दुनू जहाज एक्के संग रवाना भेल छल, मुदा होर्मुजक स्थिति ठीक नहि बुझि अकबरभाई अल जुसुफी कें ओमानक खासब बंदरगाह पर रुकबाक निर्देश देलनि। ओतय जहाज एक दिन रुकल। दोसर जहाज सुरक्षित रूप सं होर्मुज जलडमरूमध्य पार कय सोमालिया पहुंचबाक यात्रा जारी रखलक।

दोसर दिन अल जुसुफी खासब सं पोरबंदर लेल विदा भेल। मुदा ओमानक लीमा बंदरगाह लग पहुंचिते ओकरा पर ड्रोन हमला भए गेल। अकबरभाईक अनुसार, भारतीय समयानुसार सांझ करीब 4.45 बजे जहाज पर हमला भेल। ओहि समय जहाजक ट्रांसपॉन्डर चालू छल आ तिरंगा फहरा रहल छल। एहि कारण आसपासक जहाज ओकर पहचान, चालक दल आ माल संबंधी जानकारी देख सकैत छल। अकबरभाई बतौलनि जे ओ मोबाइल फोन पर जहाजक गतिविधि पर नजरि रखने छलाह। सांझ 4.30 बजे धरि सभ किछु सामान्य छल। मुदा 4.45 बजे कप्तान सलीम अब्दुल सुंभानियाक फोन आयल जे जहाज पर ड्रोन हमला भेल अछि आ ओहि मे आगि लागि गेल अछि। सभ नाविक जहाज छोड़ि जीवनरक्षक नौका पर चढ़ि गेल छलाह।

950 टन खजूर सहित समुद्र मे डूबल जहाज

अकबरभाईक कहब छलनि जे जहाज होर्मुज जलडमरूमध्यक मुहाना पार कय रहल छल, तखने ओमानक खाड़ी दिस सं विपरीत दिशा मे आयल ड्रोन सीधा जहाजक केबिन सं टकरा गेल। जहाज पर 950 टन अर्थात 95 हजार किलोग्राम खजूर लदल छल। आगि लगलाक बाद सभ माल नष्ट भए गेल। आसपास कोनो दोसर जहाज अथवा अग्निशमन सुविधा नहि रहबाक कारण आगि पर काबू नहि पाओल जा सकल आ अंततः जहाज समुद्र मे डूबि गेल। सूचना भेटिते करीब आधा घंटा मे ओमानक तटरक्षक बल पहुंचल आ सभ नाविकके बचा कात पर अनलक।



अस्पताल लए जाइत काल नईमक मृत्यु भए गेल। हुनका बामा पैर आ हाथ मे चोट लागल छल।

पिताक बाद बेटाक मृत्यु सं परिवार पर दुखक पहाड़

नईमक चचेरा भाय इरफान गांधार बीबीसी के बतौलनि जे नईम पहिने मछली पकड़बाक कारोबार मे काज करैत छलाह। करीब 2-3 वर्ष पहिने बेसी वेतन भेटबाक कारण ओ मछली पकड़बाक काज छोड़ि जहाज पर नाविक बनि गेलाह। एहि वर्ष मई मे ओ पहिल बेर 'अल जुसुफी' पर काज शुरू कयने छलाह। नईम चारि बहिन आ दू भाइ मे सभ सं छोट छलाह। हुनकर पैघ भाय निजाम सेहो मछरी पकड़यवला नाव पर नाविक छथि। दुनू अविवाहित छलाह। नईमक पिता अजीजभाइक मृत्यु करीब 22 वर्ष पहिने समुद्र मे जहाज पर काज करैत भेल छलनि। ओ करीब 70 अन्य नाविकक संग भेड़-बकरी लदल जहाज पर कच्छक टूना बंदरगाह सं दुबई लेल रवाना भेल छलाह। मुदा जहाज समुद्री बीहाड़ि मे लापता भए गेल। तकर बाद ने जहाजक कोनो पता चलल आ ने अजीजभाइक। आब बेटाक मृत्यु सं परिवार पर दोबारा दुखक पहाड़ टूटि पड़ल अछि।

नईमक शव ओमानक खासब स्थित अस्पताल मे राखल अछि। परिवारक सहमति पर हुनका ओतहि दफन करबाक निर्णय लेल गेल अछि। हुनकर मां जरीना पति आ छोट बेटा दुनूक मृत्यु सं गहींर सदमा मे छथि। परिवारक कहब अछि जे ओमान सं शव अनबाक प्रक्रिया मे बेसी समय लागत। शेष 13 नाविकके भारत वापस अनबाक प्रयास कयल जा रहल अछि।

होर्मुज मे गुजरातक चारिम जहाज पर हमला

इंडियन सेलिंग वेसल्स एसोसिएशन (एसवीआइए) केर महासचिव आदम भाया बीबीसी के बतौलनि जे गुजरात मे एखन 270 आ पूरा भारत मे करीब 450 जहाज एहि कारोबार मे सक्रिय अछि। 'अल जुसुफी' एहि वर्ष मई सं होर्मुज जलडमरूमध्य मे हमला झेलयवला गुजरातक चारिम जहाज अछि। एहि सं पहिने 8 मई के 'अल फैज नूर-ए-सुलेमानी' पर हमला मे 42 वर्षीय नाविक अल्ताफ खेरक मृत्यु भेल छल, जखनकि चारि अन्य नाविक घायल भेल छलाह। 13 मई के 'हाजी अली' नामक जहाज पर हमला भेल आ ओ डूबि गेल। ओकर 14 नाविकके बचा लेल गेल, मुदा जहाज पर लदल 1800 भेड़-बकरी मरि गेल। करीब छह महीनाक शांति के बाद 29 अक्टूबर के कच्छक मांडवी बंदरगाहक 'क्यूबा' नामक जहाज पर सेहो होर्मुज जलडमरूमध्य मे हमला भेल। आदम भाया कहलनि जे गुजरातक जहाज भारतीय सरकार द्वारा जारी सुरक्षा दिशा-निर्देशक सख्ती सं पालन कय रहल अछि। एहि निर्देशानुसार जहाज दिनहि मे होर्मुज जलडमरूमध्य पार करैत अछि आ अपन ट्रांसपॉन्डर चालू रखैत अछि। एहि सभ सावधानीक बादो जहाज पर हमला जारी रहब गुजरातक जहाजरानी कारोबार सं जुड़ल लोक लेल गंभीर चिंता आ असुरक्षाक विषय बनल अछि।

12 दिसंबर कें सपरिवार अयोध्या जेता अखिलेश आ डिंपल, रामललाक करताह दर्शन

सपाक पूर्व मंत्री आ वरिष्ठ नेता पवन पांडेय एहि प्रस्तावित कार्यक्रमक जानकारी देने छथि

लखनऊ, एजेंसी

समाजवादी पार्टी (सपा) केर राष्ट्रीय अध्यक्ष आ उत्तर प्रदेशक पूर्व मुख्यमंत्री अखिलेश यादव आखिरकार अयोध्या स्थित राम मंदिर मे दर्शन करबाक कार्यक्रम तय कय लेने छथि। अखिलेश यादव अपन पत्नी डिंपल यादव आ बेटा-बेटीक संग 12 दिसंबरके सपरिवार अयोध्या जाएताह। ओतय राम जन्मभूमि मंदिर मे रामलला आ हनुमानगढ़ी मे बजरंगबलीक दर्शन करताह। सपाक पूर्व मंत्री आ वरिष्ठ नेता पवन पांडेय एहि प्रस्तावित कार्यक्रमक जानकारी देने छथि।



पूर्व मंत्री पवन पांडेयक अनुसार, अखिलेश यादव 12 दिसंबर कें पूरा दिन अयोध्या मे बितेताह। ओ सभ सं पहिने हनुमानगढ़ी पहुंचि बजरंगबलीक दर्शन करताह। तकर बाद राम जन्मभूमि मंदिर जा रामललाक सपरिवार संत-महात्मा सभ सं आशीर्वाद लेताह आ प्रसाद ग्रहण करताह।

उल्लेखनीय अछि जे अखिलेश यादव एखन धरि राम मंदिर मे दर्शन करबाक लेल नहि गेल छलाह। एहि बातके लए कय भाजपा आ हिंदूवादी संगठन लगातार हुनका निशाना बनबैत रहल अछि। किछु दिन पहिने अयोध्या दौरा पर गेलाक समय अखिलेश यादव सपा नेता आ पूर्व मंत्री पवन पांडेयके जिम्मेदारी देने छलाह जे हुनकर राम मंदिर जायबाक तिथि तय करथि। एकर बाद छोटकी दीपावलीक दिन शनिदिन पवन पांडेय 12 दिसंबरके अयोध्या जायबाक घोषणा कयलनि।

पवन पांडेय कहलनि जे सपा प्रमुख अयोध्याक पूज्य संत सभ सं भेंट कय हुनकर आशीर्वाद सेहो लेताह। राष्ट्रीय अध्यक्षक अयोध्या दौरा के लए कय पार्टी कार्यकर्ता सभ मे जबरदस्त उत्साह अछि। ओहि दिन अयोध्या मे हुनकर भव्य स्वागत कयल जाएत।

हमरा सभ पर बुलडोजर चला दिअ, अभिषेकक घर पर हमला सं भड़कली ममता बनर्जी

कहलनि, भाजपा मे हिम्मत अछि तं सीधा मोकाबला करय

कोलकाता, एजेंसी

अखिल भारतीय तृणमूल कांग्रेस (टीएमसी) केर प्रमुख आ पश्चिम बंगालक मुख्यमंत्री ममता बनर्जी शनिदिन भारतीय जनता पार्टी (भाजपा) पर गुंडागर्दीक गंभीर आरोप लगौलनि। ममता बनर्जी दावा कयलनि जे शनिदिन भोर करीब 2 बजे कोलकाताक कालीघाट इलाका मे तृणमूल कांग्रेसक राष्ट्रीय महासचिव आ सांसद अभिषेक बनर्जीक घर पर हमला कयलाक बाद उपद्रवी सभ स्थानीय काली पूजा समारोह मे सेहो जमि कय तोड़फोड़ आ बाधा उत्पन्न कयलनि।

काली पूजा आ दीपावली सं ठीक पहिने भेल एहि घटनाक बाद पश्चिम बंगालक राजनीतिक वातावरण गरमा गेल अछि। ममता बनर्जी भाजपा पर तीखा हमला करैत कहलनि जे विपक्ष 'इंडिया' गठबंधनक एकजुटता सं घबरा गेल अछि। एहि कारण एहन हथकंडा अपनाओल जा रहल अछि।

कालीघाट मे मीडिया आ समर्थक सभ कें संबोधित करैत ममता बनर्जी कहलनि, काल्हि काली पूजा आ दीपावली अछि। बीतल राति 2 बजे अभिषेक बनर्जीक घर पर हमला कयल गेल। ई हमर इलाका अछि, जतय मां कालीक कतेको शोभायात्रा निकलैत अछि। अहां सभ एतय एहन उपद्रव किएक कए रहल छी? हमर पारंपरिक आ वर्षो पुरान पूजाक अनुमति रद्द कय देल गेल आ ओकर बदला नव पूजा आयोजित करबाक अनुमति देल गेल। बीतल राति हमर स्थानीय क्लब सभके काजो नहि करय देल गेल। ओ आगू कहलनि जे जं भाजपा मे साहस अछि तं सीधा मोकाबला करय। ममता आरोप लगौलनि जे राति 2-3 बजे आबि पार्टी कार्यालय आ पूजा संबंधी काज मे बाधा पहुंचाओल जाइत अछि। ओ चुनौती दैत कहलनि जे जं अहां सभ मे बुलडोजर चलयबाक हिम्मत अछि तं हमरा सभक देह पर बुलडोजर चला दिअ। हम सभ डरेवला नहि छी।



छह मास मे सातम बेर हमला करबाक दावा

दोसर दिस, तृणमूल कांग्रेसक सांसद कीर्ति आजाद एहि घटनापर चिंता जतबैत दावा कयलनि जे पछिला छह मास मे अभिषेक बनर्जी पर ई सातम जानलेवा हमला अछि। ओ लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला के पत्र लिखि बंगालक कानून-व्यवस्था आ पुलिसक निष्क्रियता पर सवाल उठौलनि। कीर्ति आजादक अनुसार, बीती राति करीब 2 बजे लाठी-डंडा आ पाथर सं लैस उपद्रवी सभ 30 सं 45 मिनट धरि अभिषेक बनर्जीक परिसर पर हमला कयलनि आ संपत्तिक तोड़फोड़ कयलनि।

ट्रंपक जान पर खतरा? व्हाइट हाउस लग धमकी देनिहार गिरफ्तार, तीन स्वचालित हथियार बरामद

वाशिंगटन, एजेंसी

अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंपक जान मारबाक धमकी देनिहार वेनेजुएलाक एक नागरिक कें सीक्रेट सर्विसक अधिकारी सभ वाशिंगटन डीसी मे व्हाइट हाउसक लग गिरफ्तार कए लेलनि। आरोपी लग सं चोरीक गाड़ी, भारी मात्रा मे गोली-बारूद आ तीनटा स्वचालित हथियार बरामद कयल गेल अछि। अमेरिकी गृह सुरक्षा विभाग (डीएचएस)क अनुसार, घटना बृहस्पतिक सांझक अछि।

सीक्रेट सर्विसक अधिकारी सभ कॉन्स्टिट्यूशन एवेन्यू पर ठाढ़ एकटा गाड़ी मे रोनी योर्ड्रिक्स गुआनिपा क्रिनोस नामक व्यक्ति कें संदिग्ध अवस्था मे देखलनि। पूछताछ मे ओ अधिकारी सभ कें बतौलक जे ओकरा किछु आवाज सुनाइ पड़ैत छल, जे ओकरा वाशिंगटन जा ट्रंपक हत्या करबाक लेल कहैत छल। जांच मे पता चलल जे गाड़ी चोरीक छल। तलाशी मे एकटा एआर-15 शैलीक राइफल, मैक-10, ग्लॉक-43एक्स पिस्तौल आ दर्जनों कारतूस भेटल। रोनी क्रिनोस पर बिना लाइसेंस हथियार आ राइफल रखबाक, खतरनाक हथियार रखबाक तथा गाड़ी चोरी करबाक आरोप लगाओल गेल अछि। गिरफ्तारीक बाद अमेरिकी आव्रजन आ सीमा शुल्क प्रवर्तन (आईसीई) ओकरा विरुद्ध हिरासत आदेश जारी कयलक।

चीनक नौसेना सं अमेरिकाक बढ़ल चिंता, समुद्र मे प्रतिदिन उतरैत अछि करीब 100 युद्धपोत

एखन चीनक नौसेना अमेरिका कें चुनौती देबाक स्थिति मे आबि गेल अछि

नई दिल्ली, एजेंसी

चीन अपन नौसेनाक ताकत लगातार बढ़ा रहल अछि। ओकर बहुत रास युद्धपोत प्रतिदिन समुद्र मे सक्रिय रहैत अछि। ई स्थिति अमेरिका लेल चिंता बढ़ाबय बला अछि। रिपोर्ट सभक अनुसार, एखन चीनक नौसेना अमेरिका कें चुनौती देबाक स्थिति मे आबि गेल अछि। समुद्रक व्यस्त व्यापारिक मार्ग सभ पर सेहो चीनक युद्धपोत देखल जाइत अछि। एकटा रिपोर्ट मे दावा कयल गेल अछि जे प्रतिदिन करीब 100 चीनी युद्धपोत समुद्र मे तैनात रहैत अछि।

द वॉल स्ट्रीट जर्नल केर रिपोर्टक अनुसार, चीनक समुद्री बेड़ा आब अमेरिकाक तुलना मे 35 प्रतिशत पैघ भए गेल अछि। चीन लग कम-सं-कम 400 युद्धपोत अछि। पछिला किछु वर्ष मे चीन सभ सं तेजी सं अपन नौसेनाक विस्तार कयने अछि। ओकर उद्देश्य समुद्र पर अपन प्रभुत्व स्थापित करब अछि। एहि लेल ओ लगातार नौसेनाक क्षमता बढ़ा रहल अछि। ई अमेरिका सहित कतेको देशक लेल चिंता विषय बनल अछि।

दक्षिण चीन सागर, जापान आ ताइवानक लगपास चीन अपन दबदबा देखेबाक कोनो अवसर नहि छोड़ैत अछि। अदनक खाड़ी मे सेहो ओकर युद्धपोत तैनात अछि। शंघाइक लग एकटा द्वीप अछि, जतय चीनक युद्धपोत निर्माण कारखाना अछि। एहि ठाम बड़का संख्या मे व्यापारिक जहाज सेहो बनाओल जाइत अछि। वॉल स्ट्रीट जर्नल केर रिपोर्ट कहैत अछि जे एहि द्वीप पर बनल कारखाना सभ सं फ्रिगेट आ डिस्ट्रॉयर श्रेणीक युद्धपोत समुद्र मे उतरैत अछि।



ताइवानक अधिकारी सभ एकटा नक्शा साझा कय दावा कयने छलाह जे चीनक 53 जहाज, जाहि मे 34 युद्धपोत छल, फिलीपींस दिस बढ़ि रहल छल। जापानक रक्षा विभाग सेहो प्रशांत महासागरक ओसुमी जलडमरूमध्य मे तीन चीनी युद्धपोतक आवाजाही देखलक। मुदा बीजिंगक कहब अछि जे प्रशांत महासागर मे युद्धपोत सभक आवाजाही सामान्य अछि आ ई नियमित सैन्य अभ्यासक हिस्सा अछि।

शीघ्र भए सकैत अछि ट्रंप आ जिनपिंगक भेंट

चीन शुक्रदिन पहिल बेर पुष्टि कयलक जे राष्ट्रपति शी जिनपिंग, अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप आ रूसक राष्ट्रपति व्लादिमीर पुतिनक संभावित भेंटक संबंध मे बातचीत चलि रहल अछि। चीनक विदेश मंत्रालयक प्रवक्ता माओ निंग नियमित प्रेस वार्ताक दौरान कहलनि जे तीनू देशक राष्ट्राध्यक्ष सभक बैठक लेल संबंधित पक्ष सभक संग बातचीत कयल जा रहल अछि।

न्यूजीलैंड संग मैत्री मोकाबला लेल खालिद जमील 23 सदस्यीय भारतीय टीमक घोषणा कएलनि



भारतीय पुरुष राष्ट्रीय फुटबॉल टीमक मुख्य प्रशिक्षक खालिद जमील नवंबरक फीफा अंतरराष्ट्रीय मैच विंडो मे न्यूजीलैंडक विरुद्ध होमय बला दू मैत्री मोकाबला लेल 23 सदस्यीय टीमक घोषणा कएलनि।

ब्लू टाइगर्स 12 नवंबर के ऑकलैंडक गो मीडिया स्टेडियम मे भारतीय समयानुसार 11:30 बजे आ 15 नवंबर के क्राइस्टचर्चक वन न्यूजीलैंड स्टेडियम मे 08:30 बजे ऑल व्हाइट्सक सामना करत। 23 सदस्यीय टीम मे तीन एहन खेलाड़ी शामिल छथि, जिनका नौशाद मूसा सैफ चैंपियनशिप 2026 लेल घोषित टीम मे जगह देने छलाह। एहि खेलाड़ी सभ मे बिजॉय वर्गीज, मोहम्मद सुहैल आ लिस्टन कोलाको शामिल छथि। ई खेलाड़ी ढाका मे चलि रहल टूनार्मेंट मे आगू नहि खेलताह, बल्कि न्यूजीलैंड जाए बला खालिद जमीलक टीम संग जुड़ताह।

ओतहि, फरुख चौधरी, नौफल पी. एन. आ हिमिंगथनमाविया राल्टे कें सैफ चैंपियनशिप टीम सं मुक्त कए देल गेल अछि। ई सभ अपन क्लब मुंबई सिटी एफसी मे वापस लौटताह। एकर अतिरिक्त, रॉनी खरबुदोन चोटिल रहबाक कारण ढाका नहि जा सकताह।

न्यूजीलैंड जाए बला ब्लू टाइगर्सक टीम शनिदिन बेंगलुरु मे जुटत। रविदिन प्रशिक्षण सत्रक बाद राति मे ऑकलैंड लेल रवाना होयत। मुख्य प्रशिक्षक खालिद जमील कहलनि, न्यूजीलैंड सेहो विश्व कप खेलय बला देश अछि आ मजबूत प्रतिद्वंद्वी अछि। घरेलू मैदान सं बाहर ई दुनू मोकाबला हमर लेल नीक परीक्षा होयत। हम नीक तैयारी करय, अनुशासनक संग खेलय आ टीमक रूप मे अपन प्रदर्शन नीक बनयबाक एहि अवसरक उपयोग करय चाहैत छी।

फीफा पुरुष अंतरराष्ट्रीय मैत्री मोकाबला लेल भारतक 23 सदस्यीय टीम गोलकीपरः ऋतिक तिवारी, सोम कुमार, विशाल कैथ। डिफेंडरः अभिषेक सिंह टेकचाम, आकाश मिश्रा, बिजॉय वर्गीज, जय गुप्ता, मेहताब सिंह, परमवीर, रिकी मीतेई हाओबाम, रोशन सिंह नाओरेम। मिडफील्डरः अनिरुद्ध थापा, आशिक कुरुनियन, जितिन एमएस, लालरेमतलुआंगा फनाई, लालरिनलियाना हनामते, टोंबा सिंह हाओबाम।

आर्म रेसलिंगः पहिल बेर भारत मे आयोजित विश्व चैंपियनशिपक समापन, देश कें भेटल 59 पदक



भारत नई दिल्ली मे आयोजित 47म विश्व आर्म रेसलिंग आ 28म विश्व पैरा आर्म रेसलिंग चैंपियनशिप 2026 मे कुल 59 पदक जीतैत पहिल घरेलू विश्व चैंपियनशिपक शानदार समापन कएलक।

पहिल बेर भारत मे आयोजित एहि चैंपियनशिप मे 60 सं बेसी देशक 1,700 सं बेसी खेलाड़ी, अधिकारी आ समर्थक नव दिल्ली पहुंचल छलाह।

रूस ओवरऑल चैंपियन बनल, जखनकि कजाकिस्तान दोसर आ तुर्की तेसर स्थान पर रहल। छह खेलाड़ी सीनियर वर्ग मे दुनू हाथ सं स्वर्ण पदक जीतलनि। एहि मे तुर्कीक मेलेक सेलिक आ एसरा किरज, कजाकिस्तानक उल्बोसिन एलमुरात आ येर्दुअलेत नूरमखान तथा जॉर्जियाक इरीना ड्रियाएवा आ तेंगिजी नात्स्वश्विली शामिल छथि। भारत कुल 59 पदक जीतलक, जाहि मे 9 स्वर्ण, 19 रजत आ 31 कांस्य पदक शामिल अछि। पैरा खेलाड़ी सभ 26 पदक (2 स्वर्ण, 10 रजत आ 14 कांस्य) जीतैत देशक पदक तालिका मे पांचम स्थान सुनिश्चित कएलनि। सब-जूनियर, जूनियर आ यूथ खेलाड़ी सभ 20 पदक (3 स्वर्ण, 8 रजत आ 9 कांस्य) जीतलनि। मास्टर्स आ ग्रैंड मास्टर्स वर्ग मे भारत कें 12 पदक (4 स्वर्ण, 1 रजत आ 7 कांस्य) भेटल। सीनियर वर्ग मे भारत एकटा कांस्य पदक जीतलक।

जिंसीमोल सेबेस्टियन ग्रैंड मास्टर महिला 80 किलोग्राम वर्ग मे दुनू हाथ सं स्वर्ण पदक जीतलनि। योगेश चौधरी आ शौकत वीटी दहिना हाथ सं स्वर्ण आ बामा हाथ सं कांस्य पदक अपन नाम कएलनि। सीनियर फाइनल मे मधुरा के. एन. महिला 70 किलोग्राम दहिना हाथ वर्ग मे कांस्य पदक जीतलनि।

शुक्रदिन पूर्वी दिल्लीक द लीला एंबिएंस कन्वेंशन होटल मे समापन समारोह आयोजित भेल। एहि मे कोस्टा रिका गणराज्यक राजदूत एच.ई. नेस्टर गैब्रियल बाल्टोडानो वर्गास, भारत मे रोमानियाक राजदूत एच.ई. सेना लातिफ आ भारत मे जॉर्जियाक राजदूत एच.ई. वख्तांग जाओश्विली उपस्थित छलाह। 29 अक्टूबर सं 6 नवंबर 2026 धरि चलल एहि चैंपियनशिपक आयोजन पीपुल्स आर्म रेसलिंग फेडरेशन ऑफ इंडिया (पीएएफआई) विश्व आर्म रेसलिंग फेडरेशन (डब्ल्यूएएफ) के तत्वावधान मे केने छल।

आर्म रेसलिंग फेडरेशन ऑफ अफ्रीका (एएफए) के अध्यक्ष आ विश्व आर्म रेसलिंग फेडरेशन (डब्ल्यूएएफ) के उपाध्यक्ष चार्ल्स ओसेई असिबे कहलनि, भारत मेजबानीक एकटा नव मानक स्थापित केने अछि। आयोजन, अतिथि सत्कार आ दर्शकसभक उत्साह एहि चैंपियनशिप कें एहन बना देलक, जकरा सभ महाद्वीप याद रखत।

पीएएफआईक अध्यक्ष, एएएफक उपाध्यक्ष आ प्रो पंजा लीगक सह-संस्थापक प्रीति झंगियानी कहलनि, हम भारत मे दुनियाक सब सं मजबूत हाथ बला खिलाड़ीसभक स्वागत कएलहुं आ आइ राति एकटा आर्म रेसलिंग परिवारक रूप मे विदाइ लैत छी। हमर खेलाड़ी अपन देश मे देशक मान बढ़ौने छथि। ई विश्व चैंपियनशिप ओहि प्रत्येक भारतीय खेलाड़ी, प्रशिक्षक आ अधिकारीक अछि, जे एहि खेल पर भरोसा रखैत छथि। प्रो पंजा लीगक सह-संस्थापक परवीन डबास कहलनि, हमर खेलाड़ी घरेलू दर्शकसभक सोझां विश्व कें देखौने छथि जे भारतीय आर्म रेसलिंग पैघ मंच पर की कए सकैत अछि। भारत मे विश्व चैंपियनशिपक आयोजन पंजा खेल लेल एकटा सपना छल। आब ई एहन मानक बनि गेल अछि, जाहि पर आगू काज कएल जाएत।

विश्व आर्म रेसलिंग चैंपियनशिप अगिला साल कनाडा मे आयोजित होयत। भारत मे प्रो पंजा लीग पूनावाला गोल्ड एडिशन-2 आगामी 28 नवंबर 2026 के पुणे मे होयत। एहि प्रतियोगिता मे विश्व चैंपियनशिपक पदक विजेता योगेश चौधरी, हरकोमल सिंह गिल आ आभास राणा भाग लेताह।

बैरीक शानदार प्रदर्शन सं एवर्टनक वापसी, कोवेंट्री कें 3-1 सं हरौलक, वीएआर विवाद सेहो रहल चर्चा मे

एवर्टन दोसर हाफ मे शानदार वापसी करैत कोवेंट्री सिटी कें 3-1 सं हरा देलक। एहि मोकाबला मे थियर्नो बैरी दू गोल आ एकटा असिस्ट दैत जीतक नायक बनलाह। हालांकि, मैच मे वीएआरक तीन विवादित निर्णय सेहो चर्चाक विषय रहल।

कोवेंट्रीक टीम कें कई बेर लगल जे ओकर अपील पर गलत निर्णय लेल गेल, मुदा एवर्टन दोसर हाफ मे भेटल अवसरक फायदा उठबैत तीन अंक हासिल कएलक। एहि जीतक संग टीम इंग्लिश प्रीमियर लीगक अंकतालिका मे पांचम स्थान पर पहुंचि गेल।

दोसर हाफक शुरूआत मे मेहमान टीम कोवेंट्रीक यान गोबो शानदार व्यक्तिगत प्रयास सं गोल कए टीम कें बढ़त दियौलनि। कोवेंट्रीक फॉरवर्ड एवर्टनक कतेको खेलाड़ी कें छकबैत गोलपोस्ट धरि पहुंचलाह आ जॉर्डन पिकफोर्ड कें चकमा दैत गेंद गोलपोस्ट मे पहुंचा देलनि। मुदा एवर्टन मात्र चारि मिनट मे बराबरी कए लेलक। बैरी पेनल्टी एरिया मे अपन मौजूदगी दर्ज करबैत किर्नन ड्यूजबरी-हॉलक पास पर हेडर लगौलनि। गेंद दूरका पोस्ट दिस सं गोलपोस्ट मे चलि गेल आ मेजबान टीम मोकाबला मे वापस आबि गेल।



किछुए देर बाद बैरी फेर गोल कएलनि। ओ एक बेर फेर दूरका पोस्ट लग जगह बनबैत लगभग एही तरहक पास कें गोल मे बदलि देलनि। हालांकि, हुनकर दोसर गोल पर फेर विवाद शुरू भए गेल। कोवेंट्रीक खेलाड़ी सवाल उठौलनि जे गोल करबाक प्रक्रिया मे एवर्टनक फॉरवर्ड हाथक इस्तेमाल केने छथि। वीएआर समीक्षा के बाद गोल कें मान्यता देल गेल, किएक तं अधिकारी सभ कें हाथ सं गेंद छूबय संबंधी उल्लंघन साबित करबाक कोनो स्पष्ट वीडियो प्रमाण नहि भेटल। एहि सं पहिने सेहो वीएआरक दू निर्णय कोवेंट्रीक नाराजगीक कारण बनल छल।

पहिल हाफ मे एवर्टनक कप्तान जेम्स टार्कोवस्की पेनल्टी एरिया मे कालेब यिरेन्कीक केश पकड़ैत देखल गेलाह। वीएआर अधिकारी टिम वुड समीक्षा कएलनि, मुदा पेनल्टी नहि देल गेल आ डिफेंडर पर कोनो कारबाइ नहि भेल।

दोसर हाफ शुरू भेलाक बाद कोवेंट्री कें पेनल्टीक एकटा आओर अवसर नहि भेटल। एवर्टनक डिफेंडर विटाली मिकोलेंकोक चुनौतीक बाद ताइयो अवोनियी मैदान पर खसि पड़लाह। वीएआर एहि घटनाक जांच कएलक आ संपर्क होयबाक पुष्टि कएलक, मुदा निर्णय देल गेल जे चुनौती पेनल्टी एरिया सं बाहर भेल छल। बराबरीक गोलक तलाश मे लागल कोवेंट्री कें एवर्टन आखिरकार ड्यूजबरी-हॉलक गोल सं निर्णायक झटका देलक। बैरी एकटा सटीक पास दैत मेहमान टीमक रक्षापंक्ति कें चीरि देलनि। एकर बाद मिडफील्डर कठिन कोण सं गोल कए स्कोर 3-1 कए देलनि।

सैयद मुश्ताक अली ट्रॉफी लेल कर्नाटक टीमक घोषणा, पाटिल, सिसोदिया आ पांडेयक वापसी

बल्लेबाज रोहन पाटिल, लुवनिथ सिसोदिया आ मनीष पांडेय सैयद मुश्ताक अली ट्रॉफी 2026/27क पहिल तीन मैच लेल कर्नाटक टीम मे वापसी केने छथि। कर्नाटक राज्य क्रिकेट संघ (केएससीए) शुक्रदिन टीमक घोषणा कएलक।

न्यूजीलैंड दौरा पर भारत ए रेड-बॉल टीमक संग रहबाक बाद स्मरण आर. टीमक कप्तानी करताह। अनुभवी खेलाड़ी मयंक अग्रवाल आ श्रेयस गोपाल टीम मे जगह नहि बना सकलाह। ई दुनू खेलाड़ी स्टैंड-इन कप्तानक रूप मे कर्नाटक कें रणजी ट्रॉफीक पिछला दुनू मैच मे जीत दिलौने छलाह।

पिछला सत्रक सैयद मुश्ताक अली ट्रॉफी मे दुनू खेलाड़ीक प्रदर्शन निराशाजनक रहल छल। मयंक सात मैच मे 135 रन बनौने छलाह, जखनकि श्रेयस मात्र 25 रन बनौलनि आ अपन लेग स्पिन गेंदबाजी सं पांच विकेट लेलनि। संभावित खेलाड़ीक सूची मे शामिल पांडेय दू वर्ष बाद सीनियर टीम मे वापसी कए रहल छथि।

पाटिल आ सिसोदिया 2022 मे टीम लेल आखिरी बेर टी-20 मैच खेललाक बाद एखन वापसी कए रहल छथि। ई टूर्नामेंट मानवंत कुमार एल. लेल पैघ अवसर



साबित भए सकैत अछि। रणजी ट्रॉफीक पहिल चरण मे हुनकर प्रदर्शन संतोषजनक रहल छल। ओ दू शतक लगेलनि आ तीन विकेट लेबाक उपलब्धि हासिल कएलनि।

छोट प्रारूप मे शानदार प्रदर्शन हुनका आईपीएल अनुबंधक दौड़ मे सेहो शामिल करा सकैत अछि। ओ 2025 सत्र मे दिल्ली कैपिटल्स टीमक हिस्सा रहि चुकल छथि।



आईएसएल 2026/27: इंजुरी टाइम मे वर्षणेयक निर्णायक गोल, बेंगलुरु एफसी 2-1 सं एफसी गोआ कें हरौलक

स्थानापन्न खेलाड़ी सोहम वर्षणेयक आखिरी क्षण मे निर्णायक गोल करैत पूर्व विजेता बेंगलुरु एफसी (बीएफसी) कें शुक्र पंडित जवाहरलाल नेहरू स्टेडियम, फातोर्डा, गोआ मे इंडियन सुपर लीग (आईएसएल) 2026/27 के रोमांचक मोकाबला मे एफसी गोआ पर 2-1 सं जीत दियौलनि।

बोरजा मार्टिनेज 12म मिनट मे मेहमान टीम कें बढ़त दियौलनि, जखनकि फ्रांचू पांच मिनट बाद मेजबान टीमक लेल बराबरीक गोल कएलनि। एकर बाद स्थानापन्न खेलाड़ी सोहम वर्षणेय इंजुरी टाइमक तेसर मिनट मे निर्णायक गोल कए ब्लूज कें पूरा तीन अंक दियौलनि।



एहि जीतक संग बेंगलुरु एफसी लीग तालिका मे तेसर स्थान पर पहुंचि गेल। ओकरा आगू नॉर्थईस्ट यूनाइटेड एफसी आ मोहन बागान सुपर जायंट अछि। बेंगलुरु एफसी एकटा मोकाबला कम खेललक अछि। ब्लूज मोकाबलाक शुरूआत नीक ढंग सं कएलक। टीम आक्रामक तेवर देखबैत शुरूआती अवसर कें गोल मे बदलि बढ़त बना लेलक। एफसी गोआ सेहो तुरंत जवाब दैत बराबरी कए लेलक। एकर बाद दुनू टीमक बीच कड़ा मोकाबला देखय लेल भेटल, जाहि मे आखिरी क्षणक गोल निर्णायक साबित भेल।

मेहमान टीम 12म मिनट मे बोरजा मार्टिनेजक गोल सं बढ़त बनौलक। रयान विलियम्स आ लालरेमतलुआंगा फनाईक संयुक्त आक्रमणक बाद गेंद मार्टिनेज लग पहुंचल। ओ अपन लेल जगह बनबैत पेनल्टी बॉक्सक बाहर सं बामा पैर सं शानदार शॉट लगौलनि। गेंद गोलपोस्ट मे पहुंचि गेल आ बेंगलुरु एफसी 1-0 सं आगू भए गेल। एफसी गोआ तेजी सं जवाब देलक आ मात्र पांच मिनट बाद बराबरी कए लेलक। मोहम्मद नेमिल फ्रांचू कें गेंद देलनि।

वर्ष 17, अंक 26 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड :** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053